

# MARYAJ AK RELASYON FAMILYAL

MANYÈL POU PATISIPAN



# MARYAJ AK RELASYON FAMILYAL

---

MANYÈL POU PATISIPAN

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo  
Salt Lake City, Utah

## **Kòmantè ak Sigjesyon**

Kòmantè ak sigjesyon nou yo konsènan gid etid sa ap byen apresye.

Tanpri soumèt yo bay:

Curriculum Planning

50 East North Temple Street, Floor 24

Salt Lake City, UT 84150-3200

USA

E-mel: [cur-development@ldschurch.org](mailto:cur-development@ldschurch.org)

Tanpri mete non ou, adrès ou, pawas ou, ak pye ou. Pa bliye bay tit manyèl la.

Après ofri kòmantè ak sigjesyon ou konsènan pwenfò ak zòn ki ka merite amelyorasyon nan manyèl la.

© 2000 pa Intellectual Reserve, Inc.

Tout Dwa Rezève

Enprine nan Etazini Damerik

Apwobasyon Anglè: 8/97

Apwobasyon Tradiksyon: 8/97

Tradiksyon Marriage and Family Relations: Participant's Study Guide

Haitian-Creole

# KONTNI

---

“Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la”	iv
Entwodiksyon	v
Rezime Klas Maryaj ak Relasyon Familyal la	vii

## **PATI A: FÒTIFYE MARYAJ YO**

1. “Fanmi an esansyèl nan plan Kreyatè a”	3
2. Devlope inite nan marayaj	7
3. Kiltive lanmou ak amitye nan maryaj	10
4. Repons pou pwoblèm yo nan maryaj	13
5. Repons pou pwoblèm yo atravè kominikasyon pozitif	15
6. Fòtifye marayaj yo atravè lafwa ak lapriyè	18
7. Pouvwa gerizon nan padon	22
8. Jesyon finans familyal yo	25

## **PART B: RESPONSABLITE PARAN YO POU FÒTIFYE FANMI YO**

9. “Timoun se yon eritaj Senyè a”	33
10. Wòl sakre papa yo ak manman yo (Pati 1: Wòl papa yo)	37
11. Wòl sakre papa yo ak manman yo (Pati 2: Wòl manman yo)	40
12. Anseye timoun yo atravè egzanp ak enstriksyon	45
13. Anseye timoun yo prensip levanjil yo (Pati 1)	50
14. Anseye timoun yo prensip levanjil yo (Pati 2)	54
15. Gide timoun yo lè y ap pran desizyon	60
16. Priyè Familyal, Etid ekriti anfanmi, ak Sware familyal	63

---

# FANMI AN

---

## YON PWOKLAMASYON POU MOND LAN

### PREMYE PREZIDANS LAN AK KONSÈY DOUZ APOT YO NAN LEGLIZ JEZIKRI POU SEN DÈNYE JOU YO

**N**OU MENM, PREMYE PREZIDANS LAN ak Konsèy Douz Apot yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwoklame solanèlman, maryaj ant yon gason ak yon fi se bagay Bondye òdone epi fanmi se pwèn santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit li yo.

**T**OUT KRETYEN VIVAN—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine divèn. Maskilen ak feminen se yon karakteristik esansyèl pou moun ki premòtèl, ki mòtèl, epi se yon idantite ak yon objektif etènèl.

**N**AN EGZISTANS PREMÒTÈL LA, pitit gason gason ak pitit fi lespri yo te konnen Bondye epi yo te adore l kòm Papa Etènèl yo epi yo te aksepte plan l lan kote pitit li yo te kabab vin gen yon kò fizik pou yo fè eksperyans terès epi pou yo pwogrese nan direksyon pèfeksyon epi pou yo vin rive alafen nan destine divèn yo kòm eritye lavi etènèl. Plan bonè divèn an pèmèt relasyon famiyal yo kontinye jis apre lanmò. Òdonans ak alyans sakre yo rann posib pou chak moun retounen nan prezans Bondye epi pou fanmi yo ini pou letènite.

**P**REMYE KÒMANDMAN Bondye te bay Adan ak Èv la te mansyone potansyèl yo kòm paran antanke mari ak madanm. Nou deklare kòmandman Bondye te bay pitit li yo pou yo multipliye epi pou yo ranpli latè a toujou valab. Nou deklare pi lwen ke Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.

**N**OU DEKLARE mwayen pou kreye lavi mòtèl sou latè a se yon bagay Bondye tabli. Nou deklare lavi a sakre epi li enpòtan nan plan etènèl Bondye a.

**M**ARI AK MADANM gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. “Pitit se eritaj Senyè a” (Sòm 127:3). Paran yo gen

yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite. Mari ak madanm—manman ak papa—pral gen responsablite devan Bondye pou akonplisman obligasyon sa yo.

**S**E BONDYE KI ÒDONE FANMI. Maryaj ant gason ak fi se yon bagay endispansab pou plan etènèl li a. Se dwa timoun pou yo pran nesans nan relasyon maryaj, epi pou yon papa ak yon manman ki onore alyans maryaj avèk fidelite total elve yo. Bonè nan lavi famiyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp. Dapre plan divèn an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi yo tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal. Enfimite, lanmò, oubyen lòt sikonstans kapab egziye adaptasyon endividyèl. Lòt kòd fanmi yo ta dwe bay sipò yo lè l nesesè.

**N**OU AVÈTI moun ki vyole alyans chastete, ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo, oubyen ki pa akonpli responsablite famiyal yo pral rann kont devan Bondye yon jou. Anplis, nou avèti, dezentegrasyon fanmi an ap pote kalamite pwofèt ansyen ak modèn yo te predi yo sou endividu yo, kominote yo, ak nasyon yo.

**N**OU MANDE sitwayen ak responsab gouvènman tout kote yo ye, pou yo sipòte lwa sa yo ki te tabli pou kenbe epi pou ranfòse fanmi kòm inite fondamantal sosyete a.

*Se Prezidan Gordon B. Hinckley ki te li pwoklamasyon sa a kòm yon pati nan mesaj li nan Reyinyon Jeneral Sosyete Sekou ki te fèt 23 septanm 1995, nan Salt Lake City, Utah.*

# ENTWODIKSYON

## Rezondèt Klas sa a

Klas maryaj ak relasyon famiyal la prepare pou ede manm legliz yo fòtifye maryaj yo ak fanmi yo epi jwenn lajwa nan relasyon famiyal yo. Li divize an de pati. Pati A, “Fòtifye maryaj yo,” patikilyèman itil pou ede koup marye yo ak manm k ap prepare pou marye. Pati B, “Responsablite paran yo pou fòtifye fanmi yo,” akonpaye paran yo ak gran paran yo nan efò yo pou “elve [timoun yo] nan nouri yo ak koriye yo dapre Senyè a” (Efezyen 6:4).

Klas sa a baze sou doktrin ak prensip ki anseye nan ekriti yo epi pa pwofèt ak apot dènye jou yo. Li mete anpil aksan sou “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la,” ki enkli nan paj iv nan gid etid sa a.

Pou yon rezime klas la, gade paj vii–viii. Ale nan rezime sa a souvan pou repase doktrin ak prensip ou te aprann yo epi pou prepare tèt ou pou leson k ap vini yo.

## Asiste nan Klas la selon pwòp bezwen ou yo

Ou genyen chwa pou asiste selon bezwen pèsonèl ou yo. Paegzanp, si ou marye men ou pa gen pitit, ou ka chwazi asiste yuit premye leson yo men pa yuit dènye yo. Si ou se yon sèl paran, ou ka deside asiste leson nan pati B yo sèlman.

## Patisipe nan Klas la

Nan chwazi pou patisipe nan klas sa a, ou te demontre yon dezi pou fòtifye fanmi ou. Pou resevwa tout benefis klas la, ou bezwen kontribye nan diskisyon klas la, itilize gid etid sa a, epi lite pou aplike doktrin ak prensip ou te aprann yo.

### *Patisipe nan Diskisyon Klas la*

Lè ou menm ak lòt patisipan yo patisipe nan diskisyon klas yo, n ap gen kapasite pou envite enlfyans Sentespri a epi pou anseye epi pou youn edifye lòt. Senyè a te di, “Lonmen yon enstriktè pami nou, epi pa kite tout moun pale ansanm; men, kite yon sèl moun pale alafwa pandan lòt yo ap koute sa l ap di, pou lè tout moun fin pale, tout moun kapab edifye akòz tout moun, pou chak moun kapab genyen yon privilèj egal.” (D&A 88:122).

Tout patisipan nan klas la kapab aprann yonn apati lòt, san konsiderasyon pou eksperyans yo nan maryaj oubyen nan elve timoun. Eksperyans ou nan sal klas la ap pote plis rekonpans lè ou pataje eksperyans ki gen relasyon avèk leson yo epi lè w koute avèk atansyon lè lòt moun fè menmjan. Lè ou temwaye sou verite k ap diskite yo, ou kapab fòtifye temwayaj ou ak temwayaj lòt moun. Men, ou dwe fè atansyon pou pa diskite eksperyans entim oubyen sakre pou diskisyon nan klas la. Ou dwe sonje tou ke tan klas la limite epi kite tan pou enstriktè a ak lòt patisipan yo.

### *Itilizasyon manyèl sa a*

Nan semèn apre chak leson, itilize manyèl sa a pou repase sa ou te aprann. Manyèl la gen “Lide Pou Aplikasyon,” ki se sigjesyon pou ede ou viv dapre doktrin ak prensip ou te aprann nan chak leson. Anplis, yonn oubyen de atik pa Otorite Jeneral legliz yo akonpaye chak leson. Si ou marye, ou kapab resevwa gwo avantaj nan li ak diskite atik yo avèk konjwen ou.

Kèk nan atik yo te toudabò bay kòm diskou nan konferans jeneral ak lòt okazyon, epi lòt yo te ekri pou revè legliz la. Paske yo te tire apati diferan bibliasyon, ti modifikasyon piti te nesesè pou fè plan an nan manyèl sa a konsistan. Paegzanp, kèk kòmantè entwodiksyon ki te nan diskou konferans jeneral yo pa figure, epi kèk tit ak sitasyon te chanje. Ansèyman yo pa chanje.

### *Aplike Doktrin ak Prensip ou Aprann yo*

Li pa ase pou senpleman aprann levanjil la. Pou levanjil la efikas nan lavi ou, ou dwe viv sa ou aprann yo. Prezidan Harold B. Lee, 11zyèm prezidan legliz la, te konseye:

“Tout prensip ak òdonans yo nan levanjil la nan yon sans se envitasyon pou aprann levanjil la nan pratike ansèyman li yo. Pèsonn pa ka konnen prensip dim nan toutotan li pa peye dim li. Okenn moun pa ka konnen prensip Pawòl Sajès la toutotan li pa respekte Pawòl Sajès la. Timoun yo, oubyen granmoun yo nan domèn sa a, pa pwogrese nan dim, Pawòl Sajès la, sannktifye Saba a, oubyen nan lapriye nan tandè yon moun pale konsènan prensip sa yo. Nou aprann levanjil la lè nou nan viv li. . . .

“. . . Nou pa janm reyèlman konnen anyen sou ansèyman yo nan levanjil la toutotan nou pa fè eksperyans benediksyon ki soti nan viv chak prensip” (*Stand Ye in Holy Places* [1974], 215).

### Resous anplis

Resous sa yo ki founi pa legliz la bay enfòmasyon anplis sou sijè ki diskite nan klas sa a. Yo disponib nan tout sant distribisyon legliz la. Ou ka chèche jwenn publikasyon sa yo epi itilize yo nan fwaye ou.

- *Liv Gid Familyal* (31180). Liv gid sa a dekri òganizasyon fanmi an, founi enfòmasyon konsènan levanjil la nan fwaye a, epi dekri pwosesis pou òdinasyon nan prèttriz la ak benediksyon yo.
- Atik konsènan maryaj ak fanmi nan revyi legliz la.
- *Manyèl pou Sware Familyal* (31106). Liv sa a ede paran yo ak timoun yo prepare leson pou sware familyal (paj 3–160, 173–232). Li gen ide pou fè sware familyal reyisi (paj 163–70) epi enkli sigjesyon pou anseye timoun yo prensip espesifik ak responsablite (paj 235–62). Li gen ide pou aktivite familyal tou (paj 265–340).
- *Anseye, Pa gen pi gwo apèl* (36123). Manyèl sa a gen prensip ak sigjesyon pratik pou ede manm legliz la amelyore kòm enstriktè levanjil la. Pati D, “Anseye nan Fwaye a” (paj 125–48), patikilyèman itil pou paran yo.

- Gid pou Ansyèyman (34595). Gid sa a founi sigjesyon pou amelyore ansèyman ak aprantisaj levanjil la.
- Pou fòs Jèn yo (34285). Ti bwochi sa a dekri prensip legliz la pou sòti ansanm, abiman ak prezantasyon, amitye, onètete, langaj, laprès, sante fizik ak mantal, mizik ak dans, pite seksyèl, atitud jou Dimanch, repantans, diyite, ak sèvis.
- *Yon gid pou paran* (31125). Ti liv sa a gen sigjesyon pou ede paran yo anseye piti yo konsènan entimite fizik yo.
- *Manyèl pou paran ak moun k ap okipe timoun andikape* (31123). Manyèl sa a bay konsèy pou fanmi ki gen timoun ki andikape yo. Li gen enfòmasyon tou sou materyèl legliz la prepare pou ede paran yo ak lòt moun anseye timoun ki andikape yo.
- *Fondasyon pou bonè nan yon fwaye* (33108). Ti bwochi sa a gen diskou Prezidan Gordon B. Hinckley te bay pandan li te sèvi kòm Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans la.
- *Vin yon mari ak yon papa ki jis* (35402). Bwochi sa a gen yon diskou Prezidan Howard W. Hunter, katòzyèm Prezidan la, te bay.
- “Gid pou Finans familyal,” (33293). Bwochi sa a ki pibliye pa Eldè Marvin J. Ashton nan Kowòm Douz Apot yo, bay sigjesyon pratik pou jesyon finans familyal yo.

# REZIME KLAS MARYAJ AK RELASYON FAMILYAL LA

## PATI A: FÒTIFYE MARYAJ YO

---

### 1. “FANMI AN ESANSYÈL NAN PLAN KREYATÈ A”

Pwofèt Sen Dènnye Jou yo pwoklame enpòtans etènèl maryaj ak fanmi an

Maryaj etènèl kapab pote lajwa ak gwo benediksyon nan lavi sa a epi atravè letènite

Klas maryaj ak relasyon famiyal yo prepare pou ede nou jwenn lajwa nan relasyon famiyal nou

Fwaye nou kapab tounen “yon pòsyon syèl la” lè nou bati “sou gwo wòch Redanmtè nou an”

### 2. DEVLOPE INITE NAN MARYAJ

Senyè a te kòmande mari ak madanm pou yo fè yonn

Mari ak madanm dwe youn bay lòt valè antanke asosye egal

Mari ak madanm ta dwe pèmèt karakteristik ak kapasite endividyèl yo youn konplete pa lòt

Mari ak madanm dwe lwayal youn anvè lòt

### 3. KILTIVE LANMOU AK AMITYE NAN MARYAJ

Mari ak madanm bezwen kiltive lanmou yo youn pou lòt

Demonstrasyon afeksyon ak jantiyès kenbe lanmou ak amitye vivan nan maryaj

Bonjan entimite se yon demonstrasyon lanmou

Koup marye yo ta dwe fè efò pou gen charite, bonjan lanmou Kris la

### 4. REPONS POU PWOBLÈM YO NAN MARYAJ

Tout koup marye pral rankontre defi

Mari ak madanm kapab travèse nenpòt difikilte si yo wè maryaj la kòm yon relasyon alyans

Lè difikilte yo parèt, nou kapab reponn avèk pasyans ak lanmou nan plas fristrasyon oubyen kòlè

### 5. REPONS POU DIFIKILTE YO ATRAVÈ KOMINIKASYON POZITIF

Tout koup marye ap gen kèk diferans nan opinyon

Mari ak madanm ta dwe chèche kalite louwab, yonn kay lòt

Kominikasyon pozitif ede prevni epi rezoud difikilte yo

### 6. FÒTIFYE MARYAJ YO ATRAVÈ LAFWA AK LAPRIYÈ

Mari ak madanm ta dwe travay ansanm pou ogmante lafwa yo nan Jezikri

Mari ak madanm beni lè yo priye ansanm

### 7. POUVWA GERIZON NAN PADON

Yon espri padon ant mari ak madanm ede pote lapè ak yon santiman konfyans ak sekirite

Mari ak madanm ta dwe chèche padon youn nan men lòt pou feblès yo epi fè efò sensè pou amelyore

Mari ak madanm dwe chèche pou youn padone lòt

### 8. JESYON FINANS FAMILYAL YO

Bonjan jesyon finansye esansyèl pou bonè nan maryaj

Mari ak madanm ta dwe travay ansanm pou suiv prensip debaz sou jesyon lajan



**9. “TIMOUN SE YON ERITAJ SENYÈ A ”**

Papa nou ki nan Syèl la konfyè espri li yo bay paran terès yo

Paran yo ta dwe chèche satisfè bezwen endividyèl chak timoun

Timoun yo gen dwa ak relasyon lanmou avèk paran yo

Maltrete timoun se yon ofans devan Bondye

Timoun yo pote lajwa nan lavi paran yo

**10. WÒL SAKRE PAPA YO AK MANMAN YO (PATI 1: WÒL PAPA YO)**

Papa ak manman yo ta dwe travay ansanm pou founi chak nan timoun pa yo yon boukliye lafwa

Papa yo dwe prezide nan lanmou ak jistis

Papa yo dwe founi fanmi yo sa ki nesèsè pou lavi a ak pwoteksyon

**11. WÒL SAKRE PAPA YO AK MANMAN YO (PATI 2: WÒL MANMAN YO)**

Manman yo patisipe nan travay Bondye a

Manman yo dabò responsab pou nourri pitit yo

Papa ak manman yo dwe yonn ede lòt antanke asosye egal

**12. ANSEYE TIMOUN YO ATRAVÈ EGZANP AK ENSTRIKSYON**

Paran responsab pou anseye pitit yo

Paran yo kapab resevwa enspirasyon nan anseye pitit yo

Paran yo anseye timoun yo atravè egzanp ak enstriksyon

**13. ANSEYE TIMOUN YO PRENSIP LEVANJIL YO (PATI 1)**

Ansèyman paran yo kapab ede timoun yo rete fèm nan lafwa

Paran yo gen pou anseye timoun yo premye prensip yo ak òdonans yo nan levanjil la

Paran yo ta dwe “anseye timoun yo priye, ak mache dwat devan Senyè a”

**14. ANSEYE TIMOUN YO PRENSIP LEVANJIL YO (PATI 2)**

Paran yo dwe montre lanmou pou pitit yo lè y ap anseye yo

Paran yo dwe anseye pitit yo konpasyon ak sèvis

Paran yo dwe anseye pitit yo onètete ak respè pou pwopriyete lòt moun

Paran yo dwe anseye pitit yo konsènan rekonpans pou travay onèt

Paran yo dwe anseye timoun yo pite moral

**15. GIDE TIMOUN YO LÈ Y AP PRAN DESIZYON**

Timoun yo bezwen gidans lè y ap pran desizyon

Paran yo kapab ede timoun yo egzèsè libabit yo nan jistis

Paran yo ta dwe pèmèt timoun yo aprann apati konsekans move desizyon yo

Paran yo dwe montre lanmou sanrete pou timoun ki detounen yo

**16. PRIYÈ FAMILYAL, ETID FAMILYAL EKRI, AK SWARE FAMILYAL**

Priyè famiyal ak etid ekri epi sware famiyal dwe tounen gwo priyorite pou chak fanmi Sen Dènje Jou

Fanmi yo resevwa gwo benediksyon lè yo priye ansanm

Etid famiyal ekri ede fanmi yo vin pi pre Bondye

Sware famiyal ede fanmi yo fòtifye tèt yo kont enfliyans mond lan

**PATI A:**  
**FÒTIFYE FANMI YO**





# “FANMI AN ESANSYÈL NAN PLAN KREYATÈ A”

# 1

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen w ak sitiasyon w, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Repase “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la” (paj iv). Deside kijan ou pral suiv konsèy pwofetik sa a pi byen.

- Chèche yon postè sou “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la” (35602 oubyen 35538) nan yon sant distribisyon. Ekspoze li pou moun wè klè nan fwaye ou.

## PWOJÈ LEKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li atik la epi diskite li avèk konjwen ou.

### POU LETAN AK LETÈNITE

Eldè Boyd K. Packer  
Nan Kowòm Douz Apot yo

### Gran plan bonè a

Chè frè ak sè, ekriti yo ak ansèyman apot yo ak pwofèt yo pale konsènan nou menm nan lavi pre-mòtèl la antanke pitit gason ak pitit fi, pitit espri Bondye.<sup>1</sup> Diferans sèks te egziste depi anvan, li pa t kòmanse lè nou fèt.<sup>2</sup>

Nan gran konsèy la nan syèl la,<sup>3</sup> Bondye te prezante plan li a:<sup>4</sup> plan Sali a,<sup>5</sup> plan redanmsyon an,<sup>6</sup> gran plan bonè a.<sup>7</sup> Plan an founi okazyon pou yon tès; tout moun dwe chwazi ant byen ak mal.<sup>8</sup> Plan sa a founi yon Redanmtè, yon Ekspyasyon, Rezireksyon an, epi, si nou obeyi, n ap retounen nan prezans Bondye.

Advèsè a te rebele epi adopte yon plan pou limenm.<sup>9</sup> Sila yo ki te suiv li yo pa jwenn dwa pou yon kò mòtèl.<sup>10</sup> Prezans nou la a konfime ke nou te aksepte plan Papa a.<sup>11</sup>

Sèl bi Lisifè se pou l opoze ak gran plan bonè a, pou kòwonp eksperyans lavi ki pi pwòp, pi bèl epi pi atiran yo: womans, lanmou, maryaj, ak vin paran.<sup>12</sup> Espri kè brize ak kilpablite<sup>13</sup> ka mele. Sèlman repantans kapab geri sa li blese.

### Plan Bondye a egzije maryaj ak fanmi

Plan bonè a egzije inyon kòrèk yon sèks maskilen ak yon feminen, gason ak fi, mari ak madanm.<sup>14</sup> Doktrin yo anseye nou fason pou nou reponn ak tandans natirèl ki twò souvan domine fason nou aji yo.

Yon kò ki fòmè dapre imaj Bondye te kreye pou Adan,<sup>15</sup> epi li te entwodui nan Jaden an.<sup>16</sup> Toudabò, Adan te poukont li. Li te gen prètriz la,<sup>17</sup> men, poukont li, li pa t kapab akonpli bi kreyasyon an.<sup>18</sup>

Pèsonn lòt gason pa t ap kapab. Adan pa t ap kapab pwogrese ni poukont li ni avèk yon lòt gason. Ni Èv pa t ap kapab pwogrese avèk yon lòt fi tou. Sete konsa l te ye lèsa a. Se konsa l ye jodia.

Yo te kreye Èv, yon asosye pou li. Yo te enstitye maryaj,<sup>19</sup> paske yo te bay Adan kòmandman pou l ret soude avèk *madanm* ni (non pa *yon fi* konsa konsa) epi “avèk pèsonn lòt.”<sup>20</sup>

Nou kapab di ke yon chwa te devan Ev.<sup>21</sup> Li te dwe resevwa louwanj pou desizyon li an. Epi lè sa a “Adan te santi ke lezòm dwe egziste.”<sup>22</sup>

Eldè Orson F. Whitney te dekri Chit la tankou li gen “de sans—anba, men toujou annavan. Li te menmen lòm nan mond la epi poze pye li sou gran wout pwogresyon an.”<sup>23</sup>

Bondye te beni Adan ak Èv “epi di yo” pote fwi, epi miltipliye.<sup>24</sup> Epi konsa fanmi te tabli.

### Bondye bay gason ak fi menm enpòtans

Pa gen anyen nan revelasyon yo ki sigjere ke nan je Bondye li ta gen yon preferans pou yon moun se gason pase li fi, oubyen ke li mete plis enpòtans sou pitit gason pase pitit fi yo.

Tout vèti ki site nan ekriti yo—lanmou, lajwa, lapè, bonte, charite—prezan lakay alafwa gason ak fi yo,<sup>25</sup> epi pi gran òdonans prètriz nan mòtalite a gason ak fi kapab resevwa li ansanm sèlman.<sup>26</sup>

Aprè chit la, lwa natirèl la te vin etann pou pran kontwòl sou nesans nan mòtalite a. Se sa prezidan

J. Reuben Clark Jr. te rele “move atitid” nan nati a,<sup>27</sup> ki lakòz yon pakèt pwoblèm, defisyans, ak defòmasyon. Menmsi yo sanble enjis dapre fason lòm rezon, antouka yo kadre avèk bi Senyè a pou teste limanite.

Swiv tout tandans ki diy, reponn ak tout demand ki jis, akonplisman tout asosyasyon enteresan ant lezòm, se bagay ki otorize epi ki apwouve pa doktrin levanjil Jezikri a epi ki pwoteje pa kòmandman ki revele nan doktrin levanjil Jezikri a epi pwoteje pa kòmandman ki te revele nan legliz li a.

### Wòl gason ak fi yo

Si Adan ak Èv pa t natirèlman diferan yonn ak lòt, yo pa t ap kapab multipliye epi ranpli tè a.<sup>28</sup> Diferans ki konplete yonn lòt la se kle esansyèl pou plan bonè a.

Gen kèk wòl ki plis kadre avèk nati maskilen an epi gen kèk lòt se pou nati feminen an. Ekriti yo ak chema lanati yo plase lòm kòm pwotektè, founisè.<sup>29</sup>

Responsablite sa yo nan prèttriz la ki gen rapò avèk administrasyon legliz la definitivman fonksyone andeyò fwaye a. Pa dekrè diven, yo te konfyè yo bay gason yo. Sa te toujou konsa depi nan kòmansman an, paske Senyè a te revele ke “lòd sa a nan prèttriz la te prepare pou l pase soti nan yon papa ale jwenn pitit gason. . . . Lòd sa a te enstitye nan epòk Adan.”<sup>30</sup>

Yon gason ki detni prèttriz la pa gen avantaj sou yon fi nan kalifye pou egzaltasyon. Fi a, dapre nati li, se asosye Bondye nan kreyasyon epi premye nourisye pou timoun yo. Vèti ak karakteristik ki pote baz pèfeksyon ak egzaltasyon vini natirèlman jwenn yon fi epi yo poli nan maryaj ak fè pitit.

Gason ki diy yo sèlman resevwa prèttriz la pou mache avèk plan bonè Papa a. Avèk lwa lanati yo epi pawòl Bondye revele yo k ap travay an amoni, sa tou senpleman fonksyone pi byen konsa.

Prèttriz la pote responsablite ekstraòdinè avèk li. “Okenn pouvwa oubyen enfliyans pa *kapab* ou byen pa ta dwe egzèsè nan vèti prèttriz la, sof pa pèsyasyon, pa longanimite, pa jantiyès ak dousè, epi lanmou sensè, pa bonte ak bonjan konesans.”<sup>31</sup>

Si yon nonm ta “egzèsè nenpòt kontwòl oubyen dominasyon oubyen kontrent . . . nan nenpòt degre enjistis,”<sup>32</sup> li vyole “sèman ak alyans ki nan prèttriz la.”<sup>33</sup> Lèsa “syèl yo ekate kò yo; lespri Senyè a atriste.”<sup>34</sup> Eksepte si l repanti, l ap pèdi benediksyon li yo.

Pandan diferan wòl gason ak fi yo tabli pou pwogrese rive nan gwo pwoklamasyon selès yo, pi bon demonstrasyon yo se nan eksperyans ki pi pratik, òdinè, sou tè a nan lavi famiyal.

Resaman mwen te tande yon oratè nan reyinyon sentsèn plenyen ke li pa t kapab konprann poukisa

pitit pitit li yo toujou pale sou ale nan kay *grann* ni, men jamè nan kay granpapa li. Mwen te rezoud gwo mistè a pou li: Gran papa pa prepare pate!

### Lwa natirèl ak espiritiyèl yo etènèl

Lwa natirèl ak espiritiyèl yo ki gouvènè lavi yo te enstitye depi anvan fondasyon mond la.<sup>35</sup> Yo etènèl, tankou konsekans pou obeyi yo oubyen dezobeyi yo. Yo pa baze sou konsiderasyon sosyal oubyen politik. Yo pa kapab chanje. Okenn presyon, okenn pwotesasyon, okenn lwa pa kapab modifiye yo.

Sa gen kèk ane mwen te sipèvize seminè pou Endyen yo. Lè m te vizite yon lekòl nan Albuquerque, dirèktè a te pale sou yon ensidan ki te rive nan klas premye ane.

Pandan yon leson, yon ti poul te rantre nan sal la epi distre timoun yo. Li te pase devan klas la pou tout moun te ka wè li.

Yon ti elèv te mande, “Eske ti poul la se yon tigasou oubyen yon tifi?”

Pwofesè a, ki pa t prepare pou diskisyon an, te di, “Pa gen diferans; se sèlman yon ti poul.”

Men timoun yo te ensiste, epi yon tigasou te di, “Mwen konnen kijan nou kapab di si ti poul la se tigasou oubyen tifi.”

Pwofesè a, ki te oblije reponn, te di, “dakò, ou mèt di nou kijan nou kapab di si se tigasou oubyen tifi.”

Tigasou an te reponn, “Nou kapab vote sou sa!”

Kèk bagay pa kapab chanje. Doktrin yo pa kapab chanje.

Prezidan Wilford Woodruff te di, “prensip ki te revele pou sali ak egzaltasyon pitit lezòm yo . . . se prensip nou pa kapab anile. *Se prensip ke okenn konbinizon gason [oubyen fi yo] pa kapab detwi. Yo se prensip ki pa kapab janm mouri.* . . . Yo ale pi lwen pase kapasite lòm pou jere oubyen detwi. . . . Menm si tout mond la ta mete ansanm yo pap gen pouvwa pou detwi prensip sa yo. . . . Pa yon yota oubyen pati nan prensip sa yo pa p janm detwi.”<sup>36</sup>

Pandan Dezyèm Lagè mondyal la, gason yo te jwenn apèl pou batay. Nan ijans la, madanm ak manman yo nan tout mond la te rantre nan travay pi plis pase jamè anvan. Efè ki pi demoralizan lagè a sete sou fanmi an. Sa pwolonje nan jenerasyon sa a.

### Multipliye epi ranpli tè a

Nan konferans jeneral Oktòb 1942, Premye Prezidans la te delivre yon mesaj pou “sen nan tout peyi ak klima,” kote yo te di, “Pa pouvwa otorite ki sou do nou kòm Premye Prezidans legliz la, nou avèti pèp nou an.”

Epi yo te di: Pami premye kòmandman yo te bay Adan ak Èv yo, Senyè a te di: 'Miltipliye epi ranpli tè a'. Li te repete kòmandman sa a nan epòk nou an. Li te revele nan dènnye dispansasyon sa a, prensip etènite nan alyans maryaj la. . . .

"Senyè a te di nou ke se devwa chak mari ak madanm pou obeye kòmandman Adan te jwenn nan pou miltipliye epi ranpli tè a, konsa pakèt espri chwazi yo k ap tann pou tabènak lachè yo ka vini isit la epi pwogrese nan gwo plan Bondye a pou vin nanm pafè, paske san tabènak lachè sa yo yo pa kapab pwogrese nan destine Bondye te planifye a. Konsa, chak gason ak fi ta dwe vin yon papa ak yon manman nan Izrayèl pou timoun ki fèt nan alyans sakre, etènèl la.

"Nan mennen espri chwazi sa yo sou tè a, chak papa ak manman pote devan tabènak espri a ak devan Senyè a Limenm nan pran avantaj nan opòtinite li ofri yo, yonn nan kalite obligasyon ki pi sakre, akòz desten espri sa a nan letènite k ap vini yo, benediksyon oubyen malediksyon k ap tann yo apre, selon, pou pi fò, swen, ansèyman yo, fòmasyon ke paran yo pral bay espri sa.

"Okenn paran pa kapab kouri devan obligasyon sa a ak responsablite sa a, epi pou akonplisman kòrèk apre a, Senyè a ap rann nou gwo responsab. Pa gen pi gwo devwa pase sa mòtèl yo kapab asime."

### **Matènite se yon apèl sakre**

Nan pale sou manman yo, Premye Prezidans la te di: "Konsa, matènite vin tounen yon apèl sakre, yon angajman sakre pou egzekite plan Senyè a, yon konsekrasyon nan angajman pou elve ak ankadre, nourri nan kò, nan sèvo, ak lespri, pou moun ki te konsève premye eta yo a epi ki te vini sou tè a pou dezyèm eta yo a 'pou wè si yo pral fè tout bagay Senyè a Bondye yo apral kòmande yo.' (Abraam 3:25) Se travay matènite a pou dirije yo nan kenbe dezyèm eta yo a, 'epi moun ki kenbe dezyèm eta yo a yo pral genyen plis lajwa ajoute sou tè yo pou tout tan gen tan' (op. sit.) [Abraam 3:26]

"Sèvis divèn matènite a kapab akonpli sèlman pa manman yo. Nou pa ta dwe pase l bay lòt moun. Enfimyè yo pa kapab fè li; gadri piblik yo kapab fè li; moun nou anplwaye pa kapab fè li—se sèlman manman an, ede otan li kapab pa papa, frè, ak sè eman, ki kapab bay tout dimansyon siveyans atantif la."

Premye Prezidans la te konseye ke "yon manman ki konfyè pitit yo pou lòt moun pran swen yo, pou li kapab fè lòt travay ki se pa travay manman, kit se pou lò, pou renome, oubyen pou sèvis sivik, ta dwe sonje ke 'yon timoun ki abandone a limenm se yon wont pou manman li.' (Pwovèb 29:15) Nan epòk nou an Senyè a te di ke si paran yo pa anseye pitit

yo doktrin yo nan legliz la 'peche a pral sou tè paran yo.' (D&A68:25)

"Matènite rive tou pre divinite. Se sèvis ki pi gran, pi sakre limanite ka asime. Sa mete fi ki onore apèl sa a ak sèvis sakre sa a tou pre zanj yo."<sup>37</sup>

Mesaj sa a ak avètisman sa a Premye Prezidans la bay la se yon nesosite pi plis jodia pase lè yo te bay li a. Epi okenn vwa nan kèlkeswa òganizasyon legliz la nan nenpòt nivo administrasyon an pa egal ak pa Premye Prezidans la.<sup>38</sup>

Nenpòt moun ki natirèlman oubyen akòz sikons-tans yo pa gen posiblite pou jwenn benediksyon maryaj ak vin paran, oubyen ki inosaman dwe aji pou kont li nan elve timoun yo epi travay pou sipòte yo, pap pèdi okenn benediksyon nan letènite yo—depi yo kenbe kòmandman yo.<sup>39</sup> Jan prezidan Lorenzo Snow te pwomèt, "Sa sèten epi ankourajan."<sup>40</sup>

### **Parabòl trezò a ak kle yo**

M ap fini avèk yon parabòl.

Te gen yon fwa, yon mesye te resevwa de kle kòm eritaj li. Yo te di li ke premye kle a t ap ouvè yon kavo ke li dwe pwoteje pa tout mwayen. Dezyèm kle a sete pou yon bwat anndan kavo a ki te gen trezò presye a. Li te gen pou louvri bwat sa a epi itilize bagay presye ki te ladann yo jan l te vle. Yo te avèti li ke anpil moun t ap chèche vòlè eritaj li a. Li te gen pwomès ke si li te itilize trezò a jan sa dwa, li t ap toujou replen epi li pa t ap janm diminye, menm nan letènite. Li t ap gen pou l pase tès. Men, si l te itilize l pou benefis lòt moun, benediksyon li ak lajwa li t ap ogmante.

Mesye a te ale nan kavo a. Premye kle a te ouvri pòt la. Li te eseye ouvri trezò a avèk lòt kle a, men li pa t kapab, paske te gen de lòk nan bwat la. Kle pa l la poukont li pa t ka ouvri li. Tout jan li te eseye, li pa t kapab ouvri l. Li te gen pwoblèm. Li te resevwa kle yo. Li te konnen trezò a nòmman sete pou li. Li te obeye enstriksyon yo, men li pa t kapab ouvri bwat la.

Epi te gen yon fi ki te rive nan kavo a. Li te gen yon kle tou. Kle pa l la te diferan avèk kle li te genyen an. Kle li a te bon pou lòt lòk la. Sa te rann li enb pou l te aprann ke li pa t kapab jwenn eritaj ki te pou li a san fi a.

Yo te fè yon alyans pou yo te ouvri trezò a ansanm epi, dapre enstriksyon l te resevwa yo, li menm li t ap veye epi pwoteje kavo a; epi fi a tap veye sou trezò a. Fi a pa t gen pwoblèm pou ke, antanke gadyen kavo a, mesye a te gen de kle, paske tout objektif mesye a sete pou veye ke li te ansekirite pandan fi a li menm t ap siveye sa ki te pi presye pou yo a. Ansanm yo te ouvri bwat la epi pataje eritaj la. Yo te rejwi, paske, jan yo te pwomèt yo a, li te re ranpli poukont li.

Avèk anpil lajwa yo te reyalize ke yo te ka pase trezò a bay pitit yo; chak te kapab resevwa yon kantite, san manke moso rive nan dènnye jenerasyon an.

Petèt ke nan posterite yo gen kèk ki pa t ap jwenn yon konpayon ki gen lòt kle apwopriye a, oubyen yonn ki diy ak deside pou kenbe alyans ki an rapò avèk trezò a. Men, si yo kenbe kòmandman yo, yo pap rate menm pi piti benediksyon an.

Paske te gen moun ki t ap tante pitit yo pou yo mal itilize trezò yo a, yo te pran tan yo pou te anseye pitit yo konsènan kle yo ak alyans yo.

Epi, yon tan te rive, nan pami posterite yo te gen kèk grenn ki te vin desi oubyen jalou oubyen egoyis poutèt yonn te resevwa de kle epi yon lòt sèlman yonn. Egoyis la te rezone konsa “Poukisa trezò a pa

kapab pou mwen menm sèlman pou m itilize jan mwen vle?”

Gen kèk ki te eseye refè kle yo te ba yo a pou l te sanble ak lòt kle a. Petèt yo te panse li t ap mache pou toude lòk yo. Epi konsa bwat la te ka vin pou yo. Kle yo te refèt yo te initil, epi yo te pèdi eritaj yo a.

Sa ki te resevwa trezò avèk rekonesans yo epi ki te obeyi lwa yo konsènan trezò a te konnen lajwa san limit atravè tout tan ak tout letènite.

Mwen rann temawayaj sou plan bonè Papa a, epi mwen rann temwayaj nan non Sila a ki te pwodui Ekspyasyon an pou li te ka reyalize a.

Nan yon diskou fèt pa Eldè Packer nan konferans jeneral Legliz la an Oktòb 1993 (gade Conference Report, Oktòb 1993, 27–31; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 21–24).

---

## NÒT

1. Gade Doktrin ak Alyans 76:24; gade tou Nonb 16:22; Ebre 12:9.
2. Gade Doktrin ak Alyans 132:63; First Presidency, *The Origin of Man* (Novanm 1909), nan James R. Clark, konpilasyon., *Messages of the First Presidency of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints*, 6 vols. (1965–75), 4:203; gade tou Spencer W. Kimball, “The Blessings and Responsibilities of Womanhood,” *Ensign*, MAs 1976, 71; Gordon B. Hinckley, nan Conference Report, Oktòb 1983, 115; oubyen *Ensign*, Novanm 1983, 83.
3. Gade *Enseignements du Prophète Joseph Smith*, seleksyon Joseph Fielding Smith (1976), 348–49, 357, 365.
4. Gade Abraam 3:24–27.
5. Gade Jawòm 1:2; Alma 24:14; 42:5; Moyiz 6:62.
6. Gade Jakòb 6:8; Alma 12:25–36; 17:16; 18:39; 22:13–14; 39:18; 42:11, 13.
7. Alma 42:8.
8. Gade Alma 42:2–5.
9. Gade 2 Nefi 9:28; Alma 12:4–5; Elaman 2:8; 3 Nefi 1:16; Doktrin ak Alyans 10:12, 23; Moyiz 4:3.
10. Gade *Teachings of the Prophet Joseph Smith*, 181, 297.
11. Gade *Teachings of the Prophet Joseph Smith*, 181.
12. Gade 2 Nefi 2:18; 28:20.
13. Gade Alma 39:5; Mowoni 9:9.
14. Gade Doktrin ak Alyans 130:2; 131:2; 1 Korentyen 11:11; Efezyen 5:31.
15. Gade Moyiz 6:8–9.
16. Gade Moyiz 3:8.
17. Gade Moyiz 6:67.
18. Gade Moyiz 3:18.
19. Gade Moyiz 3:23–24.
20. Doktrin ak Alyans 42:22.
21. Gade Moyiz 4:7–12.
22. 2 Nefi 2:25.
23. *Cowley and Whitney on Doctrine*, konpilasyon Forace Green (1963), 287.
24. Moyiz 2:28; gade tou Jenèz 1:28; 9:1.
25. gade Galat 5:22–23; Doktrin ak Alyans 4:5–6; Alma 7:23–24.
26. Gade Doktrin ak Alyans 131:2.
27. Gade “Our Wives and Our Mothers in the Eternal Plan” (diskou nan konferans jeneral Sosyete Sekou, 3 Oktòb 1946), nan *J. Reuben Clark: Selected Papers on Religion, Education, and Youth*, edite pa David H. Yarn Jr. (1984), 62.
28. Gade Jenèz 1:28, nòt 28c.
29. Gade Doktrin ak Alyans 75:28; 1 Timote 5:8.
30. Doktrin ak Alyans 107:40–41; gade tou Doktrin ak Alyans 84:14–16.
31. Doktrin ak Alyans 121:41–42; italik ajoute.
32. Doktrin ak Alyans 121:37.
33. Doktrin ak Alyans 84:39.
34. Doktrin ak Alyans 121:37.
35. Gade *Teachings of the Prophet Joseph Smith*, 308, 367.
36. *The Discourses of Wilford Woodruff*, seleksyon G. Homer Durham (1946), 25–26; italik ajoute.
37. Nan Conference Report, Oktòb 1942, 7, 11–12.
38. Gade Doktrin ak Alyans 107:8–9, 22, 91.
39. Gade Doktrin ak Alyans 137:7–9.
40. “Discourse by President Lorenzo Snow,” *Millennial Star*, 31 Out 1899, 547.

# DEVLOPE INITE NAN MARYAJ

# 2

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ak sitiasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Li pasaj ekriti sa a yo konsènan inite: 1 Korentyen 1:9–10; Filipyen 1:27; Mozya 18:21; Doktrin ak Alyans 38:27. Medite sou fason pasaj sa yo ka aplike nan relasyon ant mari ak madanm.
- Diskite avèk konjwen ou sou egzijans nou de a genyen sou tan nou, ladan, sosyal, pwofesyonèl, kominotè, ak angajman legliz la. Pran tan pou youn konprann bezwen lòt, epi asire n ke lòt angajman ou yo pa an konfli avèk lwayote nou yonn pou lòt.

## PWOJÈ LEKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa a avèk konjwen ou.

### POU NOU KA FÈ YONN

Eldè Henry B. Eyring  
Nan Kowòm Douz Apot yo

#### “Si nou pa yonn nou pa pou mwen “

Sovè mond la, Jezikri, te di pou sila yo ki t ap vin fè pati legliz li a: “M di nou, nou dwe fè youn; epi si nou pa fè youn nou pa pou mwen.” (D&A 38:27). Epi nan kreyasyon gason ak fi, inite nan maryaj yo se pa te kòm yon espwa pou yo; sete yon kòmandman! “Sepoutèt sa gason an pral kite papa li ak manmanm li, epi pral soude avèk madanm li: epi yo pral tounen yon sèl chè” (Jenèz 2:24). Papa nou ki nan syèl la vle kè nou mare ansanm. Inyon sa a nan lanmou pa sèlman yon ideyal. Se yon nesosite.

Egzijans pou nou rete ini an pa pou lavi sa a sèlman. Li pa gen lè pou l fini. Premye maryaj la te akonpli pa Bondye nan jaden Edèn nan lè Adan ak Ev te imòtèl. Li te mete nan gason ak fi yo depi nan kòmansman an yon dezi pou yo mache ansanm kòm mari ak madanm pou toutan pou abite nan fanmi yo nan yon inyon pafè, jis. Li te mete nan pitit li yo yon dezi pou yo viv anpè avèk tout moun alantou yo.

Men, avèk Chit la, sa te vin klè ke viv nan inite pa t ap fasil. Trajedi te frape byen bonè. Kayen te sasinen Abèl, frè li. Pitit Adan ak Ev yo te vin eks-poze anba tantasyon Satan. Avèk abilte, rayiman, ak riz, Satan te kontinye nan bi li. Se kontrè bi Papa nou ki nan syèl la ak Sovè a. Yo vle ba nou yon inyon pafè ak bonè etènèl. Satan, lenmi yo ak lenmi nou, te konnen Plan Sali a depi anvan Kreyasyon an. Li konnen ke se sèlman nan lavi etènèl asosyasyon

sakre, enteresan sa yo kapab kontinye. Satan anvi separe nou avèk moun nou renren yo epi rann nou tris. Epi se li ki plante jèm diskòd nan kè lòt nan espwa ke nou ka divize epi separe.

Nou tout konn santi sa sa vle di inyon ak separasyon. Pafwa nan fanmi epi petèt nan lòt sitiasyon nou gen yon apèsi lavi lè yon moun mete enterè yon lòt moun sou pwòp pa li, nan lanmou epi avèk sakrifis. Epi nou tout konn yon bagay sou tristès ak solitud ki gen nan separe epi rete poukont nou. Nou pa bezwen moun di nou kisa nou dwe chwazi. Nou konnen. Men bezwen espwa ke nou kapab fè eksperyans inite nan lavi sa a epi kalifye pou genyen l pou tout tan nan mond k ap vini an. Epi nou bezwen konnen kijan gwo benediksyon sa a ap vini pou nou kapab konnen kisa nou dwe fè.

#### Sovè a rann inite posib

Sovè mond la te pale sou inite ak sou kijan nati nou ap vin chanje pou rann li posib. Li te anseye li klèman nan priyè li te ofri nan dènye reyinyon avèk Apot li yo anvan l te mouri a. Bèl priyè enspire sa a ekri nan liv Jan an. Li te pral fè fas avèk gwo sakrifis pou nou tout la ki t ap rann lavi etènèl posib la. Li te pral kite Apot li yo ke li te òdone, ke li te renmen, epi ki te pral resevwa kle pou dirije legliz li a. Epi konsa li te priye Papa li, Pitit Gason pafè bay Paran Pafè a. Nou wè nan pawòl li yo fason fanmi yo ap vin yonn, menmjan avèk tout pitit Papa nou ki nan syèl la ki suiv Sovè a ak sèvitè l yo:

“Tankou ou te voye m nan mond la, menjan an tou mwen voye yo nan mond la.



“Epi pou byen yo mwen sanktifye tèt mwen, pou yo ka sanktifye tou atravè verite a.

“Se pa pou yo sèlman mwen priye, men pou moun ki pral kwè nan mwen atravè pawòl yo;

“Pou yo kapab vin fè yonn; tankou oumenm, Papa, ou nan mwen, epi mwen nan ou a, pou yo ka vin fè yonn nan nou: pou mond la ka kwè ou te voye m” (Jan 17:18–21).

Nan kèk pawòl sa yo li te rann klè kijan levanjil Jezikri a kapab pèmèt kè yo vin fè yonn. Sila yo ki ta kwè verite li te anseye yo t ap kapab aksepte òdonans ak alyans sèvitè otorize li yo ofri yo. Apresa, atravè obeyisans anvè òdonans ak alyans sa yo, nati yo ap chanje. Ekspyasyon Sovè a nan fason sa a rann posib pou nou vin sannktifye. Lè sa a nou kapab viv nan inite, jan nou dwe genyen pou nou ka gen lapè nan lavi sa a epi pou nou ka abite avèk Papa a ak pitit gason an nan letènite.

Travay apot yo ak pwofèt yo nan epòk sa a, menmjan li ye jodia, sete pou mennen pitit Adan ak Èv yo nan inite lafwa nan Jezikri. Objektif final sa yo te anseye yo, avèk sa nou anseye, se pou ini fanmi yo: mari, madanm, pitit, pititpitit, zansèt yo, epi finalman tout fanmi Adan ak Èv ki chwazi li.

### **Lespri a mennen nou nan inyon avèk lòt moun**

Nou sonje ke anpalan de Apot yo, Sovè a te priye, “Pou byen yo mwen sanktifye tèt mwen, pou yo ka sanktifye tou atravè verite a” (Jan 17:19). Sentespri a la pou sanktifye. Nou kapab genyen l kòm konpayon nou paske Senyè a te retabli Prètriz Melkisedèk la atravè pwofèt Joseph Smith. Kle nan Prètriz sa a sou tè a jodia. Pa pouvwa li nou kapab fè alyans ki pèmèt nou gen Sentespri a san rete.

Kote moun gen espri sa a avèk yo, nou ka atann amoni. Lespri a mete temwayaj verite a nan kè nou, sa ki inifye moun ki pataje temwayaj sa a. Lespri Bondye a pa janm pote chirepit (gade 3 Nefi 11:29). Li pa janm pote santiman diferans ki mennen konfwontasyon nan mitan moun (gade Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, 5yèm edisyon. [1939], 131). Li pote lapè pèsonèl ak yon santiman inite avèk lòt moun. Li ini moun. Yon fanmi ini, yon legliz ini ak yon mond anpè depann sou moun ki ini.

### **Kenbe pwomès nou fè yo nan priyè Sentsèn nan**

Menm yon timoun kapab konprann kisa pou fè l pou l gen Sentespri a kòm konpayon. Priyè Sentsèn nan di nou sa. Nou koute li chak semèn lè nou asiste reyinyon Sentsèn nou. Nan moman sakre sa yo nou renouvle alyans nou te fè nan batèm nan. Epi Senyè a raple nou pwomès nou te resevwa lè nou te konfime manm legliz la—pwomès ke nou ka resevwa Sentespri a. Men pawòl priyè Sentsèn yo: “Yo vle pote non Pitit Gason w lan sou yo pou yo

toujou sonje l, epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo” (D&A 20:77).

Nou kapab gen lespri li nan kenbe alyans sa a. Premyèman, nou pwomèt pou pran non li sou nou. Sa vle di nou bezwen wè tèt nou antanke pa Li. N ap mete li an premye nan lavi nou. N ap vle sa li vle olye sa nou vle oubyen sa mond la anseye nou pou nou vle. Toutotan nou renmen bagay mond la dabò, pap gen lapè nan nou. Avèk byennèt atravè byen materyèl yo kòm ideyal pou yon fanmi oubyen yon nasyon, alafen, pral divize yo (gade Harold B. Lee, *Stand Ye in Holy Places* [1974], 97). Ideyal pou nou youn fè pou lòt sa Senyè a ta renmen nou fè a, ki vini natirèlman lè nou pran non li sou nou an, kapab leve nou nan yon nivo esprityèl ki se yon pòsyon syèl la sou tè a.

Dezyèmman, nou pwomèt pou nou toujou sonje Li. Nou fè sa chak fwa nou priye nan non li. Sitou lè nou mande l padon, jan nou dwe fè souvan, nou sonje Li. Nan moman sa a nou sonje sakrifis li a ki fè repantans ak padon posib la. Lè nou sipliyè, nou sonje Li antanke Avoka nou devan Papa a. Lè santiman padon ak lapè vini, nou sonje pasyans li ak lanmou sanfen li. Souvni sa a ranpli kè nou avèk lanmou.

Nou kenbe pwomès nou pou sonje li lè nou priye ansanm epi li ekriti yo an fanmi. Nan priyè familyal lè nou chita ansanm sou tab, yon timoun ka priye pou yon lòt ka beni pou bagay yo ka pase byen jou sa a nan yon egzamen oubyen nan kèk lòt prezantasyon. Lè benediksyon yo vini, timoun ki beni an ap sonje lanmou jou maten an ak senserite Avoka a ki te ofri priyè a pou li a. Kè yo ap mare avèk lanmou.

Nou kenbe alyans nou pou sonje li chak fwa nou rasanble fanmi nou pou li ekriti yo. Yo temwaye sou Senyè Jezikri, paske sa se mesaj la epi sete toujou mesaj pwofèt yo. Menmsi timoun yo pa sonje pawòl yo, yo pap sonje vrè otè a, ki se Jezikri.

### **Obeyi tout kòmandman yo**

Twazyèmman, lè n ap pran Sentsèn nan, nou pwomèt pou nou kenbe kòmandman yo, tout nèt. Prezidan J. Reuben Clark Jr., an palan sou inite nan yon diskou konferans jeneral, jan li te konn fè sa pli-zyè fwa, te avèti nou kont deside chwazi kisa nou pral obeyi. Li te tabli l nan fason sa: “Senyè a pa banou anyen ki inital oubyen ki pa nesesè. Li ranpli ekriti yo avèk bagay nou dwe fè pou nou ka jwenn Sali.”

Prezidan Clark te kontinye: “Lè nou pran Sentsèn nou fè alyans pou nou obeyi epi kenbe kòmandman li yo. Pa gen okenn eksepsyon. Pa gen okenn distenksyon, ni diferans” (nan Conference Report, Avril 1955, 10–11). Prezidan Clark te anseye ke menmjan nou repanti pou tout peche yo, pa sèlman pou yon

greenn, nou angaje n pou kenbe tout kòmandman yo. Menm si sa parèt rèd, li pa konplike. Nou senpleman soumèt anba otorite Sovè a epi pwomèt pou nou obeyisan pou nenpòt sa li kòmande (gade Mozya 3:19). Se soumisyon nou devan otorite Jezikri ki ap pèmèt nou rete soude kòm fanmi, kòm legliz, epi kòm pitit Papa nou ki nan syèl la.

Senyè a transmèt otorite sa a bay enb sèvitè l yo atravè pwofèt li a. Lafwa sa a fè apèl nou antanke enstrisktè nan fwaye oubyen enstriktis nan fwaye vin tounen yon pèmisyon nan men Senyè a. Nou ale pou li, dapre kòmandman li. Yon mesye ak yon konpayon adolesan ale nan fwaye yo avèk espwa ke pouvw syèl yo ap ede yo asire ke fanmi yo ini epi ke pa gen okenn dite resipwòk, ni manti, ni kalomni, ni medizans. Lafwa sa a—ke Senyè a mande sèvitè yo—ap ede nou inyore limitasyon yo lè yo reprimande nou, jan ya pral fè. N apral wè bon entansyon yo pi klèman pase limitasyon imen yo. N ap vin mwens santi ofans men n ap vin plis santi gratitud pou Mèt la ki aple yo a.

### Charite esansyèl pou inite

Gen kèk kòmandman ki, si yo kraze, detwi inite. Gen kèk ki anrapò avèk sa nou di epi gen kèk ki anrapò avèk fason nou reyaji devan sa lòt moun di. Nou pa dwe pale mal sou okenn moun. Nou dwe wè sa ki bon youn kay lòt epi byen pale youn sou lòt toutotan nou kapab (gade David O. McKay, nan Conference Report, Oktòb 1967, 4–11).

An menm tan, nou dwe kanpe kont sila yo ki pale san respè pou bagay sakre yo, paske efè sèten ofans sa a se pou ofanse Lespri a epi konsa kreye chirepit ak konfizyon. Prezidan Spencer W. Kimball te montre fason pou kanpe san joure pandan li te kouche sou yon kabann lopital epi l te tande yon pasyan ki, nan yon moman fristrasyon, te pran non Senyè a anven: “Tanpri! Tanpri! Sa se non Seyè mwen an w ap ensilte.” Te gen yon silans simityè, apre sa yon vwa tou piti te mimire: “Ekskize m” (*The Teachings of Spencer W. Kimball*, edite pa Edward L. Kimball [1982], 198). Yon reprimand enspire, dous kapab tounen yon envitasyon pou inite. Si nou pa reyisi bay li lè nou pouse pa Sentespri l ap mennen nan diskòd.

Si nou dwe gen inite, gen kèk kòmandman nou dwe kenbe konsènan santiman nou. Nou dwe padone epi pa montre okenn malveyans pou sila yo ki ofanse nou yo. Sovè a te bay egzanp la sou kwa a: “Papa, padone yo; paske yo pa konnen sa y ap fè” (Lik 23:34). Nou pa konn kè sila yo ki ofanse nou yo. Ni tou nou pa konn tout sous raj ak kòlè pa nou. Apot Pòl t ap pale nou kijan pou renmen nan yon mond moun enpafè, ladan yo noumenm, lè li te di, “Charite pasyan, epi li janti; charite pa gen anvji;

charite pa vante tèt li, pa anfle tèt li, pa fè anyen malonèt, pa chèche pou limenm, pa irite fasil, pa panse mal” (1 Korentyen 13:4–5). Epi apre sa li te bay yon avètisman solanèl kont reyaji pou erè lòt moun epi bliye pa nou yo lè li te ekri, “Konsa tou, sa nou wè koulye a, se tankou yon pòtre n ap gade yon jan twoub nan yon glas. Men, pita nou pral wè fasa-fas. Koulye a nou pa fin konn tout bagay. Men, pita, na konnen nèt ale menmjan Bondye konnen nou an” (1 Korentyen 13:12).

### Rete pwòp epi fè atansyon ak ògèy

Priyè Sentsèn nan kapab raple nou chak semèn sou don inite a ki ap vini atravè obeyisans pou lwa ak òdonans yo nan levanjil Jezikri a. Lè nou kenbe alyans nou pou pran non li sou nou, pou toujou sonje li, epi pou kenbe tout kòmandman li yo, nou ap resevwa espri li kòm konpayon nou. Sa ap adousi kè nou epi ini nou. Men gen de avètisman ki dwe vini avèk pwomès sa a.

Dabò, Sentespri a rete avèk nou sèlman si nou rete pwòp epi libere nou anba lanmou pou bagay mond la. Yon chwa pou pa rete pwòp ap pouse Sentespri a. Lespri a abite sèlman avèk moun ki chwazi Senyè a nan plas mond la. “Rete pwòp” (3 Nefi 20:41; D&A 38:42) epi renmen Bondye avèk tout “kè nou, . . . pouvwa, panse, ak fòs nou” (D&A 59:5) se pa sigjesyon men se kòmandman. Epi yo nesesè pou Lespri a rete konpayon nou, sa ki nesesè pou nou kapab rete youn.

Lòt avètisman an se fè atansyon ak ògèy. Yon inite ki vini nan yon fanmi oubyen yon moun ki kalme pa Lespri a ap pote gwo pouvwa. Pouvwa sa a ap mache avèk apresyasyon mond la. Kit apresyasyon sa a pote louwanj oubyen lanvi, li ka mennen nou nan ògèy. Sa t ap ofanse Lespri a. Gen yon pwoteksyon kont ògèy, ki se sous dezinyon. Se wè byenfè Bondye lage sou nou yo non sèlman kòm yon siy bonte li men yon opòtinite pou ini avèk lòt moun alantou nou nan pi gwo sèvis tou. Yon gason ak madanm ni aprann pou yo fè youn lè yo itilize pwen komen yo pou youn konprann lòt epi diferans yo pou youn konplete lòt nan youn sèvi lòt epi sèvi moun ki bò kote yo. Nan menm fason an, nou kapab ini avèk sila yo ki pa aksepte doktrin nou an men ki pataje dezi nou pou beni pitit Papa nou ki nan syèl la yo.

Nou kapab tounen atizan lapè, diy yo aple nou beni epi pitit Bondye (gade Matye 5:9).

Bondye Papa nou an vivan. Pitit Gason Byenneme li a, Jezikri, se tèt legliz la, epi li ofri tout moun ki aksepte li etanda lapè a.

Apati yon diskou Eldè Eyring nan konferans jeneral legliz la an Avril 1998 (gade Conference Report, Avril 1998, 85–89; oubyen *Ensign*, Me 1998, 66–68).

# KILTIVE LANMOU AK AMITYE NAN MARYAJ

# 3

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ak sitiasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Etidye Mowoni 7:45–48. Fè yon lis karakteristik charite ki mansyone nan pasaj sa a. Pran angajman pou amelyore karakteristik sa yo nan lavi ou. Anvizaje fason karakteristik sa yo kapab ede mari ak madanm yo kiltive lanmou ak amitye yo.
- Avèk konjwen ou, fè yon plan pou pase tan ansanm chak semèn. Li ka nesèsè pou planifye moman sa yo nan ekri rapèl yo nan yon kalan-driye oubyen yon kanè nòt.

## PWOJÈ LEKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### INITE NAN MARYAJ

Prezidan Spencer W. Kimball  
12zyèm Prezidan legliz la

Maryaj onorab, ki gen lajwa, epi ki reyisi se asireman objektif prensipal tout moun nòminal. Maryaj se petèt desizyon pi enpòtan nan tout desizyon nèt epi li gen konsekans ki ale pi lwen, paske li gen pou wè non sèlman avèk bonè imedyat, men tou avèk lajwa etènèl. Li afekte non-sèlman de moun ki enplike yo, men fanmi yo tou epi patikilyèman pitit yo ak pitit-pitit yo desann rive nan anpil jenerasyon.

Nan seleksyone yon konpayon pou lavi ak letè-nite, sètèman planifikasyon ak panse ak priyè ak jèn ki pi atantif la dwe fèt pou asire ke nan mitan tout desizyon, sa a pa dwe pa bon. Nan vrè maryaj dwe gen yon inite nan panse osibyèn nan kè. Emosyon pa dwe totalman detèmine desizyon yo, men lespri a ak kè a, fòtifye pa jèn ak lapriyè ak bonjan konsiderasyon, ap bay yon moun maksimòm chans pou bonè nan maryaj la. Li pote avèk li sakrifis, pataj, ak yon egzijans pou bliye tèt.

Anpil nan pwogram televizyon yo ak istwa imajinè yo fini avèk maryaj: “Yo te viv nan bonè pou toutan apre.” Nou vin reyalize ke senp akonplisman yon seremoni pa pote bonè ak maryaj reyisi. Bonè pa soti nan peze sou yon bouton, tankou pou limyè elektrik; bonè se yon eta despri epi li soti andedan. Nou dwe merite li. Lajan pa kapab achte li; li pa kapab soti apati anyen nonplis.

Kèk moun panse ke bonè se yon lavi sansasyonèl alèz, ak liks, ak plezi san rete; men vrè maryaj la baze sou yon bonè ki plis pase sa, yonn ki soti nan bay, sèvis, pataj, sakrifis, ak absans egoyis.

De moun ki soti nan milye diferan aprann byen bonè apre seremoni an fin akonpli ke yo dwe fè fas avèk yon reyalite serye. Pa gen okenn lavi fantezi ankò ni fè wè; nou dwe soti nan lalin epi mete pye nou sou tè fèm. Nou dwe asime responsablite epi aksepte devwa tounèf. Nou dwe abandone kèk nan libète pèsone nou, epi fè anpil ajisteman, ajisteman san egoyis.

Yonn vin reyalize byen bonè apre maryaj la ke konjwen an gen pwèn fèb ki pa t evidan oubyen vizib anvan sa. Kalite kite parèt gran tout tan pandan fiyansay yo kounyeya sanble yo pa grandi ase, epi pwèn fèb yo ki te sanble tou piti epi ensiyifan pandan fiyansay yo vin parèt kounyeya gwo depase limit. Moman an rive pou konprann ak kè nou, pou evalye tèt nou, epi pou bon sans, rezone, epi planifye. Abitid ane pase yo kounyeya montre tèt yo; konjwen an ka vin peng oubyen gaspiyè, parese oubyen renmen travay, relijye oubyen pa relijye; li ka montre jantiyès ak kooperasyon oubyen awogans ak iritasyon, egzijan oubyen donan, mativi oubyen rezève. Pwoblèm fanmi konjwen an vin pi pre anba je nou, epi rapò konjen an avèk yo parèt pi gwo ankò.

Souvan pa gen volonte pou chita epi asime gwo responsablite ki parèt imedyatman yo. Ekonomi retisan pou ranplase lavi opilans, epi jèn yo sanble vin twò prese pou “mennen gran vi.” Souvan pa gen volonte pou fè ajisteman finasye nesèsè yo. Jèn madanm yo souvan egzije ke liks yo t ap jwi nan fwaye reyisi paran yo a anvan sa a kontinye nan pwòp fwaye pa yo. Kèk nan yo prèske dispoze pou ede kenbe lavi opilans sa a nan kontinye travay apre maryaj la. An konsekans yo kite fwaye a, kote devwa yo ap tann yo a, pou yo kouri dèyè objektif pwofesyonèl oubyen komèsyal, epi konsa etabli yon ekonomi ki vin estab yon fason ki fè li vin

difisil anpil pou panse avèk yon lavi familyal nòmal. Atravè travay toulede konjwen yo, konpetisyon rantr nan fanmi an nan plas koperasyon. De travayè fatige retounen lakay yo avèk nè yo sou tansyon, ògèy pèsònèl, epi lè sa a malkonprann leve. Ti difikilte pouse vin tounen gwo montay.

Pandan ke maryaj difisil, epi maryaj san amoni epi fristran se bagay kouran, bonè reyèl dirab toujou posib, epi maryaj ka tounen pi gwo satisfaksyon ke sèvo lòm kapab imajine. Sa alapòte chak koup, chak moun. “Konpayon ideyal” se yon rèv ak yon ilizyon; epi pandan ke chak jèn gason ak jèn fi ap chèche avèk tout dilijans epi nan lapriyè pou yo jwenn yon konpayon lavi kapab pi konpatib epi pi bèl avèk li, li toujou sèten ke preske tout bon gason ak tout bon fi kapab gen bonè ak yon maryaj reyisi si toulede dispoze pou peye pri a.

Pa gen okenn fòmil san fay ki pral garanti yon maryaj bonè epi etènèl pou chak koup; men, tankou tout fòmil, engredyan prensipal yo pa dwe pa la, ni redui, ni limite. Seleksyon anvan koutize epi apres kontinye koutize apre pwosesis maryaj la gen menm enpòtans la, men pa pi enpòtan pase maryaj la limenm, ki pral gen siksè l chita sou de moun—pa sou yonn, men sou de.

Nan yon maryaj ki kòmans epi baze sou prensip rezonab jan sa deja mansyone, pa gen okenn konbinzon pouvwa ki kapab detwi li sof pouvwa andedan oubyen yonn oubyen toulede konjwen yo yomenm; epi yo dwe asime responsablite yo an jeneral. Lòt moun ak enstitisyon ka pote bon oubyen move enfluyans. Sitiyasyon finansye, sosyal, politik, ak lòt ka sanble gen yon enfluyans; men maryaj depann dabò epi toujou sou de konjwen yo ki kapab toujou rann maryaj yo reyisi epi enteresan si yo detèmine, san egoyis, epi jis.

Fòmil la senp; engredyan yo pa anpil, malgre gen anpil anplifikasyon pou yo chak.

Premyèman, dwe gen demach kòrèk la pou apwoche maryaj la, ki mande seleksyon yon konjwen ki rive osi pre posib ak nivo pèfeksyon nan tout domèn ki gen enpòtans pou yo chak. Epi apres de pati sa yo dwe vin devan otèl la nan tanp la avèk konviksyon ke yo dwe travay di pou rive nan lavi ansanm reyisi sa a.

Dezyèmman, dwe gen yon gwo espri pataj, bliye tèt nou epi dirije tout lavi familyal la ak tout sa ki an rapò pou byen fanmi an, pandan n ap simonte dezi egoyis yo.

Twazyèmman, nou dwe kontinye koutize ak eksprime afeksyon, jantiyès, ak apresyasyon pou lanmou an kontinye viv epi grandi.

Katriyèmman, nou dwe viv kòmandman Senyè yo nèt jan yo defini nan levanjil Jezikri a.

Avèk engredyan sa yo kòrèkteman melanje epi k ap fonksyone byen san rete, li prèske enposib pou tristès vini, pou malkonprann kontinye, oubyen separasyon rive. Avoka divòs yo t ap bezwen transfere nan lòt domèn epi jijman divòs yo pa t ap egziste.

De moun ki vin devan otèl maryaj la dwe reyalize ke pou atenn bonè nan maryaj yo espere a yo dwe konnen ke maryaj se pa yon kouvèti legal, men li mande sakrifis, pataj, epi men diminisyon nan kèk libète pèsònèl. Li vle di fè ekonomi rèd, anpil tan. Li vle di timoun ki pote avèk yo gwo fado ekonomik, gwo fado sèvis, fado pou swen ak sousi; men li vle di emosyon pi pwofon epi pi dous pase tout bagay tou.

Anvan maryaj, chak moun prèske lib pou ale epi vini jan li vle, pou òganize epi planifye lavi li jan sa sanble pi bon, pou pran tout desizyon yo nèt santrè sou tèt pa li. Anmoure yo ta dwe reyalize anvan yo fè ve yo ke chak dwe aksepte literalman ak konplètman ke byennèt ti fanmi tounèf la dwe toujou pi enpòtan pase byennèt nenpòt konjwen. Chak pati yo dwe elimine “Mwen” ak “pa m” epi ranplase yo ak “nou” epi “pa nou.” Chak desizyon dwe pran an konsiderasyon ke gen de oubyen plis moun ki afekte pa li. Lè li devan gwo desizyon yo kounyeya, madanm nan pral panse ak konsekans yo pral genyen sou paran yo, timoun yo, fwaye a, ak lavi espirituel yo. Chwa travay mari a, lavi sosyal li, zanmi li, chak enterè li dwe kounyeya konsidere nan limyè ke li se sèlman yon pati nan yon fanmi, ke totalite gwoup la dwe konsidere.

Yon maryaj ka pa toujou trankil ni san ensidan, men li kapab gen anpil lapè. Yon koup kapab gen povrete, maladi, fristrasyon, echèk, menm lanmò nan yon fanmi, men menm sa pa p retire lapè yo. Maryaj kapab yon reyisit toutotan egoyis pa antre ladan. Difikilte ak pwoblèm yo ap rapwoche paran yo ansanm nan inyon solid si pa gen egoyis ladan ditou. Padan ane depresyon 1930 yo te gen yon diminisyon byen klè nan divòs. Povrete, echèk, ak fristrasyon—soude paran yo ansanm. Advèsite kapab simante relasyon ke pwosperite ka detwi.

Maryaj ki baze sou egoyis prèske sèten pou echwe. Moun ki marye pou richès oubyen ki marye pou prèstij oubyen ran sosyal ap sètènman pran desepsyon. Moun ki marye pou satisfè vanite ak ògèy oubyen ki marye pou vanje oubyen pou fè yon lòt moun wè ap twonpe pwòp tèt pali sèlman. Men moun ki marye pou bay bonè menmjan pou l resevwa tou, pou rann sèvis menmjan pou l resevwa tou, epi ki chèche enterè yo de a epi apres pa fanmi an tout tan ap gen yon bon chans pou maryaj li gen lajwa.

Lanmou se tankou yon flè, epi, tankou kò a, li bezwen nouriti san rete. Kò mòtèl la t ap deperi byen vit epi mouri si pa t gen nouriti tout tan. Jèn tiflè a t ap seche epi mouri san manje ak dlo. Epi

konsa lanmou tou pa kapab dire pou tout tan sof si li kontinye nourri san rete avèk moso lanmou, manifestasyon estim ak admirasyon, ekspresyon rekonesans, ak konsiderasyon san egoyis.

Espri pataj total asireman se yon lòt faktè nan yon maryaj reyisi. Si yon moun toujou ap chèche enterè, konfò, ak bonè lòt la, lanmou ki te nan fiansay la epi ki simante nan maryaj la ap grandi depase mezi. Anpil koup kite maryaj yo vyeyi epi lanmou yo refwadi tankou yon pen kanni, oubyen plezantri ki pase mòd oubyen yon sòs rabi. Sètènman nouriti ki pi enpòtan pou lanmou se konsiderasyon, jantiyès, atansyon, sousi, ekspresyon afeksyon, akolad apre-syasyon, admirasyon, fyète, amitye, konfyans, lafwa, koperasyon, egalite, ak entèdepandans.

Pou gen bonè reyèl nan maryaj, yon moun dwe kontinye obsève kòmandman Senyè yo fidèlman. Pèsonn moun, marye oubyen selibatè, pa t janm gen bonè san fen amwenske li te jis. Gen satisfaksyon tanporè ak sitiyaasyon kamouflaj pou moman an, men bonè total, pèmanan an ka vini sèlman atravè pwòpte ak diyite. Yon moun ki gen yon modèl lavi relijye avèk konviksyon relijye pwofon pap janm ka kontan nan yon lavi inaktif. Konsyans la ap kontinye aflije, sof si li inyore li, nan ka sa a maryaj la deja an danje. Yon konsyans twouble ka rann lavi pi ensipòtab. Inaktivite ka detwi maryaj, espesyalman lè pati yo inaktif nan degre varye.

Diferans relijye yo ka pi fristran epi pami sa ki pi ensòlvab nan tout diferans yo.

Maryaj òdone pa Bondye. Se pa senpleman yon koutim sosyal. San maryaj apwopriye ak reyisi, yon moun pap janm egzalte. Li pawòl Senyè ou yo, ki di li jis epi apwopriye pou moun marye.

Avèk verite sa a, yon Sen Dènye Jou entèlijan epi atantif ap planifye lavi li avèk swen pou asire ke pa gen okenn obstak ki poze sou wout li. Lè yon moun fè yon erè grav, yon moun ka poze sou wout li obstak ki ka pa janm leve epi ki ka bloke wout lavi etènèl la ak divinite a—dènye destinasyon nou. Si de moun renmen Seyè a plis pase pwòp lavi yo epi apresya renmen yonn lòt plis pase pwòp lavi yo, travay ansanm nan amoni total avèk pwogram levanjil la kòm eleman debaz yo, yo gen sètetid yo pral genyen anpil bonè. Lè yon mari ak madanm ale ansanm souvan nan tanp sakre a, ajenou nan priyè nan fwaye yo

avèk fanmi yo, ale men nan men nan reyinyon relijye yo, kenbe lavi yo konplètman chas—mantalman ak fizikman—yon fason pou tout panse yo ak dezi yo ak lanmou yo santre sou yon moun, konpayon yo, epi toulede travay ansanm pou bati wayòm Bondye a, lèsa bonè a rive nan somè li.

Kèkfwa nan maryaj gen lòt atachman, malgre ke Seyè a te di: “Ou pral renmen madanm ou avèk tout kè ou, epi soude ak li epi pèsonn lòt” (D&A 42:22).

Sa jis vle di konplèman ke “ou pral renmen mari ou avèk tout kè ou epi ou pral soude ak li epi pèsonn lòt.” Trè souvan, moun kontinye soude ak manman yo epi papa yo ak zanmi yo. Kèkfwa manman yo pa p lage kontwòl yo genyen sou pitit yo, epi mari yo tankou madanm yo tounen kote manman ak papa yopou jwenn avi ak konsèy epi pou revele, malgre yo ta dwe soude ak madanm yo nan tout bagay, epi tout entimite ta dwe rete sekre ak prive lwen lòt moun.

Koup yo byen fè lè yo chèche pwòp fwaye yo, separe epi ale lwen paran konjwen yo toude kote yo. Fwaye a ka trè modès ak san pretansyon, men li rete yon rezidans endepandan. Lavi maryaj ou ta dwe rete endepandan ak tout lòt moun. Ou renmen yo pliske jamè; ou cheri konsèy yo; ou apresye asosyasyon yo; men nou viv pwòp lavi nou, gouvène pa desizyon nou, pa pwòp konsiderasyon nou nan lapriyè apre nou fin pran konsèy nan men moun ki ta dwe ba nou. Soude pa vle di senpleman okipe menm kay la; sa vle di kole ansanm, tache ansanm:

“Se poutèt sa, li legal pou lòm gen yon madanm, epi yo de a dwe tounen yon sèl kòm eou tiyt sa dwe fèt pou tè a kapab reyalize objektif kreyasyon li;

“Epi pou l kapab ranpli valè moun, dapre jan l te kreye anvan mond lan te fèt” (D&C 49:16–17).

Frè ak sè yo, pèmèt mwen di sa se pawòl Seyè a. Li vrèman, trè serye, epi pa gen pèsonn ki ta dwe fè kontestasyon avèk Seyè a. Li te fè tè a; li te fè moun yo. Li konnen sitiyaasyon yo. Li tabli pwogram, epi nou pa entèlijan oubyen fò ase pou gen kapasite konteste bagay enpòtan sa yo. Li konnen sa ki jis ak vrè.

Nou mande ou pou reflechi sou bagay sa yo. Asire ou ke maryaj ou jis. Asire ou ke lavi ou jis. Asire ke pati pa ou nan maryaj la ap mache kòrektman.

Apati *Ensign* Mas 1977, paj 3–5.

# REPONS POU PWOBLÈM YO NAN MARYAJ

# 4

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen plis nan sigjesyon sa yo.

- Nan tach yo bay pou lekti a ki pi ba a, Eldè Lynn G. Robbins dekri yon “resèt pou katastwòf.” Li deskripsyon la nan paj sa a. Apresa devlope yon resèt pou amoni nan fwaye a. Detèmine ki “engredyan” ou pral enkli nan yon resèt konsa.
- Pran angajman pou fè fas ak pwoblèm yo avèk pasyans ak lanmou nan plas kòlè. Deside yon bagay ou kapab fè ki pral tanzantan raple ou angajman sa a. Paegzanp, ou t aka mete yon pyès monnen oubyen yon lòt atik piti nan soulye ou oubyen kenbe yon nòt nan pòch ou.
- Si *Liv Resous pou Sware Familyal* la (31106) disponib, li “Rezoud konfli yo nan Maryaj,” paj 240–41. Si ou marye, li epi diskite materyèl sa avèk konjwen ou.

## PWOJÈ LEKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### LIBABIT AK KÒLÈ

Eldè Lynn G. Robbins  
Nan Swasandis yo

### Satan souve kòlè nan fanmi yo

“Mwen genyen yon fanmi sou tè a. *Yo renmen m anpil.*” Sa se espwa chak timoun, ki eksprime nan pawòl yonn nan kantik nou yo (“Families Can Be Together Forever,” *Hymns*, nimewo 300; italik ajoute).

Nou aprann nan pwoklamasyon sou fanmi an ke “fanmi an esansyèl nan plan Kreyatè a” epi ke “mari ak madanm genyen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt” epi yon “devwa sakre pou elve pitit yo nan lanmou ak jistis” (“The Family: A Proclamation to the World,” *Ensign*, Novanm 1995, 102).

Fanmi an se premye objektif satan vize. L ap fè lagè kont fanmi an. Yonn nan metòd li yo se yon fason sibtil ak malen li genyen pou fasilman rete dèyè liy batay la epi rantre nan fwaye nou ak lavi nou.

Li domaje epi souvan detwi fanmi yo andedan pwòp fwaye yo. Estrateji li se pou souve *kòlè* ant manm yon fanmi. Satan se “papa chirepit, epi li souve kè lèzòm nan kòlè youn kont lòt” (3 Nefi 11:29; italik ajoute). Vèb *solve* a sonnen tankou yon resèt pou katastwòf: Mete tanperaman yo sou yon ti dife, melanje kèk pawòl byen chwazi, epi fè yo bouyi; kontinye melanje l jistan li vin epè; refwadi li; kite santiman yo glase pandan kèk jou; anpil bagay pa rezoud.

### Nou kapab chwazi pa fè kòlè

Yon pati malen nan estrateji li se pou separe kòlè ak libabit, pou fè nou kwè ke nou viktim emosyon nou pa kapab kontwole. Nou tandè, “Mwen te pèdi kontwòl mwen.” Pèdi kontwòl se kèk pawòl enteresan moun chwazi ki vin tounen yon ekspresyon tout moun itilize. “Pèdi yon bagay” enplike “pa vle di,” “pa aksidan,” “envolontè,” pa responsab”—neglijan petèt men se pa “pa responsab.”

Li te fè m fache.” Se yon lòt fraz nou tandè, ki enplike tou absans kontwòl oubyen libabit. Se yon mistè ki dwe demaske. Pèsonn pa fè nou fache. Lòt moun pa fè nou fache. Pa gen okenn fòs ki enplike. Vin an kòlè se yon chwa konsyan, yon dezizyon; sepousa, nou kapab fè yon chwa pou nou pa vin an kòlè. Nou chwazi!

Pou moun ki di, “men mwen pa t kapab ede tèt mwen,” otè William Wilbanks reponn, “Sa pa gen sans.”

“Agresyon, . . . efase kòlè, pale konsènan li, rele ak pale fò,” tout se estrateji nan fè fas ak kòlè. “Nou chwazi sila ki te fè prèv efikasite pou nou lontan. Eske nou janm remake kijan nou raman pèdi kontwòl lè nou fristre pa patwon nou, men kijan sa rive nou souvan lè zanmi oubyen fanmi nou nui nou?” (“The New Obscenity,” *Reader’s Digest*, Desanm 1988, 24; italik ajoute).

Nan dezyèm ane li nan Kolèj Wilbanks te eseye jwe pou ekip baskèt lekòl segondè a epi li te reyisi. Nan premye jou antrènman an antrenè li tè fè li jwe yonn kont yonn pandan ekip la t ap obsève. Lè li te

rate nenpòt lanse, li te vin an kòlè, krake epi plenyen. Antrenè a te ale kote li epi l te di, "Ou aji konsa ankò epi ou pa p janm jwe nan ekip mwen." Pandan twa ane apre yo li pa te janm pèdi kontwòl li ankò. Nan apre, lè l te reflechi sou ensidan sa a nan pase li a, li te reyalize ke antrenè a te anseye li yon prensip ki te chanje lavi li jou sa: nou kapab kontwole kòlè (gade "The New Obscenity," 24).

### Ansèyman Seyè a

Nan tradiksyon Joseph Smith pou Efezyen 4:26, Pòl poze yon kesyon, "Eske nou kapab fè kòlè, san nou pa peche?" Seyè a vrèman klè sou sijè sa:

"Paske anverite anverite, m ap di nou, yon moun ki gen lespri chirepit se pa mwen ki voye l, men se dyab la, ki se papa chirepit, e li sòlve kè lèzòm pou yo goumen nan kòlè youn ak lòt.

Gade, se pa doktrin pa m, pou sòlve kè lèzòm nan kòlè youn kont lòt; men, doktrin mwen se pou bagay konsa sispann" (3 Nefi 11:29-30).

Doktrin oubyen kòmandman pa Senyè a pran an konsiderasyon libabit epi li se yon egzijans pou konsyans nou nanpran desizyon. Seyè a atann nou fè chwa pou nou *pa* vin an kòlè.

Pa gen okenn jan pou kapab jistifye ke nou an kòlè. Nan Matye 5, vèsè 22, Seyè a di, Men mwen di nou, Ke nenpòt moun ki an kòlè kont frè li *san rezon* pral anba menas pou jijman" (italik ajoute). Ala li enteresan ke pati "*san rezon an*" pa nan tradiksyon enspire Joseph Smith la (gade Matye 5:24), ni nan resi nan 3 Nefi 12:22 a. Lè Seyè a elimine pati "*san rezon an*," li pa kite okenn eskiz pou nou. "Men doktrin mwen se pou bagay konsa sispann" (3 Nefi 11:30). Nou kapab "*sispann*" kòlè, paske li te anseye epi kòmande nou pou nou fè sa

### Kòlè se lage bay enfliyan Satan

Kòlè se lage bay enfliyan satan nan sede kontwòl tèt nou. Se yon peche nan panse ki mennen nan santiman ak atitud ostil. Se gachèt la pou pete kouri sou yon otowout pou sityasyon vyolans sou yon teren espò, ak vyolans nan fwaye yo.

San kontwòl, kòlè kapab rapidman pwodui yon eksplozyon pawòl mechan ak lòt move tretman emosyonèl ki kapab blese yon kè sansib. Sovè a te di sa "ki soti nan bouch la; se sa ki kondane yon nonm" (Matye 15:11).

David O. McKay te di, "Se pou mari ak madanm pa janm pale fò yonn ak lòt, 'Sof si kay la ap pran dife'" (*Stepping Stones to an Abundant Life*, comp. Llewelyn R. McKay [1971], 294).<sup>7</sup>

Move tretman fizik se kòlè anraje epi li pa janm jistifye epi toujou enjis.

Kòlè se yon fason brutal pou tante fè yon lòt moun santi li koupab oubyen yon fason mechan pou eseye koriye yo. Li souvan pote move tikèk kòm disiplin men li preske toujou pote efè kontrè a. Sepousa avètisman yo nan ekriti: Mari, renmen madanm nou, epi pa fache kont yo," epi "papa yo, pa pwovoke timoun yo pou fè kòlè, sinon y ap vin dekouraje" (Kolosyen 3:19, 21).

### "Mwen pa p janm vin an kòlè ankò"

Chwa ak responsablite se de prensip ensepaparab. Paske kòlè se yon chwa, gen yon gwo avètisman nan pwoklamasyon an "ke moun . . . ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo . . . pral rann kont devan Bondye yon jou."

Konprann koneksyon ant libabit ak kòlè se premye etap nan elimine kòlè nan lavi nou. Nou kapab chwazi pou nou pa fè kòlè. Epi ou kapab fè chwa sa jodia, kounyeya menm: "Mwen pa p janm vin an kòlè ankò." Medite sou rezolisyon sa.

Seksyon 121 nan Doktrin ak Alyans yo se yonn nan pi bon sous pou nou aprann bonjan prensip pou dirije yo. Petèt pi enpòtan aplikasyon seksyon 121 an se pou konjwen yo ak paran yo. Nou dwe dirije fanmi nou yo ak pèsyasyon, pasyans, jantiyès, dousè, ak tandrès, epi ak lanmou san fay (gade D&A 121:41-42).

Se pou rèv chak timoun pou genyen yon fanmi isit sou tè a ki bon pou yo a vin tounen reyalite.

Apati yon diskou Eldè Robbins nan konferans jeneral legliz la an Avril 1998 (gade Conference Report, Avril 1998, 105-6; oubyen *Ensign*, Me 1998, 80-81).

# REPONS POU PWOBLÈM YO ATRAVÈ KOMINIKASYON POZITIF

# 5

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Nan tach lekti a ki la pi ba a, Eldè Joe J. Christensen fè remake: “Pa gen anpil moun ki te reyèlman chanje vin pi bon kòm konsekans kritik san rete oubyen tizonnen. Si nou pa fè atansyon, kèk nan sa nou ofri kòm kritik pou *konstwi* ka reyèlman *detwi*. Souvan, li pi bon pou pa pale kèk bagay” (gade paj 19). Nan semèn k ap vini an, fè anpil atansyon ak bagay ou panse epi di konsènan lòt moun. Fè yon efò pou rete janti epi edifyan nan tout bagay ou di.
- Chèche kalite louwab lakay konjwen ou. Fè lis kalite sa yo, epi pataje yo avèk konjwen ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### MARYAJ AK GRAN PLAN BONÈ A

Eldè Joe J. Christensen  
Nan Swasanndis yo

Babara avèk mwen te beni avèk sis pitit. Sa gen kèk ane, pandan nou te mennen yo tout ale vizite gran paran yo, papa m te di, “Joe, mwen panse ke oumenm ak Babara kòmanse ak yon bagay nou pa kapab kanpe.”

Nan sezon Pak sa nou deklare tout mond la ke Jezi se Kris la epi atravè prèttriz sen li a ak pouvwa sèlman li a, maryaj ak fanmi yo p ap janm kanpe—p ap janm bezwen rive nan yon fen.

Jodia, mwen ta renmen pale ak tout moun konsènan maryaj nou yo. Sa se yuit sigjesyon pratik ki, mwen espere, ka genyen enpòtans nan fòtifye maryaj nou yo, kounyeya ak alavni.

### Sonje enpòtans maryaj

1. Sonje enpòtans esansyèl maryaj ou. Koute pawòl Eldè Bruce R. McConkie sou enpòtans maryaj nan “gran plan bonè Papa nou ki nan syèl la” (Alma 42:8):

Apati moman nesans nou nan mòtalite a pou moman nou marye nan tanp la, tout bagay nou fè nan tout pwogram levanjil la se pou prepare epi kalifye nou pou rantre nan òganizasyon sakre maryaj la ki fè nou mari ak madanm nan lavi sa ak nan mond k ap vini an. . . .

“Pa gen anyen nan mond sa ki enpòtans tankou kreye epi pèfeksyone selil familyal yo” (“Salvation Is a Family Affair,” *Improvement Era*, Jen 1970, 43–44).

### Priye pou reysisit maryaj ou

2. Priye pou reysisit maryaj ou. Sa gen ane, lè dabitid yon Otorite jeneral te konn vizite misyon epi fè entèvyou pou tout misyonè yo, Eldè Spencer W. Kimball, lèsa yon manm nan Kowòm Douz Apot yo, t ap vizite yon misyonè ki te preske fini misyon li.

“Lè ou relve, Eldè, ki plan ou?”

“Oh, mwen planifye pou retounen nan inivèsite.” Epi lèsa avèk yon souri li te ajoute, “Après mwen espere tonbe damou epi marye.”

Eldè Kimball te pataje konsèy saj sa: “Wè, pa sèlman priye pou marye ak yon moun ou renmen. *Okontrè, priye pou renmen moun ou marye a.*”

Nou ta dwe priye pou vin pi janti, koutwa, enb, pasyan, padonan, epi, *espesyalman*, san egoyis.

Pou rekonèt pwoblèm pèsònèl nou yo oubyen feblès yo ki anpeche nou vin pi bon asosye nan maryaj la, nou ta dwe vini devan Seyè a nan lapriyè epi pran avantaj yo nan pwomès pisan sa nan Liv Mòmmon an: “Si lezòm vin jwenn mwen m ap montre yo feblès yo . . . ; paske si yo gen imilite devan m, epi yo gen lafwa nan mwen, lè sa a m ap fè bagay ki fèb yo vin fò pou yo” (Etè 12:27).

Epi tou li nesè pou priye. Anpil dirijan legliz la ak konseye nan maryaj endike ke yo pa te wè menm yon maryaj kote koup la te toujou ap priye ansanm chak jou. Lè pwoblèm yo parèt epi maryaj yo menase, priye ansanm kòm yon koup se ka remèd ki pi enpòtan.



## Koute konjwen ou

3. Koute. Pran tan pou koute konjwen ou; menm planifye sa regilyèman. Pale yonn ak lòt epi verifeye kijan n ap fonksyone kòm asosye nan maryaj.

Frè Brent Barlow te poze yon gwoup frè nan prè-triz la kesyon: “Ki kantite nan nou ki ta renmen resevwa yon revelasyon?” Tout men yo te leve. Lèsa li te sigjere ke yo tout te ale lakay yo epi mande madanm yo kijan yo ta ka vin pi bon mari. Li te ajoute, “Mwen te suiv pwòp konsèy pa mwen, epi te genyen yon diskisyon chaje enfòmasyon avèk [madanm mwen] Susan pou plis pase inèdtan nan apremidi sa!” (“To Build a Better Marriage,” *Ensign*, Septanm 1992, 7). Yon kònvèsasyon konsa ka vin yon revelasyon pou nenpòt nan nou.

Eske nenpòt nan nou te janm tande madanm nou di yon bagay tankou sa mwen te tande resaman: “Joe, eske w ap koute?” Li pa te sèlman moun ki te vle konnen si mwen t ap koute. Sa gen kèk tan mwen t ap pran yon ti repo epi ti pititpitit fi nou an Allison te vini epi leve popyè je mwen epi di, “Grandpa, eske ou toujou la?” Nou ta dwe “toujou la” epi gen repons pou asosye nou an.

## Evite tizonnen sansès

4. “Evite ‘tizonnen sansès.’ Pa twò kritikè erè yonn lòt. Rekonèt ke yonn nan nou pa pafè. Nou tout genyen anpil wout pou nou fè pou n vin tankou Kris la jan dirijan nou yo te rekòmande pou vin ye.

“ ‘Tizonnen sansès,’ jan prezidan Spencer W. Kimball rele sa, kapab preske degonfle nenpòt maryaj (“Marriage and Divorce,” *1976 Devotional Speeches of the Year* [1977], 148). An jeneral nou chak sansib anpil pou pwèn fèb nou, epi nou pa bezwen yo fè n sonje yo souvan. Pa gen anpil moun ki te reyèlman chanje vin pi bon kòm konsekans kritik san rete oubyen tizonnen. Si nou pa fè atansyon, kèk nan sa nou ofri kòm kritik pou *konstwi* ka reyèlman detwi.”

Souvan, li pi bon pou pa pale kèk bagay. Kòm yon jèn marye, Sè Lola Walters te li nan yon revyi ke pou fòtifeye yon maryaj, koup yo ta dwe genyen seyans regilye, onèt kote yo ta dwe drese lis tout konpòtman ki te sanble nuizib pou yo. Li te ekri:

Nou di dwe senk bagay ki te sanble nuizib pou nou, epi mwen te kòmanse. . . . Mwen te di li ke mwen pa te renmen fason li manje rezen. Li te rache po a epi li te manje l tankou zoranj! Mwen pa te konnen pèsoun lòt moun ki te manje zoranj konsa. Eske yon fi ta ka reyisi pase tout lavi a, epi menm letènite, ap gade yon mari k ap manje rezen tankou zoranj? . . .

“Aprè m te fini [avèk senk pa mwen], se te moman pa li pou di bagay li pa te renmen nan mwen. [Li] te di, ‘Wè, pou pale verite, mwen pa kapab reflechi sou anyen mwen pa renmen nan ou, cheri.’

“Rale souf.

“Mwen te rapidman bay do, paske mwen pa t konnen kijan pou eksplike ke dlo te ranpli je mwen epi t ap koule sou figi m.”

Sè Walters te konkli, “Nenpòt lè mwen tande zafè koup ki enkonpatib, mwen toujou mande si yo pa p soufri sa mwen rele kounyeya Maladi rezen an” (“The Grapefruit Syndrome,” *Ensign*, Avril 1993, 13).

Wi, souvan, li pi bon pou pa pale kèk bagay.

## Kontinye operasyon cham lan

5. Kontinye operasyon cham lan . Planifye tan pou fè kèk bagay ansanm—jis nou de a. Menmjan li enpòtan pou rete avèk timoun yo kòm yon fanmi, ou bezwen tan regilyèman chak semèn pou nou ansanm pou kont nou. Planifye sa ap pèmèt pitit yo konnen ou santi ke maryaj ou tèlman enpòtan ke ou bezwen nouri li. Sa mande angajman, planifikasyon ak aranjman.

Li pa bezwen koute chè. Moman ansanm nan se eleman pi enpòtan an.

Yon fwa lè bòpè mwen t ap kite kay la apre manje pou retounen nan travay, bèlmè mwen te di, “Albert, ou bezwen tounen kounyeya epi di mwen ou renmen m.” Li te souri epi di an plezantri, “Elsie, lè nou te marye, mwen te di ou mwen renmen ou, e si sa ta chanje, m ap fè ou konnen .” Li difisil pou itilize ekspresyon “mwen renmen ou” an twòp. Itilize l chak jou.

## Prese pou di, “M regrèt”

6. Prese pou di, “m regrèt.” Menmsi li ta difisil pou jwenn mo yo, toujou pare pou di, “Eskize m, tanpri padone mwen,” menmsi se pa ou ki totalman antò. Vrè lanmou devlope pa moun ki pare pou admèt erè oubyen ofans pèsone l yo.

Lè diferans yo parèt, toujou pare pou diskite yo epi rezoud yo enpòtan, men gen egzanp kote li pi bon pou pran yon brék. Woule lang nou epi konte rive sou dis oubyen menm san enpòtan. Epi pafwa, menm kite solèy kouche sou kòlè ou kapab ede ou tounen sou pwoblèm nan demen maten pi poze, kèkal, ak plis chans pou rezoud li.

Kèkfwa nou tande yon bagay tankou, “poukisa, nou te marye depi senkant ane, epi nou pa te janm genyen yon diferans nan opinyon. Si se anfèt sitiasyon an, konnen yonn nan patnè yo sibi dominasyon lòt la nèt oubyen, jan yon moun te di, pa konnen verite. Nenpòt moun entèlijans kapab genyen diferans nan opinyon. Defi a se pou nou asire n ke nou konnen kijan pou rezoud yo. Sa se yon pati nan pwosesis pou fè yon bon maryaj vin pi bon”

## Viv nan limit mayen ou

7. Aprann viv nan limit mwayen ou. Kèk nan pwoblèm ki pi difisil nan maryaj yo soti nan domèn finansye. “Asosyasyon Avoka ameriken an . . . te endike ke 89 pousan nan tout divòs yo te ka sitiye nan kerèl ak akizasyon konsènan lajan” (Marvin J. Ashton, “One for the Money,” *Ensign*, Jiyè 1975, 72). Pare pou ranwaye oubyen evite kèk acha pou rete andedan bidjè ou. Peye dim ou an premye, epi evite dèt pi plis li posib. Sonje ke depanse senkant dola yon mwa mwens ke sa ou resevwa egal bonè epi depanse senkant dola anplis egal mizè. Moman ka rive kote pou rale sizo ou pou koupe kat kredi ou yo epi reyalize sa Eldè Jeffrey R. Holland te rele yon “chiriji plastik” la (Things We Have Learned—Together, *Ensign*, Jen 1986, 30).

## Pataje responsablite nan kay yo

8. Rete bon asosye nan fwaye a nan responsablite yo. Pa fè tankou mari yo ki chita nan kay la ap tann pou yo sèvi yo a, avèk santiman ke pote lajan pou viv se chay pa yoepi madanm yo responsab pou kont yo pou kay la ak pran swen timoun yo. Devwa pou okipe fwaye a ak fanmi an plis pase responsablite yon sèl moun.

Sonje nou ansanm an asosyasyon. Babara avèk mwen te dekouvri ke nou kapab ranje kabann nou chak maten nan mwens pase yon minit epi li rete pou jounen an. Li di ke li kite m fè l pou ede m santi mwen anfòm tou jounen an, epi mwen devine dwe gen yon bagay nan sa.

Jwenn tan pou etidye ekriti yo ansanm, epi suiv konsèy sa pa prezidan Kimball: “Lè mari ak madanm ale nan tanp ansanm souvan, ajenou nan priyè ansanm nan fwaye yo avèk fanmi yo, ale men nan men nan reyinyon relijye yo, kenbe lavi yo totalman chas, mantalman ak fizikman, . . . epi toulede travay ansanm pou bati wayòm Bondye a, lèsa bonè se somè a” (*Marriage and Divorce* [1976], 24).

An rezime:

- Sonje enpòtans esansyèl maryaj ou.
- Priye pou siksè li.
- Koute.
- Evite “tizonnen sansès.”
- Kontinye operasyon chàm nan.
- Pare pou di, “M regrèt.”
- Aprann viv nan limit mwayen nou yo.
- Rete yon bon asosye nan fwaye a ak nan responsablite famiyal yo.

Mwen temwaye ke Jezi se Kris la, ke tonbo a te vid nan twazyèm jou sa, epi ke “menmjan nan Adan tout moun mouri, menmjan tou nan Kris tout moun pral viv ankò” (1 Korentyen 15:22). Konsa avèk rekonesans pou pouvwa sèlman an andedan levanjil Jezikri ki retabli a, nou kapab avèk konfyans di avèk powèt la, “Mwen pral renmen ou pi plis menm apre lanmò” (Elizabeth Barrett Browning, *Sonnets from the Portuguese*, nimewo 43, liy 14).

Apati yon diskou Eldè Christensen nan konferans jeneral legliz la an Avril 1995 (gade Conference Report, Avril 1995, 84–87; oubyen *Ensign*, Me 1995, 64–66).

# FÒTIFYE MARYAJ YO ATRAVÈ LAFWA AK LAPRIYÈ

# 6

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ak sitiasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Deside yon bagay ou kapab fè pou fòtifye lafwa ou nan Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri.
- Etabli yon moman chak jou pou priye avèk konjwen ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik la avèk konjwen ou.

### JWENN LAJWA NAN LAVI

Eldè Richard G. Scott  
Nan kowòm Douz Apot yo

### Varyete nan mitan konstans

Resaman mwen te kanpe nou kote nò sou rivaj yon bèl zile nan pasifik la ap kontanple lanmè a pandan jou ap leve. Mwen te emèveye pa regilarite gwo vag jeyan yo te toujou genyen nan avanse pou vin echwe sou rivaj la. Sa te raple m yonn nan konstans nan plan Seyè a, avèk lwa etènèl, fiks li a, ak sekirite nan jistis dirab ak tandrès nan mizerikòd nou jwenn pa obeyisans. Mwen te remake ke chak vag te monte rive sou pik li nan yon kote nan lè apou jwenn chemen pwòp pa li sou rivaj la. Kèk an kaskad fini sou wòch, ak rigòl kim, dlo blan. Lòt frape sou rivaj la nan yon chema apa. Yo te glise monte sou sab imid la avèk rebò kimen amizan, apres a bouyi epi fè toubi-yon pandan y ap tounen.

Mwen te panse sou varyete posiblité sa fen Seyè a te founi nou. Nou tèlman genyen anpil libète, tèlman anpil opòtinite pou devlope pèsonalite apa nou ak talan yo, souvni pèsònèl nou yo, kontribisyon pèsonalize nou yo. Paske pa t gen lòt opòtinite pou obsève lanmè sipèb la, mwen te eseye imajine bèl panorama solèy briyan t ap kreye apre. Pandan m t ap gade sèn mayifik sa nan reverans, yon fenèt te fòme nan nyaj yo; reyon briyan solèy k ap leve a te kouvri syèl plen nyaj la, transfòme tout bagay avèk klate li, koulè l, lavi l. Se te tankou Seyè ate vle pataje yon benediksyon anplis, yon senbòl pou limyè ansèyman li yo ki bay klate ak espwa pou tout moun li touche. Dlo je rekonesans te anvayi m pou mond mèveye sa kote n ap viv la, pou bote ekstraòdinè a Papa nou ki nan syèl la pataje avèk tout moun ki gen volonte pou wè. Vrèman, lavi a bèl.

### Apresye bote lavi a

Eske ou pran tan pou dekouvri chak jou kijan lavi a kapab bèl? Sa gen konbyen tan depi ou te obsève solèy la k ap leve—reyon yo ki kouvri nyaj, pyebwa, kolin yo pandan yo prale, ak vas tè yo aswè, kèkfwa trankil, kèkfwa avèk eksplozyon koulè ak fòm?

Epi konsènan yon aswè san nyaj lè Seyè a devwale mèvèy syèl yo—etwal limentenyen yo, reyon lalin yo—pou limen imajinasyon nou avèk grandè ak laglwa?

Ala li kaptivan pou gade yon grenn ki plante nan yon tè fètil jèmen, ranmase fòs, epi pouse yon ti donn prèske ensiyifyan. Pasyaman li kòmanse grandi epi devlope pwòp karakteristik li, sou direksyon kòd jenetik Seyè a te founi pou gide devlopman li. Avèk swen li pral asireman vin tounen sa li te destine pou l ye a: yon flè, kouwone avèk gras ak bote; yon plant ak pafen mant; yon pèch; yon zaboka; oubyen yon bèl flè avèk frajilite, modèl, ak awòm apa.

Ki dènye fwa ou te obsève yon ti rasin woz fòme? Chak jou li devlope yon karakteristik tounèf ak enpresyonan, plis pwomès bote jistan li tounen yon woz mayifik.

Ou se yonn nan kreyasyon pi nòb Bondye. Entansyon l se ka lavi ou rete bèl anpil kelkeswa sitiasyon ou. Lè ou rekonesan ak obeyisan, ou kapab vin tounen tout sa Bondye te planifye pou ou ye.

### Lajwa nan lavi a depann sou konfyans nan Bondye

Tristès, dekourajman, ak defi grav yo se *evènman* nan lavi a, men pa lavi a limenm. Mwen pa minimize kijan kèk nan evènman sa yo difisil. Yo kapab kontinye padan yon bon tan, men ou pa ta dwe pèmèt yo tounen pwen kote tout bagay w ap fè santre. Seyè a te enspire Leyi pou li deklare yon verite

fondamantal, Lezòm egziste, pou yo ka gen lajwa.”<sup>1</sup> Sa se yon deklarasyon ak kondisyon: “yo ka gen lajwa.” Li pa kondisyonèl pou Seyè a. Plan li se ke nou chak jwenn lajwa. Li pa kondisyonèl pou ou lè ou obeye kòmmandman yo, genyen lafwa nan Mèt la, epi fè bagay ki nesèsè pou genyen lajwa isit sou tè a.

Lajwa ou nan lavi a depann sou konfyans ou nan Papa nou ki nan syèl ak pitit gason sen li a, konviksyon ou ke plan bonè a kapab pote lajwa pou ou. Medite sou doktrin yo pral pèmèt ou jwi bote yo sou tè sa epi amelyore relasyon ou avèk lòt moun. Li pral mennen ou nan eksperyans ankourajan, fòtifyan ki koule soti nan priyè pou Papa nou ki nan syèl la ak repons li ba nou yo an retou.

### **Pèspektiv ak Pasyans**

Yon ti wòch ki tou pre je sanble tankou yon gwogwo obstak. Jete l atè, li sanble yon pèspektiv. Menmjan tou, nou bezwen gade pwoblèm yo ak eprè yo nan pèspektiv doktrin nan ekriti yo. Otreman yo kapab fasilman barase vizyon nou, gaspiye enèji nou, epi retire lajwa ak bote Seyè a planifye pou nou resevwa isit sou tè a. Kèk moun tankou wòch ki lanse nan yon lanmè pwoblèm. Yo neye pa yo. Rete tankou bouchon lyèj. Lè li plonje nan yon pwoblèm, batay pou rete anlè dlo apou sèvi ankò avèk bonè.

Ou sou tè a pou yon bi diven. Se pa pou amizman san fen oubyen san rete kouri dèyè plezi. Ou isit la pou ou teste, pou pwouve tèt ou ke ou kapab resevwa benediksyon anplis Bondye genyen pou ou.<sup>2</sup> Efè nui-zib pasyans la se yon egzijans.<sup>3</sup> Kèk benediksyon pral vini isit nan lavi sa; lòt pral vini lòt bò vwal la.

Seyè a te planifye devlopman ak pwogresyon pèsònèl ou. Pwogresyon sa akselere lè ou volontèman pèmèt li dirije ou atravè chak eksperyans pou grandi ou rankontre, kit li te nan panchan pèsònèl ou nan kòmansman ou non. Lè ou fè Seyè a konfyans, lè ou gen dezi pou kite kè ou ak panse ou santre sou volonte li, lè ou mande pou lespri li dirije ou pou fè volonte li, ou gen asirans pi gwo bonè sou wout ou ak akonplisman ki pi enteresan nan eksperyans motèl la. Si ou poze kesyon pou tout bagay yo mande ou pou fè, oubyen reziste ak tout defi ki pa enteresan, ou fè li pi difisil pou Seyè a beni ou.<sup>4</sup>

Libabit ou, dwa pou fè chwa, pa te planifye pou ou kapab jwenn sa ou vle. Don diven sa te founi pou ou chwazi sa Papa nou ki nan syèl la genyen pou ou. Fason sa li kapab dirije ou pou vin tounen tout sa li te planifye pou ou ye.<sup>5</sup> Wout sa mennen nan lajwa gloriye ak bonè.

### **Viv avèk lajwa nan mitan advèsite**

Aprann apati moun enspire ki te fè lapè devan pwoblèm yo epi viv avèk lajwa nan mitan advèsite.

Yon fi chaman avèk yon maladi tèrib dènye estad te toujou jwenn lajwa nan lavi a. Li te konprann plan bonè a, te resevwa òdonans tanp yo, epi t ap fè tout sa li kapab pou kalifye pou pwomès benediksyon yo. Journal pèsònèl li anrejistre:

“Se yon bèl jounen ete. Mwen te pran korespondans yo epi chita sou balansin nan. Mwen te kontan anpil nan solèy cho a, bon odè nati aak pyebwa ki antoure m yo. Mwen jis chita epi rekonesan paske mwen toujou vivan sou bèl tè sa. . . . Seyè a tèlman bon pou mwen. Ala mwen remèsye li paske m toujou isi a epi santi m byen konsa. Mwen sitèlman kontan ke mwen jis anvi rele ak danse nan tou t bèl kay sa lè reyon solèy yo filtre nan gwo fenèt yo. Mwen renmen rete vivan.”

Yon manman vanyan te ak kouraj nan batay ak yon maladi ki kokobe l te pase anpil tan pou fini difisilman yon gwo travay triko egzijan. Se te yon kado pou yon koup ki te genyen eprè yo. Pou koup la sete yon kado ki pa t gen pri, yon rapèl toutan sou fwi presye yon efò deside devan advèsite, yon mesaj dirab espwa ki mare nan lyen vrè lanmou ak sakrifis volontè.

### **Jwenn lajwa nan sa ou byen genyen**

Timoun yo anseye nou kijan pou jwenn lajwa menm nan sitiyoasyon ki pi difisil yo. Timoun yo poko aprann pou vin deprime nan konsantre sou bagay yo pa genyen. Yo jwenn lajwa nan sa ki disponib pou yo. Mwen sonje yon ti pitit gason ki t ap jwe sou rebò yon rivyè. Li te mare yon bout liy pou lapèch nan pwent de vye mamit soda. Li te voye yon mamit sou yon branch bwa, apres a ranpli l avèk dlo. Li te tire lòt mamit la, apres a lache l. Pwa premye mamit la te kapab rale dezyèm nan monte pandan l te desann. Li te ri epi danse ak kontantman.

Eksperyans senp, ki rajeni antoure nou. Yo kapab tounen vav sekirite pou kenbe tansyon an ba epi espri an wo. Pa konsantre sou sa ou pa genyen oubyen te pèdi. Seyè ate pwomèt pou pataje tout sa li posede ak obeyisan yo. Ou ka tanporèman anmank isi a, men nan lavi apre a, si ou montre tèt ou diy nan viv an vanyan, benediksyon ou se pral yon plenitud.

Jwen benediksyon ki fè balans la nan lavi ou lè, Seyè a, nan sajès li, pa ba ou yon bagay ou reyèlman anvi genyen. Pou moun ki pa wè oubyen pa tandè byen, li ogmante lòt sans yo. Pou moun ki malad, li bay pasyans, konpreyansyon, ak plis apresyasyon pou jantiyès lòt moun. Avèk pèt yon moun ki chè, li apwofondi lyen lanmou yo, anrichi souvni yo, epi limen espwa pou rankontre alavni. Ou pral dekouvri benediksyon ki fè balans la lè ou volontèman akseptè volonte Seyè a epi egzèsè lafwa nan li.<sup>6</sup>

Pou pèp aflije Alma a, Seyè ate di:

M ap fè chay ki sou zepòl nou yo vin lejè pou nou pa menm kapab santi yo sou do nou . . . ; epi m ap fè sa pou nou kapab sèvi m temwen apre sa, e pou nou kapab konnen tout bon, mwen menm, Senyè Bondye a, m vizite pèp mwen nan afliksyon yo.

“Epi sete konsa. . . . chay yo . . . te vin lejè; wi, Senyè a te fòtifye yo pou yo kapab pote chay yo alèz, e yo te aksepte avèk kè kontan ak pasyans, tout sa Senyè a te vle”<sup>7</sup>

### **Espri kreyatif ap ede ou jwi lavi a**

Eseye gen espri kreyatif pou lajwa sa pote. Apre mari jis yo te retounen lakay yo, Sè Camilla Kimball, Amelia McConkie, ak Helen Richards te aprann fè penti. Yo pa sèlman kite yon eritaj atistik, men yo p ap janm wè yon solèy leve, yon vizaj, oubyen yon pyebwa menmjan ankò. Kounyeya yo ka pèse ti dife-rans yo nan koulè ak fòm epi rejwi nan pakèt bote ki antoure yo.

Chwazi yon bagay tankou mizik, dans, eskilti, oubyen pwezi Espri kreyatif ap ede ou jwi lavi a. Li anjandre yon espri rekonesans. Li devlope talan ki anba anba, ogmante kapasite pou rezone, pou aji, epi jwenn bi lavi a. Li chase solitud ak angwas. Li bay yon renouvo, yon reyon antouzyas, ak yon pasyon pou lavi a.

### **Sèvis: yon kle pou bonè**

Sèvis volontè pou lòt moun se kle pou bonè dirab. Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Bondye ap obsève nou, epi li voye je sou nou. Men dabitid se atravè yon lòt moun li pran swen nou. Sepousa, li fondamantal pou nou sèvi yonn lòt.”<sup>8</sup>

Mwen konnen yon fi ki te gen bonè anpil. Chak maten li te mande Papa nou ki nan syèl lapou dirije li kote yon moun li ta ka ede. Priyè sensè sa te toujou jwenn repons. Fado anpil moun te vin soulaje epi lavi yo te vin pi klè. Li te beni sanrete paske li te yon enstriman Seyè a t ap dirije.

### **Difikilte yo kapab chanje pou fè n grandi**

Mwen konnen ke chak difikilte nou fè fas nan lavi a, menm sila yo ki soti nan pwòp neglijan oubyen menm transgresyon, kapab chanje pa Seyè a vin tounen eksperyans pou grandi, yon nechèl imajinè pou monte.<sup>9</sup> Mwen sètènman pa rekòmande transgresyon kòm yon wout pou grandi. Li douloure, difisil, epi konsa totalman pa nesèsè. Li pi saj lontan epi tèmman pi fasil pou anvanse nan jistis. Men atravè bonjan repantans, lafwa nan Seyè a Jezikri, ak obeyisans pou kòmandman li yo, menm dekourajman ki soti apati transgresyon kapab chanje pou pote bonè an retou.

Drese yon lis sou bagay ou kapab fè pou gen bonè, tankou:

- Medite sou ekriti yo pou konprann plan bonè a.
- Priye avèk lafwa nan Jezikri.
- Renmen epi sèvi lòt moun.
- Resevwa òdonans tanp yo. Tounen pou beni lòt moun.
- Koute pwofèt la epi obeyi konsèy li.
- Montre rekonesans pou sa ou genyen.
- Souris plis.

Lis ou a pral founi kle pou kontantman ak lajwa.

### **Pwoblèm yo tanporèl men bonè etènèl**

Yon chante brezilyen selèb repete yon mansonj anpil moun kwè: tristès pa janm gen fen, men bonè gen yonn. Mwen temwaye ke avèk lafwa nan Sovè a ak obeyisans nan ansèyman li yo, bonè pa janm gen fen, men tristès gen yonn.

Kèlkeswa bagay difisil oumenm oubyen yon moun ou renmen ap fè fas, sa pa ta dwe anvayi lavi ou epi vin sant tout enterè ou. Pwoblèm yo se eksperyans pou grandi, sèn tanporèl ki dwe jwe nan teyat yon lavi enteresan. Pa vin tèmman plonje nan yon grenn evènman ke ou pa kapab panse sou okenn lòt bagay oubyen pran swen tèt ou oubyen lòt moun ki depann sou ou. Sonje, preske menmjan ak pou kò a geri, gerizon pou kèk defi espiyèl ak emosyonèl pran tan.

Seyè a te di, “Rete pasyan nan afliksyon yo, paske ou pral genyen anpil; men sipòte yo, paske, mwen avèk ou, jis nan dènnye jou ou yo.”<sup>10</sup> Lè ou pasyan, ou pral vin konprann sa deklarasyon “mwen avèk ou” a vle di. Lanmou Bondye pote lapè ak lajwa.

Lafwa ou nan Jezikri ba lavi a yon sans. Sonje ou an vwayaj pou egzaltasyon an. Kèkfwaw ou te fè eksperyans ki pote plis lajwa pase lòt, men tout sa gen pou wè avèk Seyè a.<sup>11</sup>

Kòm yon temwen pou Sovè a, mwen egzòte ou pou padone tout moun ou santi ki ka te ofanse ou. Si genyen transgresyon, repanti pou li, pou Mèt la k ageri ou.

Remèsye Papa ou ki nan syèl la ak pitit gason byen-neme li a pou plan bonè a ak prensip yo nan levanjil la ki sipòte l. Montre rekonesans pou òdonans ak alyans yo te ofri yo. Mwen solanèmman temwaye ke yo gen pouvwa pou kouwone lavi ou avèk lapè ak lajwa, pou ba li bi ak sans. Ou pral aprann ke tristès ak dekourajman yo tanporèl. Bonè etènèl nèt ale akòz Jezikri. Mwen solanèmman temwaye ke li vivan, li renmen ou, epi li vle ede ou.

Apati yon diskou pa Eldè Scott nan konferans jeneral legliz la an Avril 1996 (gade Conference Report, Avril 1996, 31–35; oubyen *Ensign*, Me 1996, 24–26).

NÒT

1. 2 Nefi 2:25.
2. Gade Abraam 3:25.
3. Gade Mozya 3:19.
4. Gade 1 Nefi 3:7.
5. Gade Doktrin ak Alyans 58:26–32.
6. Gade Orson F. Whitney, site nan Spencer W. Kimball, *Faith Precedes the Miracle* (1972), 98.
7. Mozya 24:14–15.
8. *The Teachings of Spencer W. Kimball*, edite pa Edward L. Kimball (1982), 252.
9. Gade Ezayi 40:31.
10. Doktrin ak Alyans 24:8.
11. Gade Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, 5yèm edisyon (1939), 177.

## LIDE POU APLIKASYON

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Etidye egzanp padon yo nan pasaj ekriti sa a yo: Lik 23:33–34; Ak 7:58–60; 1 Nefi 7:8–21.
- Pran angajman pou rete plis padonan epi plis di pou lòt moun padone ou.

## PWOJÈ LÈKTI

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### “POU NOU LI EGZIJIB POU NOU PADONE”

Prezidan Gordon B. Hinckley  
Premye Konseye nan Premye Prezidans la

Yon espri padon ak yon atitid lanmou ak konpasyon pou sila yo ki ka te fè nou mal se vrè esans levanjil Jezikri a. Nou chak bezwen espri sa. Tout mond la nèt bezwen li. Seyè ate anseye l. Li te demontre l jan pèsonn lòt moun pa te janm demontre l.

Nan moman agoni li sou kwa Kalvè a, avèk akizasyon mechan ak plen rayisman devan li, sila yo ki te menen na krisifikasyon terib sa, li te kriye, Papa, padone yo; paske yo pa konnen sa y ap fè a” (Lik 23:34).

Yo pa mande pèsonn nan nou pou padone ak jenerosite sa, men nou chak anba menm obligasyon diven an pou deplwaye padon an mizerikòd. Seyè a te deklare nan pawòl revelasyon: “Disip mwen yo nan tan lontan te chèche akizasyon youn kont lòt, epi yo pa t padone youn lòt nan kè yo; epi poutèt mal sa a, yo te aflije epi m te chatye yo anpil.

Se poutèt sa, m di nou, nou youn dwe padone lòt; paske yon moun ki pa padone peche frè l, li kondane devan Senyè a; paske pi gwo peche a rete nan li.

“Mwenmenm Senyè a, m pral padone moun m vle padone, men, pou nou menm se yon egzijans pou nou padone tout moun.

“Epi nou dwe di nan kè nou—se pou Bondye jije ant mwen menm avèk nou, epi pou l rekonpanse nou dapre zèv nou yo.” (D&A 64:8–11).

Ala anpil fwa nou bezwen aplike prensip Bondye bay sa ak prensip asosye li a, repantans! Nou wè bezwen an nan fwaye moun yo, kote ti bit tè enkonpreyansyon vin tounen gwo montay chirepit. Nou

wè sa nan mitan vwazen yo, kote diferans ensiyifan mennen nan ostilite san fen. Nou wèli nan asosye nan biznis ki gen gwo diskisyon epi refize fè konpwomi epi padone kote, nan pi fò egzanp yo, si te genyen yon volonte pou chita ansanm epi pale kèkal yonn ak lòt, pwoblèm nan t ap rezoud pou benefis tout moun. Okontrè, yo pèdi tan yo ap nouri rankin epi planiye vanjans.

Nan premye ane òganizasyon legliz la, lè moun ki t ap chèche detwi pwofèt Joseph Smith yo t ap plede arete l epi jije sou fo akizasyon, Seyè a te di li atravè yon revelasyon, “Nenpòt moun ki mennen devan lalwa pral modi pa lalwa” (D&A 24:17). Mwen te wè sa nan epòk pa nou an nan mitan kèk nan sila yo ki te avèk malis kontinye nouri rankin yo. Menm pami kèk nan sila yo ki genyen yon konpetisyon pa sanble gen anpil lapè nan espri yo, epi pandan yo te genyen dola, yo te pèdi yon bagay ki pi presye.

### Evite ostilite

Guy de Maupassant, yon ekriven fransè, rakonte istwa yon vwayajè ki rele Hauchecome ki te rive nan jou mache nan yon vilaj. Pandan li t ap mache sou plas piblik la, je li te tonbe sou yon ti bout kòd ki te sou yon pil wòch. Li te ranmase l epi mete l nan pòch li. Yon sipèvizè nan vilaj la, ki te fèk genyen yon pwoblèm avèk li, te obsève aksyon li a.

Pita nan jounen an yo te rapòte yon bous te pèdi. Sipèvizè ate fè arete Hauchecome. Yo te mennen l devan majistra a, kote li te pwoteste pou inosans li, nan montre ti bout kòd la li te ranmase a. Men yo pa te kwè li epi yo te pase l nan betiz.

Nan demen yo te jwenn bous la, epi yo te retire tout move aksyon sou do li. Men, ak rankin pou imilyasyon li te sibi akòz fo akizasyon an, li te vin ostil epi li pa te janm kite pwoblèm nan efase. San volonte pou padone ak bliye, li te panse ak preske pa pale lòt

bagay. Li te neglije jaden li. Tout kote li te ale, tout moun li te rankontre li t ap pale l konsènan enjistis la. Lajounen tankou lannuit li te chita sou sa. Anba obsesyon avèk plent sa, li te vin malad grav epi mouri. Nan delire pandan l ap rann dènye soupi li, li te mimire sanrete, “Yon bout kòd, yon bout kòd” (*The Works of Guy de Maupassant* [san dat], 34–38).

Avèk chanjman karaktè ak sitiyasyon yo, istwa sa a te ka repete anpil fwa nan epòk nou an. Ala li difisil pou nenpòt nan nou padone sila yo ki te blese nou. Nou gen tandans chita sou mal yo te fè nou. Atitud sa vin tounen tankou yon gangrèn k ap twouble ak detwi. Eske ke gen yon valè ki plis merite aplike nan epòk nou an pase padone ak bliye? Gen moun ki konsidere sa tankou yon siy feblès. Eske se sa? Mwen sijere ke sa pa mande okenn fòs oubyen entèlijans pou chita an kòlè sou mal nou te victim so, pou kontinye tout lavi a avèk yon espri malis, pou efase kapasite yon moun pou planifye vanjans. Pa gen lapè ditou nan nouri rankin. Pa gen bonè ditou nan viv pandan w ap veye jou pou fè vanjans.”

Pòl pale sou “vye rejè fèb” nan lavi nou (gade Galat 4:9). Eske gen yon bagay ki montre feblès ak povrete nou plis pase dispozisyon pou vlope lavi yon moun nan yon wonn san fen panse ostil ak jès kalkile kont moun ki ka te ensilte nou?

Joseph F. Smith te prezide sou legliz la nan yon period gwo ostilite pou pèp nou an. Li te sibler pa fo, yon veritab òkès kritik pa ekri gran tit nan journal yo menm nan pwòp kominote li. Yo te degize li, fè l tounen rizib, epi pase l nan tenten. Koute repons li pou sila yo ki te pran plezi nan imilye li: “Kite yo trankil, kite yo ale. Ba yo libète pou yo pou pale yo vle a. Kite yo rakonte pwòp istwa yo, epi ekri pwòp desten yo” (*Gospel Doctrine*, 5yèm edisyon [1939], 339). Epi lèsa, avèk yon espri pou padone ak bliye ranfòse, li te avanse avèk gwo travay pou mennen legliz la nan yon nouvo devlopman ak akonplisman remakab. Nan moman lanmò li, anpil nan moun ki te ridikilize li yo te ekri pakèt louvanj konsènan li.

Mwen sonje m te koute anpil tan yon koup ki te chita anfas mwen nan biwo mwen. Te gen ostilite ant yo. Mwen konnen te gen yon epòk lanmou yo te pwofon ak vrè. Men yo te devlope abitud pale sou erè yonn lòt. Nan refize padone kalte erè nou tout nou fè, epi refize bliye yo ak viv pou depase yo avèk pasyans, yo te jwenn erè yonn lakay lòt jistan lanmou yo te genyen yon fwa a te vin konsonmen. Li te tounen sann avèk yon jijman divòs yo kalifye ‘san fot’. Kounyeya sa ki te rete sete solitud ak repwòch. Mwen sèten ke si te genyen menm yon tikras nivo repantans ak padon, yo t ap toujou ansanm, ap jwi asosyasyon ki te tèlman beni yo ane anvan sa

## Lapè atravè padon

Si genyen moun k ap nouri nan kè yo sous pawozonnen ostilite pou yon lòt, mwen siplye nou mande Seyè a fòs pou padone. Ekspresyon dezi sa pral tounen vrè esans pou repantans la. Li ka pa fasil, epi li ka pa vini vit. Men si nou chèche l avèk sense-rite epi kiltive li, li pral vini. Epi menmsi moun ou te padone a kontinye pousoiv epi menase ou, ou pral konnen ou te fè sa ou te kapab pou rive nan rekonsilyasyon. Yon lapè otreman nou pa t ap ka atenn pral vin antre nan kè nou. Lapè sa se pral lapè moun ki te di:

“Si ou padone lezòm ofans yo, Papa ou ki nan syèl la pral padone ou tou:

“Men si nou pa padone lezòm ofans yo, Papa ou ki nan syèl la p ap padone ofans ou yo” (Matye 6:14–15).

## Ti gason banbochè a

Mwen pa konnen okenn istwa ki pi bèl nan tout literati a pase sa ki nan kenzyèm chapit Lik. Se istwa yon pitit gason repantan ak yon papa padonan. Se istwa yon pitit gason ki te gaspiye eritaj nan lavi lib, rejte konsèy papa li, epi vire do bay moun ki te remmen li. Lè li te fin depanse tout, li te grangou epi san zanmi, epi “lè li te rantre nan limenm” (Lik 15:17), li te retounen kote papa li, epi papa li, ki te wè l ap vini, te kouri rankontre l epi ba li akolad epi vole nan kou li epi anbrase li” (Lik 15:20).

Mwen mande ou li istwa sa. Tout paran dwe li li ale pou vini. Li gran ase pou anglobe chak fwaye, epi pi gran menm pou anglobetout limanite, paske eske nou tout nou pa pitit gason ak pitit fi banbochè ki bezwen repanti ak patisipe nan padon mizerikòd Papa nou ki nan syèl la epi apres a suiv egzanp li?

Pitit gason byenneme li a, Redanmtè nou an, ofri nou padon ak mizerikòd, men nan fè sa li kòmande repantans. Yon espri padon reyèl ak jenere pral tounen yon ekspresyon egzijans repantans sa. Seyè a te di—epi mwen site apati yon revelasyon Joseph Smith te resevwa:

“Se poutèt sa m kòmande ou pou ou repanti—repanti, pou m pa frape ou avèk baton bouch mwen, epi avèk endiyasyon m, epi avèk kòlè m, epi pou soufrans ou yo pa rès—ou pa konnen kouman y ap rès, ou pa konnen kouman y ap grav, wi, ou pa konnen kouman y ap rès pou ou sipòte.

“Paske gade, mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti;

“Men si yo pa vle repanti yo dwe soufri tankou m;

Soufrans sa a ki te fè, mwen menm, Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m senyen nan chak twou swè nan kò m, epi ki te fè m soufri nan ni kò m ni nan lespli m. . . .



Aprann nan men m, epi koute pawòl mwen yo; mache nan jantiyès Lespri m nan, epi w ap gen lapè nan mwen.” (D&A 19:15–18, 23).

Sa se kòmandman an, epi sa se pwomès mwen ki, nan gwo model priyè a, te sipliye, “Papa, . . . padone nou ofans nou yo, tankou nou padone moun ki ofanse nou” (Matye 6:9, 12).

### “Panse . . . maleng yo”

Eske pawòl sa yo Abraham Lincoln te pale sou trajedi yon terib gè sivil pa: “ San malis anvè pèsonn, avèk charite pou tout moun, . . . an nou . . . pense . . . maleng yo” (nan John Bartlett, *Familiar Quotations* [1968], 640).

Frè ak sè mwen yo, an nou panse maleng yo —oh, pakèt maleng ki te lakòz pa pawòl piman bouk, pa plent ki nourri ak pèsistans, pa plan nou fè pou “fè vanjans” sou moun ki te fè nou mal. Nou tout gen yon ti espri revanj nan nou. Erezman, nou tout gen pouvwa pou depase li, si nou abiye avèk kòd charite, ki se kòd pou pèfeksyon ak lapè, tankou yon manto” (D&C 88:125).

“Li nan nati lòm pou fè erè, li diven pou padone” (Alexander Pope, *An Essay on Criticism*, 2:1711). Pa geyen lapè nan reflechi sou doulè maleng ki pase yo. Genyen lapè sèlman nan repantans ak padon. Sa se lapè dous Kris la, ki te di, Benediksyon pou moun ki fè lapè yo: paske yo pral rele yo pitit Bondye” (Matye 5:9).

Apati *Ensign* Jen 1991, paj 2–5.

## LIDE POU APLIKASYON

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Drese lis bagay ou te fèk achte. Ekri lèt *N* devan chak atik ki te nesèsè. Ekri lèt *V* devan chak atik ke ou te vle men ki pa te nesèsè. Itilize lis sa pou evalye abitud depans ou yo. Si w ap depanse twòp lajan nan bagay ki pa nesèsè, anvizaje fason pou itilize lajan ak plis sajès.
- Avèk konjwen ou, prepare yon bidjè pou yon peryòd tan k ap vini—petèt yonn oubyen de semèn. Anvizaje itilize model la nan paj 32 a kòm yon gid. Travay ansanm pou viv nan limit bidjè nou te tabli a.

## PWOJÈ LÈKTI

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### KONSTANS NAN MITAN CHANJMAN

Prezidan N. Eldon Tanner

Premye Konseye nan Premye Prezidans la

Sa mwen ta renmen pataje avèk nou jodia se obsèvasyon mwen konsènan prensip konstan ak fondamantal ki, si nou suiv yo, pral pote sekirite finansyèl ak lapè nan lespri anba *tout* sitiyasyon ekonomik.

#### “Chèche wayòm Bondye a premyèman”<sup>19</sup>

Premyèman, mwen ta renmen bati yon fondasyon epi etabli yon pèspektiv kote prensip ekonomik sa yo dwe aplike.

Yon jou yonn nan pititpitit gason mwen yo te di mwen: “mwen te obsève oumenm ak lòt mesye ki reyisi yo, epi mwen te pran desizyon pou vin gen siksè nan lavi mwen. Mwen vle entèvyouwe plis moun ki reyisi ke m kapab pou detèmine sa ki te fè yo reyisi. Konsa lè ou gade dèyè nan eksperyans ou, granpa, kisa ou kwè ki eleman pi enpòtan pou siksè?”

Mwen te di li ke Seyè a te bay pi gwo fòmil pou siksè ke mwen konnen: “Chèche premyèman wayòm Bondye a, ak jistis li; epi tout bagay vini kòm diplis pou ou (Matye 6:33).

Kèk moun ka reponn ke kèk moun ki reyisi finansyèman *pa* chèche wayòm nan premyèman. Sa se vre. Men Seyè a pa pwomèt jis richès materyèl si nou chèche wayòm lan. Apati pwòp eksperyans mwen mwen konnen se pa konsa. Nan pawòl Henrik Ibsen: “lajan ka kovri anpil bagay, men li pa pi enpòtan. Li pote manje, men pa apeti; medsin, men pa lasante; relasyon, men pa zanmi; sèvitè, men pa fidelite; moman

lajwa, men pa lapè ni bonè” (nan *The Forbes Scrapbook of Thoughts on the Business of Life* [1968], 88).

Benediksyon materyèl se yon pati nan levanjil la si li rive nan bonjan fason an epi pou yon bi jis. Mwen sonje yon eksperyans prezidan Hugh B. Brown. Kòm yon jèn sòlda nan Premye Lagè Mondyal la, li t ap vizite yon zanmi granmoun nan lopital. Zanmi an sete yon milti milyonè ki, nan laj sa, te kouche ap tann lanmò li. Ni madanm li te divòse a ni okenn nan senk pitit li yo pa te fè sousi ase pou vini wè li lopital la. Lè prezidan Brown te reflechi sou bagay zanmi li an “te pèdi ke lajan pa te kapab achte epi note sitiyasyon trajik li ak pwofondè mizè li,” li te mande zanmi an kijan li t ap chanje kous lavi li si li te genyen pou l viv ankò.

Ti granmoun nan, ki te mouri kèk jou apre, te di: “Lè mwen reflechi sou lavi pase mwen bagay ki pi enpòtan ak gen valè ke mwen te ka genyen men ke mwen te pèdi nan demach pou akimile milyon mwen yo, *sete lafwa tou senp manman mwen te genyen nan Bondye ak nan imòtalite lòm.*

“ . . . Ou mande ki bagay ki pi enpòtan nan lavi mwen. Mwen pa kapab reponn nan pi bon mo pase sa powèt la te itilize.” Li te mande prezidan Brown pou pran yon ti liv nan valiz li kote li te li yon powèm ki titre “Mwen se yon etranje.”

Mwen se yon etranje nan lafwa manman m te anseye mwen,

Mwen se yon etranje pou Bondye ki te tande manman m lè li te rele,

Mwen se yon etranje pou konsolasyon ke, “kou-nyeya m al dòmi, te pote pou mwen,

Pou bra etènèl yo ki te ede papa m lè li te mouri.

Lè tout mond la te vini epi rele m, mwen te dezète tout pou pa suiv,

Anyen menm nan avegleman mwen mwen te glise men m soti nan pa li,

San reve nan konfizyon m ke boul renome a vid,

Ke rich avèk lò se tankou lafimen, jan mwen te aprann depi lèsa.

Mwen te pase tout lavi m ap chèche bagay mwen te rejte lè m te fin jwenn yo,

Mwen te batay epi jwenn rekompase nan anpil bagay enteresan,

Men m ta bay tou, renome ak fòtin ak plezi ki antoure yo,

Si sèlman m te gen lafwa ki te fè manman sa li te ye a.

“Sa sete temwayaj yon mesye ki t ap mouri ki te fèt nan legliz la men ki te ekale lwen. Sa sete yon kri mizerab yon mesye nan solitud ki te kapab genyen tout bagay lajan te kapab achte, men ki te pèdi bagay ki pi enpòtan nan lavi yopou li te ka akimile byen mond la” (*Continuing the Quest* [1961], 32–35; italik yo ajoute).

Nan liv Mòmmon an, pwofèt Jakòb te bay yon konsèy enpòtan sou sijè:

“Men anvan nou chèche richès, chèche wayòm Bondye.

“Epi apre nou fin jwenn yon espwa nan Kris nou pral jwenn richès, *si nou chèche yo*; epi nou pral chèche yo ak entansyon pou fè byen—pou abiye moun toutouni yo, epi nourri moun grangou yo, epi libere prizonnye yo, epi pote soulajman pou malad ak aflije yo (Jakòb 2:18–19; italik yo ajoute).

Fondasyon an ak pèspektiv la lèsa se: Nou dwe chèche wayòm nan premyèman, travay ak planifye avèk sajès, planifye pou lavni, epi itilize tout richès nou kòm benediksyon pou ede bati wayòm nan. Lè nou gide pa pèspektiv etènèl sa epi bati sou fondasyon fèm sa, nou kapab akonpli avèk konfyans devwa chak jou nou yo ak travay lavi nou, ke nou dwe planifye avèk swen epi akonpli avèk dilijans.

Se nan kontèks sa mwen ta renmen eksplike senk prensip konstans ekonomik.

### ***Peye yon dim onèt***

*Konstans #1: Peye yon dim onèt.* Mwen souvan mande m si nou rann nou kont ke peye dim nou se pa tankou nou fè legliz la oubyen Seyè kado. Peye dim retire n anba dèt devan Seyè a. Seyè a se sous tout benediksyon, ki enkli lavi a limenm.

Peye yon dim konplè se yon kòmandman, yon kòmandman avèk yon pwomès. Si nou obeyi

kòmandman sa, nou gen pwomès ke nou pral ‘pwospere nan peyi a.’<sup>21</sup> Pwospèrite sa vle di plis pase byen materyèl—li ka enkli jwi yon bon sante ak fòs nan lespri. Li enkli solidarite familyal ak kwasans espirityèl. Mwen espere sila yo pami nou ki p ap peye yon dim konplè pral chèche lafwa ak fòs pou fè sa. Lè ou dechaje w anba obligasyon sa devan Kreyatè ou, ou pral jwenn anpil, anpil bonè, tke sèlman sila yo ki fidèl nan kòmandman sa kapab konnen.

### **Viv ak pridans**

*Konstans #2 Viv nan limit sa nou touche.* Mwen te dekouvri ke pa gen okenn mwayen pou ou kapab janm depanse *plis* pase sa ou touche. Mwen konvenki ke se pa kantite lajan yon moun touche ki pote lapè nan lespri men se pito genyen *kontwòl* lajan li. Lajan kapab yon bon sèvitè men yon move kontwòlè. Sila yo ki planifye nivo lavi ki pèmèt yo jwenn yon kras anplis, gen sityasyon yo sou kontwòl. Sila yo ki depanse yon tikras plis pase sa yo touche lage bay sityasyon yo pou kontwole yo. Yo anba kòd. Prezidan Heber J. Grant te di yon fwa: “Si genyen yon grenn bagay ki pral pote lapè ak kontantman nan kè lòm, epi andedan fanmi an, se pou viv nan limit mwayen nou. Epi si genyen yon grenn bagay ki ekrazan, dekourajan, ak demoralizan, se pou genyen dèt ak obligasyon ke moun na pa kapab peye” (*Gospel Standards*, konpile pa G. Homer Durham [1941], 111).

Kle pou depanse mwens ke sa nou touche a senp—li rele disiplin. Menmsi se bone oubyen ta nan lavi a, nou tout dwe finalman aprann disiplin tèt nou, apeti nou yo, ak dezi ekonomik nou yo. Ala li beni yon moun ki aprann depanse mwens ke sa li touche epi mete yon bagay akote pou move jou yo.

### **Fè diferans ant nesosite ak dezi.**

*Konstans #3: Aprann fè diferans ant nesosite ak dezi.* Se lòm ki kreye tandans pou satisfè apeti. Sistèm lib antrepriz ak konpetisyon nou an pwodui byen ak sèvis san limit ki eksite dezi nou pou genyen plis konfò ak liks. Mwen pa kritike system nan oubyen disponiblite byen oubyen sèvis yo. Mwen gen pwoblèm pou moun ki itilize jijman sou sa yo tandè nan achte. Nou dwe aprann ke sakrifis se yon pati enpòtan nan disiplin etènèl nou.

Nan peyi sa ak anpil lòt, anpil paran ak pitit ki te fèt depi Dezyèm Lagè mondial la te konnen sityasyon pwospèrite sèlman. Anpil te vin abitye ak jwisans rapid. Te gen anpi opòtinite pou travay pou tout moun ki kapab travay. Sa ki te yon liks yè pou pi fò moun se nesosite jodia.

Sa demontre pa jèn koup yo ki bezwen mèb nan fwaye yo epi, depi yo kòmanse maryaj yo, bay tèt yo liks, ke paran yo ki te redi ak fè sakrifis jere pou vin genyen sèlman apre anpil ane. Nan vle twòp twò

bonè, jèn koup yo ka tonbe anba plan kredi fasil, epi konsa plonje tèt yo nan dèt. Sa k ap kenbe yo lwen mwayen finansye nesèsè pou fè jan legliz la sigjere nan zafè rezèv manje ak lòt pwogram pou sekirite yo.

Eksè ak move jesyon lajan mete yon gwo presyon sou relasyon maryaj yo. Plis pwoblèm nan maryaj yo, sanble, soti apati sous ekonomik—oubyen twò piti salè pou soutni fanmi an oubyen move jesyon salè ki rantrè a

Yon jèn papa te vin kote evèk li pou konsèy finansye epi te rakonte yon istwa nou tande twò souvan: “evèk, mwen se yon ekselan enjenyè, epi mwen rantrè yon bon salè. Sanble tout tan mwen lekòl mwen te aprann kijan pou fè lajan, men pèsonn pa te aprann mwen kijan pou jere lajan.”

Pandan nou kwè s'eyon bon bagay pou chak etidyan ta pran yon klas sou edikasyon pou konsòmè, premye fòmasyon an rete sou do paran yo. Paran yo pa kapab kite fòmasyon enpòtan sa sou chans oubyen transfere responsablite a totalman sou lekòl piblik ak inivèsite yo.

Yon pati enpòtan nan fòmasyon sa ta dwe pou eksplike dèt. Pou pi fò nan nou gen de kalte dèt finansye—dèt pou konsomasyon gen pou wè ak achte kredi bagay nou itilize oubyen konsòm nan lavi chak jou. Egzanp ta dwe enkli premye peman pou rad, istansil, mèb, etsetera. Dèt konsomasyon asire nan ipoteke sa nou pral rantrè pi devan. Sa kapab trè danje. Si nou pèdi travay, andikape, oubyen rankontre ijans grav, nou genyen difikilte pou satisfè obligasyon nou yo. Premye peman yo se depans ki chè pou fèt. Ka gen yon gwo enterè ak frè sèvis ki ajoute sou pri byen nou achte yo.

Mwen reyalize ke jèn fanmi yo jwenn li nesèsè souvan pou achte sou kredi. Men nou avèti yo pou pa achte plis pase sa ki reyèlman nesèsè epi peye dèt la nèt pi vit yo kapab. Lè pa gen anpil lajan, evite fado anplis chay enterè anplis yo.

Dèt pou investisman ta dwe genyen bonjan sekirite pou yo pa ankonbre sekirite fanmi an. Pa investi nan aktivite ki pa klè. Bagay ki pa klè yo kapab vin kontajye. Anpil fòtin te detwi nèt pa apati san kontwòl pou akimile pi plis. An nou aprann apati tristès nan pase yo epi evite mete tan nou, enèji, ak sante n anjeneral anba esklavaj apati voras nou pou ogmante byen materyèl yo.

Prezidan Spencer W. Kimball te bay yon konsèy ki fè reflechi:

“Seyè a te beni nou kòm pèp avèk pwosperite ki pa sanble ak okenn epòk lontan. Resous yo ki te disponib pou nou yo bon, nesèsè pou travay nou sou tè a. Men mwen krenn ke anpil nan nou pa twò chita sou twoupo ak bèt yo ak tè yo ak fèm yo ak richès epi te kòmanse adore yo kò fo dye, epi yo genyen

pou vwa sou nou. Eske nou genyen plis nan bagay sa yo pase kote lafwa nou kapab rive? Anpil moun te pase pi fò nan tan yo ap travay pou sèvi pwòp tèt pa yo sa ki enkli ase lajan, depo, realsyon, gwoup investisman, byen, kat kredi, mèb. Otomobil, ak bagay ki *garanti* sekirite materyèl, atravè yon lavi long ak bonè, jan yo esperel. Nou bliye reyalyte ke devwa nou se pou itilize pakèt resous sa yo nan fanmi nou ak kowòm yo pou bati wayòm Bondye a” (“The False Gods We Worship,” *Ensign*, Jen 1976, 4).

Kòm yon temwayaj, pèmèt mwen ajoute sa sou deklarasyon prezidan Kimball la. Mwen pa konnen okenn sitiyasyon kote bonè ak lapè nan lespri te ogmante nan ranmase byen depase sa fanmi an vle ak bezwen reyèlman.

### Fè bidjè avèk sajès

*Konstans #4: Devlope epi viv nan limit yon bidjè.* Yon zanmi mwen te genyen yon pitit fi ki te vwayaje ale nan yon pwogram aletranje pou yon semès. Li te ekri lakay li san rete pou mande lajan. Zanmi m te tèlman gen pwoblèm li te rele kote l yo a pou poze kesyon sou rezon li bezwen plis lajan. Yon moman nan konvèsasyon an ptiti fi a te eksplike, “men papi, mwen pa kapab di ou kijan mwen te depanse chak senk kòb.”

Li te reponn, “Sanble ou pa konprann pozisyon m. Mwen enterese nan yon bidjè—yon plan pou depans—se pa yon rapò sou kote lajan an te ale.”

Petèt paran yo ta dwe tankou papa yon tigason nan inivèsite ki t ap plede di, “san lajan, pa gen plezi, pou pitit gason ou.” Papa li te reponn, “sa gen tristès, lapenn tou, pou papi.”

Mwen te obsève nan entèvyou avèk anpil moun pandan anpil ane ke twòp moun pa genyen yon bidjè reyalyis epi pa disipline tèt yo pou suiv sa ki ladan. Anpil moun panse yon bidjè retire libète yo. Okontrè, moun ki reyisi yo te aprann ke yon bidjè rann yon vrè libète ekonomik posib

Fè yon bidjè ak jere finans pa nesèsèman konplike oubyen fatigan. Yo rakonte istwa papa yon imigran ki te konsève kont sou depans li nan yon bwat soulye, kont sou sa l rantrè nan yon kazye, epi lajan likid li nan yon rejis pou sa.

Pitit gason li a te di “mwen pa wè kijan ou kapab mennen yon biznis konsa. “Kijan pou ou konnen ki benefis ou fè?”

Biznismann nan te reponn “pitit gason mwen, “lè mwen te desann sou bato a, mwen te genyen sèlman pantalon ki te sou mwen yo. Jodia sè ou se yon pwofesè pou atis, frè ou se yon doktè, epi ou se yon kontab. Mwen genyen yon machin, yon fwaye, ak yon bon biznis. Mwen peye tout bagay nèt. Konsa lè mwen adisyon nou tout, retire pantalon an, epi sa se pwofi mwen.”

Konseye finansye saj yo anseye ke genyen kat eleman diferan nan tout bon bidjè. Ta dwe gen pwovizyon *premyèman* pou bezwen debaz pou fonksyone tankou manje, rad, etsetera; *dezyèman*, pou kantite pou peye sou kay achte; *twazyèman*, pou bezwen dijans yo tankou epay, asirans sante, ak asirans vi; epi, *katriyèman*, pou envestisman saj ak pwogram rezèv pou demen.

Kite m bay kòmantè sou de nan eleman sa yo. Pa gen anyen ki pi sèten nan lavi nou pase bagay sanzatann. Avèk pri swen sante, asirans sante se sèl fason fanmi yo kapab fè fas ak aksidan grav, maladi, oubyen pri matènite, patikilyèman pou pitit prematire yo. Asirans vi founi rante lajan sanrete lè moun ki t ap founi an mouri bonè. Tout fanmi ta dwe fè pwovizyon pou bonjan asirans sante ak vi.

Aprè bezwen debaz yo fin satisfè, nou ta dwe nan jesyon pridan epaye regilyèman pou kreye fon pou envestisman. Mwen te obsvève ke pa gen anpil moun ki te reyisi nan envesti si yo pa te anvan sa gen abitud

fè epay regilyèman. Sa mande disiplin ak bonjan jijman. Gen anpil fason pou envesti. Sèl konsèy mwen se pou chwazi ak sajès konseye sou envestisman. Asire ou ke yo merite konfyans ou dapre rapò envestisman reyisi.

### Rete onèt

*Konstans #5: Rete onèt nan tout zafè finans.* Ideyal entegrite pap janm pase mòd. Li aplike nan tout sa n ap fè. Kòm dirijan ak manm nan legliz la, nou ta dwe pèsionifye entegrite.

Frè m ak swen yo, atravè senk prensip sa yo, mwen te eseye ekspoze sa ki a ka konsidese kòm vrè model jesyon resous ak finansye.

Mwen espere nou chak ka benefisye nan aplike yo. Mwen rann temwayaj mwen ke yo vrè epi ke legliz sa aj travay nou enplike ladan an vrè.

Apati yon diskou Prezidan Tanner nan sesyon jeneral antrèd nan Konferans jeneral legliz la an Oktòb 1979 (gade Conference Report, Oktòb 1979, 117–21; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 80–82).





# PATI B

## RESPONSABLITE PARAN YO POU FÒTIFYE FANMI YO







# “TIMOUN SE YON ERITAJ SENYÈ A”

# 9

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Pran angajman pou pase tan separeman avèk chak nan pitit ou yooubyen avèk yon timoun nan fanmi elaji ou. Lè ou pale avèk chak timoun,

chèche aprann yon bagay nèf konsènan enterè yo, bezwen yo, ak defi yo.

- Pran tan pou pale konsènan pitit ou yo avèk konjwen ou. Anvizaje pwenfò ak defi chak timoun yo. Detèmine kisa ou kapab fè pou satisfè bezwen chak timoun.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### TIMOUN PRESYE YO, YON KADO BONDYE

Prezidan Thomas S. Monson  
Premye Konseye nan Premye Prezidans la

Apati liv Matye a nou aprann ke apre Jezi ak disip li yo te desann soti sou montay Transfigirasyon an, yo te poze nan Galile, apres a yo te rive nan Kapènawòm. Disip yo te di Jezi, “Kiyès ki pi gran nan wayòm syèl la?”

“Epi Jezi te rele yon timoun piti vin kote l, epi li te mete li nan mitan yo,

“Epi li te di, An verite mwen di nou, Si nou pa konvèti, epi vin tounen tankou timoun piti yo, nou pa p antre nan wayòm syèl la.

“Nenpòt moun ki imilye tèt li tankou timoun piti sa, se limenm ki pi gran nan wayòm syèl la.

“Epi nenpòt moun ki akeyi yon timoun piti konsa nan non mwen resevwa mwen.

“Men nenpòt moun ki ofanse yonn nan timoun piti sa yo ki kwè nan mwen, li t ap pi bon pou li pou yo ta mare yon pwalou nan kou li, epi pou yo koule li anba fon lanmè.”<sup>1</sup>

Mwen panse li enpòtan ke Jezi te renmen timoun piti sa yo ki te fèk kite preegzistans la pou vini sou tè a. Timoun epòk sa ak timoun kounyeya beni lavi nou, enspire lanmou nou, epi estimile bon aksyon nou yo.

Eske li pa mèveye ke powèt Wordsworth pale konsa sou nesans nou: “pakèk nyaj lagwla nou pote/ Soti kote Bondye, nan fwaye nou.”<sup>2</sup>

Pifò nan timoun piti yo vini jwenn paran ki te reyèlman ap tann pou yo rive, manman ak papa ki rejwi pou tounen yon pati nan mirak sa nou rele

nesans la. Pa gen sakrifis ki twò gran, ni doulè ki twò grav, okenn atant ki twò long.

Sa pa etonan ke nou choke lè yon istwa nan medya ki soti nan yon vil nan Amerika enfòm ke “yon tifi ki fèk fèt ki te vlope nan yon sachè papyè epi depoze nan yon bwat fatra anba obsèvasyon sere nan yon lopital. Timoun nan anfòm. Yon pòt pawòl lopital la te di mèkredi, ‘Se yon bèl bebe, an sante’. Lapolis te di yo te dekouvri timoun nan apre travayè nan fatra yo te bas-kile bwat fatra a nan machin fatra yo epi wè yon bagay bouje nan debri yo. Otorite yo ap chèche manman an.”

Se devwa solanèl nou, privilèj presye nou—opòtinite sakre nou menm—pou akeyi yo nan fwaye nou ak nan kè nou timoun yo ki chame lavi nou yo.

Pitit nou yo genyen twa sal klas pou yo aprann ki byen diferan yonn ak lòt. M ap pale de salklas nan lekòl, salklas nan legliz, epi salklas ki rele fwaye a.

### Salklas nan lekòl la

Legliz la te toujou genyen yon enterè vital nan edikasyon piblik epi ankouraje manm li yo pou patisipe nan aktivite paran-pwofesè ak lòt evènman pi planifye pou amelyore edikasyon jèn nou yo.

Pa gen aspè ki pi enpòtan nan edikasyon piblik pase yon pwofesè ki gen opòtinite pou renmen, anseye, ak enspire tigason ak tifi antouzyas epi jèn gason ak jèn fi yo. Prezidan David O. McKay te di: “Anseye se pwofesyon ki pi nòb nan mond la. Pèmans ak pite fwaye a, sekirite ak lonjevite nasyon an repoze sou bonjan edikasyon jèn nou yo. Paran an bay timoun nan yon opòtinite pou viv; enstriktè a pèmèt timoun nan viv byen.”<sup>3</sup> Mwen kwè nou pral rekonèt enpòtans ak misyon vital yo nan founi espas

apwopriye, pi bon liv yo, ak sale ki montre yo rekonnesans ak konfyans nou.

Chak nan nou sonje sonje avèk afeksyon pwofesè lè nou te jèn. Mwen panse li amizan ke pwofesè mizik mwen nan lekòl elemantè sete Mis Sharp. Li te genyen kapasite pou depoze andedan elèv li yo lanmou pou mizik epi anseye nou idantifye enstriman mizik yo ak son yo. Mwen sonje trè byen enfliyans Mis Ruth Crow ki te anseye zafè lasante. Malgre sete period Depresyon an, li te asire l ke chak elèv sizyèm grad yo te genyen yon kat swen dantè. Li te pèsoneyman tcheke chak timoun pou sante dantè yo epi fè sèten ke atravè resous piblik oubyen prive, okenn timoun pa te rete san bonjan swen dantè. Pandan Mis Burkhaus, ki te anseye jewografi, t ap woule map mond yo epi, avèk make li, make kapital nasyon yo ak karakteristik patikilye chak peyi, lang, kilti, tou piti mwen te antisipe oubyen reve ke yon jou mwen t ap vizite tè sa yo ak moun sa yo.

O, ala pwofesè yo enpòtan nan lavi timoun yo pou remonte lespri yo, apwofondi entelijans yo, epi motive lavi yo toutbon!

### Salklas nan legliz la

Salklas nan legliz la ajoute yon dimansyon vital nan edikasyon chak timoun ak jèn yo. Nan kontèks sa chak enstriktè kapab founi yon model edifyan pou sila yo ki koute leson li epi santi enfliyans temwayaj li. Nan reyinyon Primè, Lekòl Didimanch, Jèn Fi, ak nan prètriz Aawon yo, enstriktè byen prepare yo, ki aple anba enspirasyon Seyè a, kapab touche chak timoun, chak jèn, epi pouse yo pou "chèche. . . nan pi bon liv yo pawòl sajès yo; chèche aprann, menm nan etidye ak nan lafwa."<sup>4</sup> Yon pawòl ankourajman isit yon pase espiyèl laba kapab afekte yon lavi presye epi kite yon enpresyon pèmanan sou yon nanm imòtèl.

Sa gen anpil ane, nan yon dine rekonpans revil legliz la te ofri, nou te chita avèk prezidan ak sè Harold B. Lee. Prezidan Lee s te di Ann, tifi tinedjè nou an: "Seyè a te beni ou avèk yon bèl vizaj ak kò. Kite andedan bèl menmjan ak deyò a, epi ou pral beni avèk vrè bone." Mèt enstriktè sa te kite Ann avèk yon gid enspire pou wayòm selès Papa nou ki nan syèl la.

Enstriktè enb ak enspire nan salklas legliz la kapab depoze nan elèv yo lanmou pou ekriti yo. Paske, enstriktè a kapab mennen apot tan ansyen yo ak Sovè mond la pa sèlman nan salklas la men tou nan kè, lespri, nanm timoun yo.

### Salklas ki rele lakay la

Petèt salklas ki pi enpòtan an se salklas nan fwaye a. Se nan fwaye a ke nou fòme karaktè nou, kwayans

ki pi pwofon nou yo. Se nan fwaye a ke espwa Se nan fwaye a nou kiltive oubyen detwi espwa. Fwaye nou yo se laboratwa pou lavi nou. Kisa nou fè la pou detèmine kous lavi nou lè nou kite fwaye a. Dr. Stuart E. Rosenberg te ekri nan liv li a *The Road to Confidence*, "Malgre tout envansyon tounèf ak dizay modèn, mòd ak foli yo, pèsonn pa te envante, oubyen p ap janm envante, yon ranplasman enteresan pou fanmi pa yon moun."<sup>5</sup>

Yon fwaye bonè se syèl la anvan lè. Prezidan George Albert Smith te mande: "[Eske nou vle fwaye nou yo gen bonè [?] Si nou vle, kite yo tounen yon andwa pou priyè, gratitud ak rekonesans."<sup>6</sup>

Gen sitiyaasyon sa yo kote timoun yo vini nan mòtalite a avè yon andikap fizik oubyen mantal. Tout sa nou ka eseye, li pa p posib pou konnen poukisa oubyen kijan kalte evènman sa yo rive. Mwen salye paran sa yo ki san plenyen pran kalte timoun sa nan bra yo ak nan lavi yo epi founi nivo sakrifis anlplis sa ak lanmou pou pitit Papa nou ki nan syèl la.

Yon epòk ete nan kan familyal nan Aspen Grove, mwen te obsève yon manman ak pasyans ki t ap nouri yon tifi tinedjè ki te vin malad pandan li t ap fèt epi depann totalman sou Manman li. Manman an te ba li chak kiyè manje, chak gòje dlo, pandan li te kenbe tèt ak kou pitit fi li an fèm. An silans mwen te di tèt mwen, pou *17ane*, *Manman an te founi sèvis sa ak tout lòt pou pitit fi li a, san jamè panse ak pwòp konfò li, pwòp plezi li, pwòp manje li*. Se pou Bondye beni kalte manman s yo, kalte papa sa yo, ak timoun sa yo. Epi li pral fè sa.

### Inosans timoun yo

Paran yotout kote reyalize ke melanj emosyon ki pi puisan nan mond la pa vini apati okenn gwo evènman ekstraterès, ni moun pa jwenn li nan woman oubyen liv istwa yo, men sepleman pou yon paran k ap gade yon timoun k ap dòmi.

Lè li fè sa, verite nan pawòl Charles M. Dickinson vini nan panse li:

*Yo se idòl nan kè yo ak fwaye yo!  
Yo se zanj Bondye makiye;  
Solèy la kontinye dòmi nan cheve yo  
Laghlwa li toujou ap briye nan je yo;  
Yo fèk kite fwaye yo epi depi nan syèl la,  
Yo te fè m vin pi janti ak poze;  
Epi mwen konnen atò kijan Jezi te konpare  
Wayòm Bondye a ak yon timoun piti .?*

Nan eksperyans nou chak jou avèk timoun yo, nou dekouvri yo pi reseptif epi souvan pale verite pwofon. Charles Dickens, otè yon klasik *Yon melodi pou Nwèl*, ilistre reyalite kote li te dekri fanmi enb Bob Cratchit rasanble pou dine Nwèl ki te pi mèt men yo te pran plis tan pou prepare. Bob, papa a,

te retounen lakay li avèk tigason frajil li a Tiny Tom sou zepòl li. Tiny Tim "te gen ti fizik, epi janm li te gen yon kad anfè pou sipòte yo." Madanm Bob te mande li, " 'epi kijan ti Tim te konpòte l?'

Bob te di " 'Byen menmjan ak lò,' 'epi pi byen. Antouka li t ap reflechi, nan chita pou kont li twò lontan, epi te reflechi sou bagay ki pi etranj ou te janm tande. Li te di mwen, lè n t ap vini, ke li espere moun yo te wè li legliz la, paske li te yon bosi, epi li ka enteresan pou yo sonje nan jou Nwèl la moun ki te fè kokobe mandyan yo mache, epi moun avèg yo wè.'"<sup>8</sup>

Charles Dickens te di tèt li, "Mwen renmen timoun piti yo, epi se pa yon bagay lejè, lè yo, ki fèk soti kote Bondye, renmen nou."

Timoun yo eksprime lanmou yo nan fason orijinal ak san parèy. Pou anivèsè m sa gen kèk tan, yon tifi presye te ofri m yon kat anivèsè ekri alamen epi andedan anvlop la yon ti seri jwèt ke li te renmen epi li te panse mwen t ap kontan resevwa kòm kado.

"Nan tout bèl atraksyon nan mond la, anyen pa pi bèl pase yon timoun lè l ap bay yon bagay. Li bay nenpòt ti bagay. Yon timoun ba ou mond la. Li ouvè mond la pou ou tankou si sete yon liv ou pa te janm li. Men lè pou jwenn yon kado, se toujou yon ti bagay san sans, kole tou kwochi, . . . yon anj ki sanble yon kloun. Yon timoun tèlman pa gen ase ke li kapab bay, paske li pa janm konnen li te ba ou tout bagay ."<sup>9</sup>

Konsa kado Jenny te ban m lan te ye.

Timoun yo sanble dote avèk lafwas dirab nan Papa nou ki nan syèl la ak kapasite li ak dezi li pou reponn priyè dous yo. Sa se ekperyans pèsonèl mwen ke lè yon timoun priye, Bondye tande.

Kite m pataje avèk ou eksperyans Barry Bonnell ak Dale Murphy, jwè bezbòlt pwofesyonèl renome ki te jwe anvansa nan ekip bezbòl Atlanta Braves. Chak se yon konvèti nan legliz la, Dale Murphy te batize pa Barry Bonnell.

Yon eksperyans ke Bary dekri kòm 'chanje lavi li' te rive pandan sezon 1978. Li t ap redi anpil anpil, pou frape balon an byen. Akòz move pèfòmans li, li pa t gen twòp estim pou tèt li epi te santi l mizerab. Li pa te reyèlman vle ale lè Dale Murphy te mande pou vini avèk li lopital, men li te ale kanmèm. Li te rankontre Ricky Little la, yon sipòtè fawouch [Atlanta] Braves, men yon tijènan ki te malad ak (lesemi)kansè nan san. Li te tou klè ke Ricky te tou pre lanmò. Barry te santi yon pwofon dezi pou panse sou yon pawòl konsolasyon pou l do men anyen pa te sanble apwopriye. Finalman, li te mande si te genyen anyen yo te kapab fè. Tijènan an te ezite, epi li te mande si yo chak t ap reyisi make pi gwo pwen an pou li nan pwochen match la. Barry te di [pita], 'Demand sa sete yon bagay difisil anpil pou Dale, ki anfèt te reyalize de

pwen aswè sa, men mwen t ap redi sou plak la epi m pa t janm make yon pwen pou tout ane a. Apresa mwen te santi yon sansasyon chalè anvayi mwen epi mwen te di Ricky pou l konte sou sa.'" Aswè sa, Barry te make sèl pwen li nan sezon an.<sup>10</sup> Sete repons priyè yon timoun, souwè yon timoun te akonpli.

### Yon nesite pou sekirite

Si sèlman tout timoun yo te genyen paran ki renmen yo, fwaye sekirite, ak zanmi atantif, ala mond la t ap mèveye pou yo. Malerezman, tout timoun pa beni anpil konsa. Kèk timoun temwen ke papa bat manman yo ak mechanste, pandan lòt moun victim abi sa yo. Sa se yon lachte, sa se mechanste, sa se yon wont!

Lopital lokal yo tout kote resevwa timoun piti sa yo, ki tebles ak pran kou, akonpaye pa figi sanwont ki bay manti ke timoun nan "te al frape sou pòt la nan kouri" oubyen "te tonbe nan eskalye yo." Mantè yo, mechan yo ki maltrete timoun yo, yo pral rekòlte tanpèt pou aksyon sal yo a. Ttimoun poze, blese, ofanse ki viktimize move tretman an, pafwa menm ensès, dwe resevwa èd.

Yon jij, nan yon lèt, te declare m: "Abi seksyèl pou yon ti moun se krim ki pi immoral, destriktif, ak demoralizan nan sosyete sivilize. Gen yon ogmantasyon alaman sou abi fizik, sikolojik, ak seksyèl sou timoun ki anrejistre. Tribinal nou yo kòmanse anvayi avèk konpòtman revòltan sa."

Legliz la pa fèmen je sou konduit mechan ak avilisan sa. Okontrè, nou kondane ak ekstrèm rigè kalte tretman sa pou timoun presye Bondye yo. Se pou timoun yo jwenn sekou, atansyon, lanmou, epi gerizon. Se pou trennen ofansè yo devan tribinal, pou rann kont, pou aksyon yo epi resevwa tretman pwofesyonèl pou eradike kalte konduit mechan ak dyabolik sa. Lè ou ak mwen konnen yon konduit konsa epi nou pa pran dispozisyon pou derasinen l, nou tounern yon pati nan pwoblèm nan. Nou pataje kilpabilite a. Nou pote yon pati nan pinisyon an.

Mwen konfyan mwen pa te pale twò di, men mwen renmen timoun piti yo epi konnen ke Seyè a renmen yo tou . Pa gen okenn resi pi touchan sou lanmou sa pase eksperyans Jezi k ap beni timoun yo jan li dekri nan 3 Nefi. Li pale sou Jezi ki geri malad, anseye pèp la, epi priye pap nou ki nan syèl la pou yo. Men apres a kite m site pawòl presye yo:

"[Jezi] te pran timoun yo, yonn pa yonn, epi beni yo, epi priye Papa a pou yo.

"Epi lè li te fè sa li te kriye ankò;

"Epi li te pale ak foul la, epi di yo: Gade timoun piti nou yo.

"Epi lè yo te leve je yo gade yo te voye je yo nan syèl la, epi yo te wèsyèl la ouvè, epi yo te wè zanj ap

desann soti nan syèl la tankou sete nan mitan dife; . . . epi zanj yo t ap sèvi yo.”<sup>11</sup>

Ou ka mande, *Eske kalte bagay sa yo rive menm jodia?* Kite m pataje avèk ou istwa yon granpapa ak yon granmè ki t ap sèvi yon misyon sa gen kèk ane epi fason pititpitit gason yo te beni. Granpapa misyonè a te ekri:

Madanm mwen, Deanna, ak mwen ap sèvi yon misyon kounyeya nan Jackson, Ohio. Yonn nan pi gwo pwoblèm nou lè nou te aksepte apèl misyon an sete pou fanmi nou. Nou pa t ap la lè yo te gen pwoblèm.

“Jis anvan nou ale an misyon, pititpitit gason nou, R. J., ki te genyen dezan-edmi, te dwe opere pou korije yon je vèwon. Manman li te mand em pou ale avèk li paske R. J. ak mwen te bonjan patnè. Ooperasyon an te byen pase, men R. J. te kriye anvan ak apre operasyon an paske pèsonn nan fanmi li pa te kapab antre nan sal operasyon an, epi li te pè.

Apeprè si mwa apre, pandan nou te toujou nan misyon nou, R. J. te bezwen pou lòt je a korije. Manman li te telefone epi eksprime dezi li pou mwen ta ale avèk yo nan dezyèm operasyon an. Bnatirèlman, distans ak misyon an te anpeche m avèk yo. Deanna ak mwen te jene pou Seyè a konsole pititpitit gason nou an pandan operasyon li a.

“Nou te rele yon ti tan apre operasyon an te fini epi nou te jwenn ke R. J. te sonje premye eksperyans la epi li pa te vle kite paran li yo. Men lamem li te antre nan sal operasyon an, li te kalme nèt. Li te kouche sou tab operasyon an, retire linèt li, epi li te fè operasyon an avèk yon espri kalmi. Nou te trè rekonnesan; priyè nou yo te jwenn repons.

“Kèk jou apre, nou te rele pitit fi nou epi mande pou R. J. Li te anfòm, epi li te rankonte nou bagay sa: Nan apremidi apre operasyon an, R. J. te reveye epi rakonte manman li ke Granpapa li te la pandan tout operasyon an. Li te di, ‘Granpapa te la epi li te fè totu bagay byen pase.’ ou wè, Seyè a te fè aneste ztolojis la sanble pou tigason an tankou sete granpapa li, men granpapa ak granmè te nan misyon yo 2897 kilomèt byen lwen.”

Grandpapa k apa te sou kote kabann ou, R. J., men ou te nan priyè li ak nan panse li yo. Seyè a te kenbe ou nan bra li epi Pap a nou tout te beni ou.

Chè frè ak sè mwen yo, se pou kè kontan timoun yo fè kè nou kontan. Se pou lafwa timoun yo adousi nanm nou. Se pou lanmou timoun yo estimile aksyon nou yo. “Pitit se eritaj Senyè.”<sup>12</sup> Se pou Papa nou ki nan syèl la toujou beni timoun enteresan sa yo, zanmi espesyal sa yo pou Mèt la.

Apati *Ensign* Jen 2000, paj 2–5.

---

## NÒT

1. Matye 18:1–6.
2. “Ode: Intimations of Immortality from Recollections of Early Childhood.”
3. *Gospel Ideals* (1954), 436.
4. Doktrin ak Alyans 88:118.
5. *The Road to Confidence* (1959), 121.
6. Nan Conference Report, Avril 1944, 32.
7. Apati *The Children*, in Jack M. Lyon ak lòt editè, *Best-Loved Poems of the LDS People* (1996), 21.
8. *A Christmas Carol and Cricket on the Hearth* (san dat.), 50–51.
9. Margaret Lee Runbeck, *Bits & Pieces*, 20 Septanm 1990.
10. James L. Ison, *Mormons in the Major Leagues* (1991), 21.
11. 3 Nefi 17:21–24.
12. Sòm 127:3.

# WÒL SAKRE PAPA AK MANMAN YO

# 10

PATI 1: WÒL PAPA YO

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Repase wòl papa ak manman yo jan li detaye nan setyèm paragraf nan “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la”<sup>26</sup> (gade paj iv). Nan lapriyè detèmine kijan konsèy la aplike nan fwaye ou ak kisa ou pral fè pou suiv li.
- Ekri yon lèt pou papa ou oubyen granpapa ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa avèk konjwen ou.

### POU PAPA YO NAN IZRAYÈL

Prezidan Ezra Taft Benson  
13zyèm prezidan legliz la

Chè frè mwen yo, mwen rekonesan pou mwen avèk nou nan asanble gloriye prèttriz Bondye a. Mwen priye ke lespri Seyè a rete avèk mwen ak nou pandan mwen pral pale avèk nou sou yon sijè vital anpil. Aswè a mwen ta renmen pale ak papa yo ki rasanble isit la epi nan tout legliz la konsènan apèl sakre yo a.

Mwen espere jèn jan yo nou pral koyte avèk atansyon, paske n ap prepare kounyeya pou vin papa nan legliz la demen.

#### Yon apèl etènèl

Papa yo, nou gen yon apèl etènèl kote nou p ap janm relve. Apèl yo nan lelgiz la, ak tout enpòtans yo ka genyen, natirèlman se pou yon period tan, epi apres a yon relèv apwopriye vin fèt. Men apèl pou papa a etènèl, epi enpòtans li travèse tan. Se yon apèl pou tout tan ak letènite.

Prezidan Harold B. Lee te reyèlman deklare ke “pi enpòtan nan travay Seyè a ke nou [papa yo] pral travay nou fè andedan miray pwòp fwaye nou. Enstriksyon nan fwaye, travay nan episkopa, ak lòt devwa nan legliz la yo tout enpòtan, men travay ki pi enpòtan an se andedan miray fwaye nou” (*Strengthening the Home* [pamphlet, 1973], 7).

Konsa, ki responsablite yon papa andedan miray sakre fwaye li? Pèmèt mwen sijere de responsablite debaz pou chak papa nan Izrayèl.

#### Founi bezwen materyèl

Premyèman, ou gen yon responsablite sakre pou founi bezwen materyèl pou fanmi ou.

Seyè a te klèman defini wòl yo nan founi ak leve yon posterite jis. Nan kòmansman an, Adan, non pa Èv, te jwenn enstriksyon pou chèche pen nan swè fwon li.

Apot Pòl konseye mari ak papa yo, “Men si nenpòt nan nou pa pran swen moun li yo, epi espesyalman sila yo ki nan pwòp kay li, li renye lafwa a, epi li pi mal pase yon payen” (1 Timote 5:8).

Nan kòmansman istwa legliz retabli a, Seyè ate espesifikman chaje gason yo avèk obligasyon pou pran swen madanm yo ak fanmi yo. An Janvyè 1832 li te di, “Anverite mwen di nou, tout gason ki gen obligasyon pou pran swen fanmi li, kite l fè l, epi li pa p okenn fason pèdi kouwòn li” (D&A 75:28). Twa mwa pita Seyè a te di ankò, “Fi yo gen dwa ak sipò mari yo pou antretyen yo, jistan yo pa la ankò” (D&A 83:2). Sa se dwa diven yon madanm ak yon manman. Pandan l ap pran swen epi nourri pitit li yo nan fwaye a, mari li pote lajan pou fanmi an, sa ki pèmèt li posib pou nourri yo.

Nan yon fwaye kote gen yon mari ki kapab fizikman, se dwe li ki pote pen an. Kèkfwa nou tande mari ki, akòz sitiyasyon ekonomik yo, pèdi travay yo epi atann ke madanm yo kite fwaye a pou ale travay, malgre mari a toujou kapab pran swen fanmi an. Nan ka sa yo, nou rekòmande mari yo pou fè tout sa ki nan pou vwa yo pou pèmèt madanm yo rete nan fwaye a okipe timoun yo pandan li kontinye pran swen fanmi an pi byen li kapab, menmsi travay li jweven nan ka se pa ideyal la epi bidjè fanmi an ta dwe vin sere.

Nesesite pou edikasyon oubyen bagay materyèl yo tou pa jistifye ranvwaye fè pitit pou kenbe madanm nan travay kòm moun k ap pote pen nan fanmi an.

## Konsèy prezidan Kimball

Mwen sonje konsèy pwofèt byenneme nou Spencer W. Kimball pou etidyan ki marye yo. Li te di: “Mwen te di anpil dizèn milye jèn moun ke lè yo marye yo pa ta dwe tann pou fè pitit jistan yo fini lekòl ak dezi finansye yo. . . . Yo ta dwe viv ansanm nòmalmman epi kite timoun yo vini. . . .”

Prezidan Kimball te kontinye, “mwen pa konnen okenn ekriti kote jèn madanm yo te jwenn otorizasyon pou fè yon kanpe sou fanmi yo epi ale travay pou mari yo ka kontinye lekòl. Gen milye mari ki te travay pandan yo lekòl epi an menm tan elve fanmi yo” (“Marriage Is Honorable,” nan *Speeches of the Year, 1973* [1974], 263).

## Wòl yon manman nan fwaye a

Frè yo nan prètriz la, mwen kontinye ensiste sou enpòtans pou manman yo rete nan fwaye a pou nourri, pran swen, epi fòme pitit yo nan prensip jistis yo.

Lè mwen vwayaje nan tout legliz la, mwen santi ke gwo majorite nan manman sen dènye-jou yo reyèlman anvi suiv konsèy sa. Men nou konnen ke kèkfwa madanm nan travay deyò fwaye a avèk ankourajman, oubyen menm ensistans, mari li. Se limenm ki vle bagay deliks sa ke lajan anplis la kapab achte. Non sèlman fanmi an soufri nan sitiya-syon konsa, men pwòp pwogresyon ak kwasansespirityèl nou praal antrave. M ap di nou tout, Seyè a te chaje gason yo avèk responsablite pou pran swen fanmi yo nan yon fason ki pèmèt madanm nan ranpli wòl li kòm manman nan fwaye a.

## Preparasyon famiyal pi ijan jodia

Papa yo, yon lòt aspè nan founi nesosite materyèl yo pou fanmi nou se pwovizyon nou ta dwe fè pou fanmi nou pou ka ijans. Preparasyon famiyal se yon prensip byennèt ki tabli lontan. Li menm pi ijan jodia.

Mwen mande nou sensèman, eske nou te founi fanmi nou yon ane rezèva manje, rad, epi, si posib, gaz? Revelasyon pou pwodui epi estoke manje ka vin esansyèl pou byennèt tanporèl nou jodia menmjan ak lè moun yo t ap monte abò bato a nan epòk Noye a.

Epi tou, eske nou ap viv nan limit sa nou rantre epi epaye yon tikras?

Eske nou onèt avèk Seyè a nan peman dim nou yo? Viv lwa divin sa pral pote alafwa benediksyon espirityèl ak materyèl.

Wi, frè yo, kòm papa nan Izrayèl nou gen yon gwo responsablite pou founi bezwen materyèl pou fanmi nou epi pou genyen pwovizyon nesèsè nan ka ijans.

## Founi lidèchip espirityèl

Dezyèmman, ou gen yon responsablite sakre pou founi lidèchip espirityèl nan fanmi ou.

Nan yon bwochi Konsèy Douz yo te pibliye sa gen kèk ane, nou te di bagy sa a: Patènite se lidèchip, kalte lidèchip ki pi enpòtan an. Se konsa sa te toujou ye; l ap toujou konsa. Papa, avèk asistans epi konsèy ak ankourajman kapay etènèl ou a, ou preside nan fwaye a” (Papa, anvizaje metòd ou yo [bwochi, 1973], 4–5).

Men, ansanm avèk pozisyon pou prezide sa a obli-gasyon enpòtan mache. Kèkfwa nou tandè istwa sou gason, menm nan legliz la, ki panse paske yo nan tèt fwaye a sa yon jan mete yo nan yon wòl siperyè epi pèmèt yo pase lòd epi fè fanmi yo egzijans.

Apot Pòl fè remake ke “mari a se tèt madanm nan, menmjan Kris la se tèt legliz la” (Efezyen 5:23; italik yo ajoute). Sa se modèl nou dwe suiv lanan wòl nou pou prezide nan fwaye a. Nou pa jwenn Sovè a k ap dirije legliz la avèk gwo ponyèt. Nou pa jwenn Sovè a k ap trete legliz li a avèk irespè ounyen neglijan. Nou pa jwenn Sovè a k ap itilize fòs oubyen kontrent pou reyalize bi li yo. Okenn kote nou pa jwenn Sovè a k ap fè anyen sinon sa ki edifye, remonte, konsole, epi montre admirasyon pou legliz la.. Frè yo, m ap di nou avèk tou severite, li se model nou dwe suiv lè nou pran kontòl espirityèl fanmi nou.

Sa patikilyèman vrè nan relasyon ou avèk madanm ou.

## Renmen madanm ou

LA ankò konsèy Apot Pòl la se sa ki pi bèl epi se bagay la menm. Li te di senpleman, “Mari yo, renmen madanm nou, menmjan Kris la tou renmen legliz la” (Efezyen 5:25).

Nan revelasyon dènye jou yo Seyè a pale ankò sou obligasyon sa. Li te di, “Ou pral renmen madanm ou avèk tout kè ou, epi soude avèk li epi pèsenn lòt” (D&A 42:22). Nan konesans mwen genyen yon sèl bagay nan tout ekriti yo ke nou jwenn kòmandman pou renmen avèk tout kè nou, epi se Bondye limenm. Panse sou kisa sa vle di!

Ou kapab montre kalte lanmou sa pou madanm ou nan tèlman anpil fason. Premyèmman ak pi enpòtan an, anyen eksepte Bonbye limenm pa gen priorite sou madanm ou nan lavi ou—ni travay, ni distrak-syon, ni pastan yo. Madanm ou se asosye presye, etènèl ou—konpayon ou.

Kisa sa vle di pou renmen yon moun avèk tout kè ou? SA vle di pou renmen avèk tout santiman emosyonèl ou yo epi avèk tout devouman ou. Asireman lè ou renmen madanm ou avèk tout kè ou, ou pa kapab degrade li, kritike li, jwenn fot nan li, oubyen maltrete li nan pawòl, nan kòlè toutan, oubyen nan aksyon.

Kisa sa vle di pou “soude avèk li”?<sup>30</sup> Sa vle di pou rete tou pre li, pou rete lwayal epi fidèl ak li, pou kominike avèk li, epi eksprime lanmou ou pou li.

Renmen vle di rete sansib pou santiman ak bezwen li yo. Li toujou vle ou remake li epi cheri li. Li vle ou di li ke ou toujou wè li atiran, chaman ak enpòtan pou ou. Renmen vle di ou mete byennèt li ak respè pou li kòm yon gwo priyorite nan lavi ou.

Ou ta dwe rekonesan ke li se manman pitit ou yo epi rèn nan fwaye ou, rekonesan ke li te chwazi okipe kay la ak matènite—pou pote, pou nourir, pou renmen, epi pou fòme pitit ou yo—kòm apèl ki pi nòb nan tout.

Mari yo, rekonèt entelijans madanm nou ak abilite li pou konseye ou tankou yon asosye reyèl konsènan planifikasyon famiyal yo, aktivite famiyal yo, ak bidjè fanmi an. Pa fè chich ak tan ou oubyen mwayen ou yo.

Ba li opòtinite pou grandi entèlektyèlman, emosyonèlman, epi sosyalman ak tout espiyèlman tou.

Sonje, frè yo, lanmou ka kiltive epi nourir pa ti jès piti yo. Flè nan okazyon espesyal yo ekstraòdinè, men konsa tou pou volonte ou pou ede avèk asyèt yo, chanje daypè, reveye avèk yon timoun k ap kriye lannuit, kite televizyon an oubyen jounal pou ede avèk dine a. Sa yo se mwayen poze nou di “mwen renmen ou” avèk aksyon yo. Yo pote anpil diplis pou yon ti kras efò.

Kalte lidèchip devwe sa nan prèttriz la aplike pou pitit ou menmjan pou madanm ou.

### Wòl yon papa nan fwaye a

Manman yo jwe yon wòl enpòtan kòm nanm fwaye a, men sa nan okenn fason pa diminye wòl enpòtan papa yo ta dwe jwe tou, kòm tèt fwaye a, nan nourir, fòme, ak renmen pitit yo.

Kòm patriyach nan fwaye a, ou gen yon gwo responsablite pou asime lidèchip nan travay avèk timoun yo. Ou dwe ede kreye yon fwaye kote lespri Seyè a kapab demere. Pozisyon ou se bay direksyon pou lavi tout fanmi an. Ou ta dwe patisipe aktivman nan tabli règ ak disiplin nan fanmi an.

Fwaye yo ta dwe vin tounen refij pou lapè ak lajwa pou fanmi ou. Asireman okenn timoun pa ta dwe pè pwòp papa li—espesyalman papa nan prèttriz la. Devwa yon papa se pou fè fwaye l tounen yon kote genyen bonè ak lajwa. Li pa kapab fè sa lè genyen goumen, batay, chirepit, oubyen konpòtman enjis. Efè puisan papa jis yo nan tabli egzans, disiplin ak fòme, nourir ak renmen vital pou byennèt espiyèl timoun yo.

### Bay lidèchip espiyèl

Avèk lanmou nan kè mwen pou papa yo nan Izrayèl, pèmèt mwen sigjere dis fason espesifik papa yo kapab bay lidèchip espiyèl pou pitit yo:

1. Bay pitit nou yo benediksyon patènèl. Batize ak konfime pitit nou yo. Òdone pitit gason nou yo nan prèttriz la. Sa yo pral tounen eleman esansyèl nan lavi pitit nou yo.

2. Pèsonèlman dirije priyè famiyal yo, etid ekriti yo chak jou, ak sware famiyal chak semèn. Enplikasyon pèsonèl nou pral montre pitit nou yokijan aktivite sa yo reyèlman enpòtan.

3. Chak fwa sa posib, asiste reyinyon legliz la kòm yon fanmi. Adorasyon famiyal anba lidèchip nou vital pou byennèt espiyèl pitit nou.

4. Ale nan sòti papi-pititfi ak papa-ak-pitit gason yo avèk pitit nou yo. Kòm yon fanmi, ale nan kan ak piknik, nan bal ak resital, nan pwogram lekòl yo, etsetera. Lè papi la sa fè tout diferans la.

5. Bati tradisyon vakans ak vwayaj ak sòti famiyal. Pitit nou yo p ap janm bliye souvni sa yo.

6. Genyen ti pale apa regilyè avèk pitit nou yo. Kite yo pale konsènan sa yo ta renmen. Anseye yo prensip levanjil la. Anseye yo vrè valè yo. Di yo ou renmen yo. Moman pèsonèl avèk pitit nou yo di yo ki kote papi mete priyorite li yo.

7. Anseye pitit nou yo pou travay, epi montre yo enpòtans travay nan direksyon yon objektif diy. Etabli fon pou misyon ak edikasyon pou pitit nou to montre yo kisa papi konsidere kòm enpòtan.

8. Ankouraje bon mizik ak la ak literati nan fwaye nou yo. Fwaye yo ki genyen yon espri elegans ak bote pral beni lavi pitit nou yo pou tout tan.

9. Dapre sa distans pèmèt, ale regilyèman nan tanp la avèk madanm nou. Pitit nou yo pral pi byen konprann enpòtans maryaj tanp ak alyans tanp yoepi selil famiyal etènèl la.

10. Kite pitit nou yo wè lajwa nou ak satisfaksyon nou nan sèvis pou legliz la. Sa kapab kontamine yo, konsa yo, tou, yo pral anvi sèvi nan legliz la epi pral renmen wayòm nan.

### Apèl ou ki pi enpòtan an

Oh, mari ak papa yo nan Izrayèl, nou kapab tèlman fè anpil bagay pou Sali ak egzaltasyon pou fanmi nou yo! Responsablite nou yo tèlman enpòtan.

Sonje apèl sakre ou kòm yon papa nan Izrayèl—apèl ou ki pi enpòtan nan tan ak pou letènite—yon apèl yo pap janm relve nou ladan.

Se pou nou toujou founi bezwen materyèl pou fanmi nou epi, avèk konpayon etènèl nou sou kote n, se pou nou akonpli responsablite sakre pou founi lidèchip nan fwaye nou.

Apati yon diskou pa prezidan Benson nan sesyon prèttriz nan konferans jeneral legliz la pou Oktòb 1987 (gade Conference Report, Oktòb 1987, 59–63; oubyen *Ensign*, Novanm 1987, 48–51).



# WÒL SAKRE PAPA AK MANMAN YO

# 11

PATI 2: WÒL MANMAN YO

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo..

- Nan pwoklamasyon sou fanmi an, nou jwenn konsèy ke “manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal” (gade paj iv nan gid etid sa). Avèk konjwen ou repase 10 sigjesyon prezidan

Ezra Taft Benson pou papa yo, nan paj 41–42 nan gid etid sa, ak 10 sigjesyon pou manman yo, nan paj 45–47. Diskite fason nou kapab travay ansanm epi sipòte yonn lòt nan reponsablite sa yo.

- Ekri yon lèt pou manman ou oubyen granmè ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa yo. Si ou marye, li epi diskite atik sa yo avèk konjwen ou.

### “POUTÈT LI SE YON MANMAN”

Eldè Jeffrey R. Holland  
Nan Kowòm Douz Apot yo

### Konpliman pou manman yo

Genyen kèk liy ke Victor Hugo te ekri nou li:

“Li te kase pen an fè de mòso epi li te ba pitit li yo, ki te manje avèk antouzyas. Sèjan an te gwonde ‘li pa te kenbe anyen pou limenm.

Sòlda a te di “ ‘Paske li pa te grangou.’

Sèjan an te di, “ Non, paske li se yon manman.””

Nan yon ane kote n ap selebre lafwa ak kouraj sila yo ki te fè travès difisil sa atravè Ayowa, Nebraska, ak Wayoming, mwen vle pote konpliman pou model modèn manman pyonye sa yo ki te siveye, priye, epi twò souvan antere bebe yo sou wout long sa. Pou fi yo k ap tandè m ki ta reyèlman renmen vin manman epi ki pa manman, mwen di atravè kriye ou ak pa nou yosou sijè sa, Bondye pral toujou, nan jou k ap vini yon lè pi devan, pote “espwa pou kè dezole [a]”.<sup>1</sup> Jan pwofèt yo te san rete anseye l apati tribin sa “okenn benediksyon p ap refize” pou moun fidèl yo, menm si benediksyon sa yo pa vini imedyatman.<sup>2</sup> Antretan nou rejwi ke apèl pou nourri a pa limite ak pwòp pitit san nou sèlman.

Nan pale sou manman yo mwen pa neglije wòl krisyal, ijan papa yo, patikilyèman lè absans papa nan fwaye kontanporen yo konsidere pa kèk moun kòm pwoblèm sosyal esansyèl nan epòk nou an.<sup>3</sup> Anfèt, absans papa kapab yon pwoblèm menm nan fwaye kote yon papa prezan—manje epi dòmi, tankou sete, “pa rimòt kontwòl.”<sup>32</sup> Men sa se yon mesaj

prèttriz pou yon lòt jou. Jodia mwen swete felisite men matènèl sa yo ki te dodine bèso timoun epi, atravè jistis te enseye pitit yo, vrèman nan sant bi Seyè a pou nou nan mòtalite a.

Nan pale konsa mwen repete Pòl, ki te ekri pou felisite Timote pou “ lafwa fèm li . . . , ki, li te di, te demere dabò, nan granmè ou Loyis, ak [nan] manman ou Enis.”<sup>4</sup> Pòl te di “depi [jou yo lè ou te] yon timoun, ou te konnen ekriti sakre yo.”<sup>5</sup> Nou di mèsi pou tout manman yo ak granmè yo ki te aprann nou kalte verite sa yo lè nou te tou piti.

### Sakrifis Jèn manman yo fè

Nan pale sou manman yo an jeneral, mwen espesyalman swete felisite epi ankouraje jèn manman yo. Travay yon manman se yon travay difisil, twò souvan inapèsi. Premye ane yo se souvan lè oubyen mari oubyen madanm nan—oubyen toulede—ka toujou lekòl oubyen nan premye moman devlopman kapasite papa a pou pote pen. Finans yo varye chak jou ant ba ak pa egziste. Apatman an dabitid dekore ak yonn oubyen de dekorasyon atiran—ki achte nan pèpè. Machin nan, si gen yonn, woule sou kawoutchou chòv epi preske san gaz. Men avèk bay manje ak dantasyon lannuit, souvan pi gwo defi pami tout pou yon jèn manman se senpleman fatig. Atravè ane sa yo, manman yo viv avèk mwens somèy epi bay plis pou lòt moun avèk mwens reparasyon pèsònèl pou tèt pa yo pase nenpòt lòt gwoup mwen konnen nan nenpòt lòt epòk nan lavi a. Li pa yon sipriz lè rid anba je yo kèkfwa lajè yon estad foutbòl.

Natirèlman iwoni an se ke se sè a nou vle aple—oubyen bezwen aple—pou sèvi nan oksilyè pawas ak

pye yo. sa konpreyansib. Kiyès ki pa ta vle enfluyans egzanplè jèn Loyis ak Enis yo an aksyon? Tout moun, ala verite. Sonje ke fanmi yo se pi gwo priorite a nan tout, espesyalman nan ane detèminan sa yo. Malgre sa, jèn manman yo pral toujou jwenn fason ekstraòdinè pou sèvi fidèlman nan legliz la, pandan lòt moun sèvi ak fòtifye yo ak fanmi yo menmjan.

Fè pi byen nou kapab atravè ane sa yo, men nenpòt lòt bagay nou fè, valorize wòl sa ki inikman pou nou epi ki fè syèl la menm voye zanj pou siveye nou ak timoun piti nou yo. Mari yo—espesyalman mari yo—ak tout lidè legliz la ak zanmi yo nan tout nivo, pote èd, atansyon ak sansiblite. Sonje, “Pou chak bagay gen yon sezon, epi yon tan pou chak bi anba syèl la.”<sup>6</sup>

Manman yo, nou rekonèt epi estime lafwa nou nan chak mach. Tanpri konnen ke sa vo lapèn lontan, konyeya, epi pou tout tan. Epi si, pou nenpòt rezon, n ap fè efò kouraje sa pou kont nou, san mari nou sou kote nou, lèsa priyè nou yo pral ogmante pou nou, epi detèminasyon nou pou akòde yon men asistans pral vin pi solid.

### Manman yo fè travay Bondye

Yon jèn manman te ekri mwen resaman ke enkyetid li te gen tandans soti nan twa direksyon. Yonn sete ke chak fwa li te tande diskou sou yon manman SDJ, li gen pwoblèm paske li santi li pa alawotè oubyen antouka li pa t ap ka rive akonpli tach sa. Dezyèmman, li te santi tankou mond la ap tann ke li anseye pitit li yo li, ekri, dekorasyon enteryè, Laten, matematik, ak entènèt—tout sa anvan menm bebe a ta gazouye premye pawòl li ‘gou gou.’ Twazyèmman, li te souvan santi moun gade l kèkfwa kòm tou piti, preske toutan san se pa entansyon yo, paske konsèy li jwenn oubyen menm konpliman li resevwa pa sanble reflekte anyen nan investisman mantal, ak gwo efò espirityèl ak emosyonèl, nuit byen long, jounen byen long, egzijans depase limit ki kèkfwa nesèsè nan eseye rete epi vin manman Bondye ap tann li ye a.

Men, li te di, yon bagay pouse m pou kontinye avanse: “Atravè monte desann nan sa, epi atravè kriye tanzantan nan tout sa, *mwen konnen andedan fon kè m se travay Bondye m ap fè*. Mwen konnen ke nan wòl manman mwen an mwen se yon asosye etènèl pou Li. Mwen pwofondeman sansib ke pou Bondye sa ki pi gwo bi li epi gen plis enpòtans se ke li se paran, menm si kèk nan pitit Li yo fè li kriye.

“Li di, se konpreyansyon sa ki kenbe m nan jou difisil san mank yo kote tout bagay sanble tèrib. Petèt se prezizeman enkapasite ak enkyetid nou ki pouse nou avanse kote Li epi ogmante kapasite Li

pou vin pi pre nou tou. Li te di ‘petèt nan fon kè li atann ke nou *pral* anksye’ epi *pral* enplòre èd Li. Apresa, mwen kwè, Li kapab anseye timoun sa yo direktman, atravè nou, si nou pa fè okenn rezistans. Li te konkli, ‘mwen renmen ide sa. ‘Sa ban mwen espwa. Si mwen kapab rete kòrèk devan Papa nou ki nan syèl la, petèt gidans Li pou pitit nou yo kapab pa jwenn blokaj. Petèt lèsa se kapab travay Li ak glwa Li nan sans vrèman literal la.’”<sup>7</sup>

### Pitit nou yo pral rele nou Beni

Nan limyè kalte ekspresyon sa, li klè ke kèk nan rid lajè yon estad foutbòl yo pa soti sèlman nan daypè ak menen timoun lekòl ak lòt aktivite men apati omwen kèk nuit san somèy ki pase nan chèche lespri a, nan chèche ak antouzyas kapasite pou pou elve timoun sa yo pou yo vini sa Bondye vle yo vin ye. Sansib pou kalte devouman ak detèminasyon sa, pèmèt mwen di manman yo tout ansanm, nan non Seyè a, nou ekstraòdinè. N ap fè yon travay ekstrèmman byen. Paske nou te resevwa gwo responsablite sa se prèv etènè konfyans ke Papa nou ki nan syèl la mete nan nou. Li konnen ke fè yon timoun pa nesèsman pouse nou nan gwoup moun ki konnen tout bagay. Si nou ak mari nou fè efò pou renmen Bondye epi viv levanjil noumenm; si nou enplòre gidans ak konsolasyon Sentespri a nou genyen kòm pwomès pou fidèl yo; si nou ale nan tanp la alafwa pou nou fè epi chèche pwomès yo ki nan alyans ki pi sakre yo yon fi oubyen yon gason kapab fè nan mond sa; si nou montre lòt moun enkli pitit nou yo, menm kè sansib, atantif, ak padonan nou vle syèl la montre nou; si nou eseye pi byen nou kapab pou vin pi bon paran nou kapab, nou pral deja fè tout sa yon èt vivan kapab fè ak tout sa Bondye atann pou nou fè.

Kèkfwa desizyon yon pitit oubyen yon pititpitit pral brize kè nou. Kèkfwa atant nou yo pa p satisfè imedyatman. Tout manman ak papa fè souse konsènan sa. Menm yon paran reyisi ak ekstraòdinè tankou prezidan Joseph F. Smith te enplòre, “O! Bondye, pa kite m pèdi moun pa mwen yo.”<sup>8</sup> Sa se kri tout paran, epi ladan gen yon tikras nan krent chak paran. Men okenn moun ki kontinye eseye epi kontinye priye pa echwe. Nou genyen tout dwa pou resevwa ankourajman epi konnen alafen pitit nou yo pral rele nou beni, menmjan ak jenerasyon manman potansyèl sa yo anvan nou ki te nourri menm espwa yo epi santi menm krent yo.

Pou nou, gwo tradisyon Èv la, manman tout fanmi imèn nan, sila ki te konprann ke li ak Adan te *dwe* tonbe pou ke “gason [ak fi yo] ka egziste” epi pou te ka gen lajwa. Pou nou, tradisyon Sarah ak Rebeka ak Rachèl, ki san yo pa t ap genyen bèl pwo-

mès patriyakal pou Abraram, Izaak, ak Jakòb ki beni nou tout. Pou nou, gwo tradisyon Loyis ak Enis ak manman 2,000 gerye vanyan yo. Pou nou, gwo tradisyon Mari, ki te chwazi ak preòdone depi anvan mond sa te egziste, pou ansent, pote epi akouche pitit gason Bondye a Limenm. Nou remèsye nou tout, enkli pwòp manman nou, epi di nou pa gen anyen ki pi enpòtan nan mond sa pase patisipe dirèkdirèk konsa nan travay ak glwa Bondye, pou pitit gason ak pitit fi li yo ka travèse mòtalite a ak lavi terès la, pou yo kapab rantre nan imòtalite ak lavi etènèl nan teritwa selès an wo yo.

### Konte sou Seyè a tout tan

Lè nou vin jwenn Seyè a nan dousè ak soumisyon nan kè<sup>37</sup> epi, jan yon manman te di, “ensiste nan pòt syèl la pou mande, pou enplore, pou egzije gidans ak sajès epi èd pou devwa mèveye sa,” pòt sa ouvri gran pou founi nou enfliyan ak èd pou tout letènite. Chèche pwomès Sovè a pou mond la. Mande pou pomad gerizon nan Ekspyasyon an pou nenpòt sa ki ka ap twouble pitit nou yo. Konnen ke pa lafwa bagay yo pral vin jis malgre nou oubyen, pi kòrekteman, poutèt nou.

Nou kapab petèt fè sa pou kont nou, men nou *reyèlman* genyen èd. Mèt syèl la ak tè ala pou beni nou—Li ki ak detèminasyon ale dèyè brebi pèdi a,

fouye tout kote pou jwenn pyès lajan pèdi a, tann etènèlman retou pitit gason banbochè a. Travay Sali a se pa nou, epi konsa nou pral anbeli, rekonpanse, vin tounen plis ke jan nou ye epi pi byen pase jan nou te janm ye lè nou eseye fè efò onèt, kelkeswa degree feblès nou ka santi kèkfwa.

Sonje, sonje tout peryòd matènite nou yo: “Nou pa te rive lwen konsa si se pa te pou pawòl Kris yo avèk lafwa fèm nou nan li, nan konte totalman sou merit li ki gen puisans pou sove.”<sup>10</sup>

Konte sou li. Konte sou li fèm. Konte sou li pou tout tan. Epi “kontinye avanse avèk detèminasyon nan Kris, avèk yon espwa pafètman klè.”<sup>11</sup> N ap fè travay Bondye. N ap fè li mèveyezman byen. L ap beni nou epi li pral beni nou, menm—sepa, espesyalman, lè jou nou yo ak nuit nou yo ka pote anpil defi. Tankou yon fi ki san moun pa konnen, Dousman, petèt menm avèk ezitasyon ak kèk malèz, te batay nan mitan foul la jis pou touché ke wòb Mèt la, konsa tou Kris la te pral di fi yo ki te gen pwoblèm ak poze kesyon epi kèkfwa kriye pou responsablite yo kòm, “Piti fi mwen, pran kouraj; lafwa ou te fè ou retounen konplè.”<sup>12</sup> Epi sa pral fè pitit nou konplè.

Apati yon diskou Eldè Holland nan onferans jeneral legliz la an Avril 1997 (gade Conference Report, Avril 1997, 46–49; oubyen *Ensign*, Me 1997, 35–37).

---

### Nòt

1. “Sauveur d’Israel,” *Hymns*, no. 6; gade tou 3 Nefi 22:1.
  2. Gade Joseph Fielding Smith, *Doctrines of Salvation*, Konpilasyon Bruce R. McConkie, 3 volim (1954–56), 2:76; Harold B. Lee, *Ye Are the Light of the World: Selected Sermons and Writings of President Harold B. Lee* (1974), 292; ak Gordon B. Hinckley, nan Conference Report, Avril 1991, 94.
  3. Tom Lowe, “Fatherlessness: The Central Social Problem of Our Time,” Claremont Institute Home Page Editorial, Janvyè 1996.
  4. 2 Timote 1:5.
  5. 2 Timote 3:15.
  6. Eklezyas 3:1.
  7. Korespondans pèsònèl.
  8. Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, 5kyèm edisyon (1939), 462.
  9. 2 Nefi 2:25.
  10. 2 Nefi 31:19.
  11. 2 Nefi 31:20.
  12. Matye 9:22.
- 

### POU MANMAN NAN SIYON YO

Prezidan Ezra Taft Benson  
13zyèm prezidan legliz la

Manman yo nan Siyon, wòl Bondye ba nou yo vital anpil pou pwòp egzaltasyon nou ak pou Sali ak egzaltasyon fanmi nou. Yon timoun bezwen yon manman plis pase tout bagay lajan kapab achte. Pase tan avèk pitit nou se pi gwo kado pami tout.

Avèk lanmou nan kè mwen pou manman nan Siyon yo, mwen ta renmen kounyeya sigjere dis fason espesifik manman nou yo ka pase tan efikas avèk oitit yo.

*Kanpe nan kafou yo.*<sup>44</sup> Premye, Pran tan pou toujou kanpe nan kafou yo lè pitit nou yo oubyen ap vini

ou ale—lè yo prale oubyen tounen soti lekòl, lè yo prale oubyen retounen nan sòti yo, lè yo mennen zanmi lakay yo. Kanpe nan kafou yo kit pitit nou gen sizan oubyen sèzan. Nan pwovèb nou li, “Yon timoun nou kite pou kont li pote lawont pou manman li” (Pwovèb 29:15). Pami pi gwo sousi nan sosyete nou an se milyon timoun san kontwòl ki rantre nan fwaye yo chak jou nan kay vid, san sipèvizyon paran k ap travay.

*Rete yon bon zanmi.* Dezyèm, manman yo, pran tan pou rete yon bon zanmi pou pitit nou yo. Koute pitit nou yo, koute yo reyèlman. Pale avrk yo, ri epi fè plezantri avèk yo, chante avèk yo, jwe avèk yo, kriye avèk yo, anbrase yo, onètman felisite yo. Wi, regilyèman pase tan san presyon avèk chak timoun sèpareman. Rete yon bonzanmi pou pitit nou yo.

*Li pou pitit nou yo.* Twazyèm, manman yo, pran tan pou li pou pitit nou yo. Kòmanse depi nan bèso a, li pou pitit gason ak pitit fi nou yo. Sonje sa powèt la te ekri:

Ou ka gen anpil richès toupatou;  
Kòf plen lò ak depo bijou.  
Pi rich pase m sa pap janm vre  
M te gen yon manman ki te li pou mwen.  
(Strickland Gillilan, “The Reading Mother.”)

Nou pral plante lanmou pou bon literati ak bonjan lanmou pou ekriti yo si nou li pou pitit nou regilyèman.

*Priye avèk pitit nou yo.* Katriyèm, pran an pou priye avèk pitit nou yo. Priyè famiyal yo, anba direksyon papa a, ta dwe fèt chak maten ak aswè. Fè timoun yo santi lafwa nou lè nou mande benediksyon syèl la desann sou yo. Tankou pawòl Jak yo, “Yon . . . priyè sensè yon [manman] jis gen anpil vale” (Jak 5:16). Fè pitit nou yo patisipe nan priyè famiyal ak pèsònèl yo, epi rejwi nan deklarasyon dous yo pou Papa nou ki nan syèl la.

*Fè sware famiyal.* Senkyèm, pran tan pou fè yon sware famiyal enteresan chak semèn. Avèk mari nou ki preside, patisipe nan yon sware famiyal esprityèl ak edifyan chak semèn. Fè timoun yo enplike aktivman. Anseye yo prensip kòrèk yo. Fè sa tounen yonn nan tradisyon fanmi an. Sonje pwomès mèvèye prezidan Joseph F. Smith te fèlè sware famiyal te premye entwuidi nan legliz la: “Si sen yo obeyi konsèy sa, mwen pwomèt gwo benediksyon pral vini. Lanmou nan fwaye yo ak obeyisans pou paran yo pral ogmante. Lafwa pral devlope nan kè jèn yo nan Izrayèl, epi yo pral genyen pouvwa pou konbat move enflyans ak tantasyon yo ki anvayi yo” (nan James R. Clark, konpilasyon., *Messages of the First Presidency of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints*, 6 volim [1965–75], 4:339). Pwomès mèvèye sa toujou efektif jodia.

*Chita ansanm pou manje.* Sizyèm, pran tan pou ansanm chita pou manje pi souvan posib. Sa se yon defi lè timoun yo gran epi lavi yo vin pi chaje. Men konvèsasyon enteresan, echanj sou planifikasyon ak aktivite jounen an, ak moman espesyal pou ansèyman rive nan moman repa yo paske manman ak papa yo epi timoun yo travay pou sa.

*Li ekriti yo chak jou.* Setyèm, pran tan pou li ekriti yo ansanm antanke fanmi. Etid pèsònèl nan ekriti yo enpòtan, men etid ekriti yo an fanmi vital. Li liv Mòmòn an ansanm antanke fanmi pral espesyalman pote yon lòt nivo esprityèl andedan fwaye nou epi pral paran yo ak tout timoun yo pouvwa pou reziste tantasyon epi pou genyen Sentespri a kòm yon konpayon toutan. Mwen pwomèt nou ke liv Mòmòn anpral chanje lavi fanmi nou.

*Fè bagay antanke fanmi.* Yuityèm, pran tan pou fè aktivite an fanmi. Fè sòti ak piknik ak selebrasyon anvèsè ak vwayaj nan moman espesyal epi bagay ki rete kòm souvni. Lè sa posib, asiste, antant fanmi, evènman yo kote yon manm nan fanmi an enplike, tankou yon jwèt nan lekòl, yon pati balon, yon diskou, yon resital. Asiste reyinyon legliz la ansanm epi chita ansanm antanke fanmi lè nou kapab. Manman ki ede fanmi yo priye ak jwe ansanmpral rete ansanmepi beni lavi timoun yo pou tout tan.

*Anseye pitit nou yo.* Nevyèm, manman yo, pran tan pou anseye pitit nou yo. Sezi okazyon pou anseye yo. Sa kapab fèt nenpòt lè nan jounen an—lè n ap manje, nan moman relaks, oubyen nan moman espesyal nou chita ansanm, nan pye kabann nan nan finisman jounen an, oubyen lè n ap mache ansanm bonè nan maten. Manman yo, nou se pi bon enstriktè pou pitit nou. Pa remèt responsablite presye sa bay sant swen timoun oubyen gadyen timoun. Lanmou yon manman ak sousi nan priyè pou pitit li yo se engredyan ki pi enpòtan nan anseye limenm.

Anseye timoun yo prensip levanjil la. Anseye yo lè nou bon moun sa anfòm. Anseye yo pa gen okenn sekirite nan peche. Anseye lanmou pou levanjil Jezikri a ak temwayaj sou divinite li.

Anseye pitit gason ak pitit fi nou yo modesti, epi anseye yo respè karaktè gason ak fi. Anseye pitit nou yo pite seksyèl, bonjan prensip pou sòti, maryaj nan tanp, sèvis misyonè, ak enpòtans pou aksepte epi mayifye apèl nan legliz la.

Anseye yo lanmou pou travay ak enpòtans yon bon edikasyon.

Anseye yo enpòtans kalte distraksyon jis. Tankou sinema ak videyo ak misik ak revyè apwopriye. Diskite sou danje pònografi ak dwòg, epi anseye yo enpòtans pou vivi yon lavi pwòp.

Wi, manman yo, anseye pitit nou yo levanjil la nan fwaye nou yo, nan pwòp kwende pa nou. Sa se ansèyman ki pi efikas ke pitit nou yo ap resevwa. Sa se fason Seyè a pou anseye. Legliz la pa kapab anseye jan nou kapab. Lekòl pa kapab. Sant swen timoun pa kapab. Men nou kapab, epi Seyè ap soutni nou. Pitit nou yo ap sonje ansèyman nou yo pou tout tan, epi lè yo vin pi gran, yo pa p ale lwen yo. Y ap rele nou beni—manman yo vrèman yon anj.

Manman yo, kalte ansèyman selès, matènèl sa mande tan—anpil tan. Li pa kapab fèt efektifman a tan pasyèl. Li dwe fèt tout tan nèt pou sove epi egzalte timoun yo. Sa se apèl diven nou.

*Renmen pitit nou yo toutbon.* Dizyèm epi pou fini, manman yo, pran tan pou reyèlman renmen pitit nou yo. Lanmou sensè yon manman apwoche lanmou Kris la.

Sa se yon bèl konpliman yon tigason pou manman li: “Mwen pa sonje anpil konsènan pozisyon sou vote ni onè sosyal; epi kisa lide li sou leve timoun, dayèt, ak Ejeniks<sup>48</sup> te ye, mwen pa kapab sonje. Prensipal bagay ki rete avèk mwen kounyeya atravè tout ane ki pase yose ke li renmen m. Li te renmen chita sou gazon an avèk mwen epi rakonte m istwa, oubyen jwe lago kache avèk nou timoun yo. Li te toujou ap anbrase m. Epi m te renmen sa. Li te genyen yon souri sou figi li. Pou mwen li te tankou Bondye, epi tout beyatitid sen yo pale sou li. Epi chante! Nan tout sansasyon agreyab nan lavi manyen pa kapab konpare avèk lajwa pou m ploye nèt sou janm li epi pran somèy pandan l ap balanse ale vini sou fotèy li a epi chante. Nan panse sou sa, m ap mande si yon manman jodia, avèk pakèt rèv ak planifikasyon yo, reyalize ki faktè pisan li ye nan fòje pitit li pou soufrans ak

difikilte. M ap mande si li reyalize kijan lanmou konplè ak atansyon konte nan lavi yon timoun.”

Manman yo, timoun tinedjè nou yo bezwen menm kalte lanmou ak atansyon sa. Li sanble pi fasil pou anpil manman ak papa eksprime ak montre lanmou yo pou pitit yo lè yo jèn, men li pi difisil lè yo vin pi gran. Travay sou sa nan lapriyè. Pa dwe genyen okenn espas ant jenerasyon yo. Epi kle a se lanmou. Jèn moun nou yo bezwen lanmou ak atansyon, pa ekstravagans. Yo bezwen senpati ak konpreyansyon, pa endiferans kote manman ak papa yo. Yo bezwen tan paran yo. Ansèyman janti yon manman ak lanmou li ak konfyans li nan tigason oubyen tifi tinedjè a kapab literalman sove yo anba yon mond mechan.

Apati yon diskou prezidan Benson nan yon kwendfe pou paran yo 22 Fevriye 1987.

# ANSEYE TIMOUN YO ATRAVÈ EGZANP AK ENSTRIKSYON

# 12

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo..

- Medite sou bezwen pitit ou yo oubyen bezwen pititpitit ou yo, nyès ak neve ou yo, oubyen lòt timoun ou konnen. Planifye pou opòtinite pou anseye timoun sa yo atravè aksyon ak pawòl ou.

- Repase matyè sou ansèyman nan fanmi an ki nan *Anseye, Pa gen pi gwo Apèl* (36123), paj 127–43, ak *Liv gid pou fanmi an* (31180), paj 4–10. Si ou marye, li epi diskite matyè sa avèk konjwen ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa yo. Si ou marye, li epi diskite atik sa yo avèk konjwen ou.

### PI GWO DEFI NAN MOND LA—BON PARAN

Eldè James E. Faust  
Nan Kowòm Douz Apot yo

#### Vin yon paran se yon apèl diven

Mwen santi m pouse pou diskite yon sijè ke mwen te chwazi pou rele pi gwo defi nan mond la. Sa gen pou wè avèk privilèj ak responsablite pou vin bon paran. Sou sijè sa genyen menm kantite opinion ak paran, men toujou genyen kèk ki pretann yo genyen tout repons yo. Mwen sètènman pa yonn nan yo.

Mwen santi genyen plis jèn gason ak jèn fi eksèsyonèlman mitan pèp nou an kounyeya pase nenpòt lòt moman nan tout lavi mwen. Sa sipoze ke pifò nan jèn moun debyen sa yosoti apati bon fwaye epi genyen paran angaje, atantif. Menm lèsa, paran ki pi konsyansye yo santi ke yo ka te fè kèk erè. Yon fwa, lè mwen te fè yon bagay ensansib, mwen sonje pwòp manman mwen te rele, “ki kote mwen te echwe?”

Seyè a te bay lòd, “Leve pitit ou yo nan limyè ak verite” (D&A 93:40). Pou mwen, pa gen efò imen ki pi enpòtan.

Vin yon papa oubyen yon manman se pa sèlman yon gwo defi, se yon apèl diven. Se yon efò ki mande konsekrasyon. Preidan David O. McKay te declare ke vin paran se “pi gwo konfyans èt imen yo te janm resevwa” (*The Responsibility of Parents to Their Children* [bwochi, san dat.], 1).

#### Kreye fwaye ki reyisi

Pandan pa gen anpil defi imen ki pi gran pase sa pou vin bon paran an, pa gen anpil opòtinite ki ofri pi gwo potansyèl pou lajwa. Asireman pa gen pi gwo

trqavay ki dwe fèt nan mond sa pase prepare pitit nou yo pou krenn Bondye, gen lajwa, onorab, ak pwodiktif. Paran yo p ap jwenn bonè ki pi enteresan pase pou genyen pitit yo ki onore yo ak ansèyman yo. Sa se glwa yon paran. Jan te temwaye, “Mwen pa gen plis lajwa pase pou mwen tande ke pitit mwen yo mache nan verite” (3 Jan 1:4). Nan opinion mwen, anseye, elve, ak fòme timoun yo mande entèlijans, konpreyansyon rapid, imilite, fòs, sajès, espiritualite, pèsèverans, ak travay rèdplis pase nenpòt lòt defi nou ka henyen nan lavi a. Sa espesyalman konsa lèfondasyon moral onè yo ak desans ap detwi piti piti alantou nou. pou gen fwaye ki reyisi, nou dwe anseye valè yo, epi dwe gen règ, dwe gen prensip, epi dwe genbagay ki pa chanje. Anpil sosyete ba paran yo tikras sipònan anseye ak onore valè moral yo. Anpil kilti kòmanse vin esansyèlman san valè, epi anpil nan jèn moun yo nan sosyete sa yo kòmanse vin sinik moralman.

Pandan sosyete yo an antye te an dekadans epi pèdi idantite moral yo epi tèlman anpil fwaye brize, pi bon espwa a se pote pi gwo atansyon ak efò pou anseye jenerasyon k ap vini an—pitit nou yo. Pou fè sa, nou dwe ranfòse enstriktè nan baz timoun yo. Chèf la nan mitan sa yo se paran yo ak lòt manm fanmi an, epi pi bon anviwònman an ta dwe nan fwaye a. Antouka, nou dwe jwenn yon jan pou eseye travay pi rèd pou rann fwaye nou yo pi fèm konsa y ap kanpe kòm refij kont move enfliyans, dezagreyab, pèsistan ki antoure nou. Amoni, bonè, lapè, ak lanmou nan fwaye a kapab ede bay timoun yo fòs enteryè nesesè pou kanpe devan defi yo nan lavi a. Barbara Bush, madanm prezidan [Etazini]George Bush, sa gen kèk mwa te di diplome nan Inivèsite Wellesley:

“Men kèlkeswa epòk la, kèlkeswa moman an, yon bagay p ap janm chanje: Papa ak manman yo, si nou genyen pitit, yo dwe vini an premye. Nou dwe li pou pitit nou yo epi nou dwe anbrase pitit nou yo epi nou dwe renmen pitit nou yo. Siksè nou kòm yon fanmi, siksè nou kòm yon sosyete, pa depann sou sa k ap pase nan Mezon Blanch la men sou sa k ap pase andedan kay nou” (*Washington Post*, 2 Jen 1990, 2).

Pou vin yon bon papa ak manman sa mande ke paran yo bliye anpil nan pwòp bezwen ak dezi yo an favè bezwen pitit yo. Kòm konsekans sakrifis sa, paran konsyansye yo devlope yon nobles karaktè epi aprann mete an pratik verite sou absans egoyis Sovè a limenm te anseye.

Mwen gen pi gwo respèa pou paran selibatè tyo k ap fè efò epi sakrifis, nan eseye kont chans prèske enposib pou kenbe fanmi an ansanm. Yo merite onè ak èd nan efò ewoyik sa yo. Men nenpòt devwa manman oubyen papa vin pi fasil lontan lè gen de paran fonksyonèl nan fwaye a. Timoun yo souvan gen defi epi egzèsè fòs ak sajès toulede paran yo.

### **Konbyen fwa nou genyen priyè familyal?**

Sa gen kèk ane, prezidan Spencer W. Kimball t ap entèvyouwe evèk Stanley Smoot. Prezidan Kimball te mande, “konbyen fwa nou genyen priyè familyal?”

Evèk Smoot te reponn, “nou eseye genyen priyè familyal de fwa pa jou, men mwayèn nou apeprè yon fwa.”

Prezidan Kimball te reponn, “Lontan, genyen priyè afamilyal yon fwa pa jou ka te trè byen. Men nan lavni sa pa p sifi si nou vle sove fanmi nou yo.”

M ap mande si genyen sware familyal san prepare ak yon lè konsa nan lavni pral sifi pou fòtòfyè pitit nou yo avèk ase fòs moral. Nan lavni, etid ekriti an fanmi yon lè konsa ka pa pa ase pou sipòte pitit nou yo avèk vèti nesèsè pou kanpe devan dekadans moral anvowònman ankote y ap viv la. Ki kote nan mond la timoun yo pral aprann chastete, entegrite, onètete, ak desans imen debaz si sepa nan yon fwaye? Valè sa yo, natirèlman, ranfòse nan legliz la, men ansèyman paran yo pi konstan.

### **Paran yo dwe tabli egzanzp**

Lè paran yo eseye anseye pitit yo pou evite danje, paran yo pa p jwenn okenn repons pou bay pitit yo, “Nou gen eksperyans epi saj nan fason mond la, epi nou kapab rive pi pre rebò pant la pase nou.” Ipokrizi paran yo kapab rann timoun yo sinik epi pa kwe sa y ap anseye yo nan fwaye a. Paegzanp, lè paran gade fim yo entèdi pitit yo gade, kredibilite paran an diminye. Si n ap tann pou timoun yo onèt, paran yo dwe onèt. Si n ap tann pou timoun yo gen vèti, paran yo dwe genyen vèti. Si nou atann ke pitit nou yo onorab, nou dwe onorab

Pami tout lòt valè nou ta dwe anseye timoun yo se respè pou lòt moun, kòmanse avèk pwòp paran yo ak fanmi yo; respè pou senbòl lafwa yo ak kwayans patriyotik lòt moun; respè pou lalwa ak lòd; respè pou pwopyete lòt moun; respè pou otorite. Pòl raple nou ke timoun yo ta dwe “aprann egzèsè pyete nan fwaye yo” (1 Timote 5:4).

### **Disipline timoun yo**

Yonn nan defi ki pi difisil pou paran yo se disipline timoun yo kòrèkteman. Elve yon timoun se yon bagay ki tèlman patikilye. Chak timoun diferan epi inik. Sa ki mache pou yonn ka pa mache pou yon lòt. Mwen pa konnen kiyès ki saj ase pou di ki règ ki twò difisil oubyen kisa ki twò lese ale sinon paran timoun yo yomenm, ki se moun ki renmen yo plis. Se yon zafè ki mande pou paran yo priye pou disènen l. Asireman prensip ki pi rèd ak mwen lejè a se ke disipline timoun yo dwe chita plis sou lanmou pase pinisyon. Brigham Young te konseye, “Si nou yon fwa aple pou pini yon moun, pa janm pini depase pomad nou genyen andedan nou pou panse blesi” (*Discourses of Brigham Young*, seleksyone pa John A. Widtsoe [1954], 278). Lòd ak disiplin se, malgre tou, sètènman yon pati endispan-sab nan elve timoun. Si paran yo pa disipline pitit yo, lèsa piblik la pral disipline yo nan fason paran yo pa renmen. San disiplin, timoun yo p ap respèkte ni regleman nan fwaye a ni nan sosyete a.

Yon bi prensipal pou disipline se pou anseye obeyisans. Prezidan David O. McKay te deklare: “Si paran yo echwe nan anseye pitit yo obeyisans, obeyisans p ap devlope nan fwaye a, sosyete a pral egzije li epi jwenn li. Konsa li pi bon pou fwaye a, avèk jantiyès li, senpati ak konpreyansyon pou fòmè yon timoun nan obeyisans olye pou kite li bay disiplin brital ak ensansib ke sosyete a pral enpoze si fwaye a pa te deja ranpli obligasyon li” (*The Responsibility of Parents to Their Children*, 3).

### **Anseye timoun yo travay**

Yon pati esansyèl nan anseye timoun yo pou yo disipline ak responsab se pou fè yo aprann travay. Lè nou t ap grandi, anpil nan nou tankou mesye a ki te di, “mwen renmen travay; li enterese mwen. Mwen kapab chita epi kontanple l anpil tan” (Jerome Klapka Jerome, nan *The International Dictionary of Thoughts*, compilasyon John P. Bradley, Leo F. Daniels, ak Thomas C. Jones [1969], 782). Anplis, pi bon ens-triktè prensip travay la se paran yomenm. Pou mwen, travay te tounen lajwa lè mwen te kòmanse travay akote papa mwen, granpapa, tonton, ak frè m yo. Mwen sèten ke mwen te souvan plis yon pwoblèm pase yon èd, men souvni yo enteresan epi lesan m te aprann yo gen valè. Timoun yo bezwen aprann responsablite ak endepandans. Eske paran yo pèsònèlman pran tan pou montre ak demontre epi eksplike

konsa timoun yo kapab, jan Leyi te anseye a, ‘aji pou tèt pa yo epi pa . . . pouse yo aji?’ (2 Nefi 2:26).”

Luther Burbank,<sup>50</sup> yonn nan pi gran espesyal nan plante pyebwa nan mond la, te di, Si nou pa te bay plant nou yo plis atansyon pase sa nou ba pitit nou yo. Nou t ap viv kounyeya nan yon jeng pyebwa sovaj” (nan *Elbert Hubbard’s Scrap Book* [1923], 227).

### Defi espesyal pou paran yo

Timoun yo benefisye tou libabit ki founi nou tout opòtinite pou pwogrese, grandi, ak devlope. Libabit sa pèmèt timoun yo chèche lòt chwa a nan plas ego-yis, gaspiyaj, deboch, ak destriksyon tèt nou. Souvan timoun yo eksprime libabit sa lè yo trè jèn.

Se pou paran yo ki te aji ak konsyans, lanmou ak atansyon epi ki te viv prensip jistis yo pi byen yo te kapab konsole nan konnen ke yo se bon paran malgre aksyon kèk nan pitit yo. Timoun yo yomenm gen responsablite pou koute, obeyi, epi, apre yo resevwa ansèyman, pou aprann. Paran yopa kapab toujou reponn pou tout move konduit pitit yo paske yo pa kapab asire bon konpòtman timoun yo. Pa gen anpil timoun ki t ap ka egzèse menm sajès Salomon ak pasyans Jòb.

Souvan genyen yon defi espesyal pou paran sa yo ki rich oubyen twò toleran. Nan yon sans, kèk timoun nan sitiasyon sa yo kenbe paran yo an otaj nan retire sipò yo pou règ paran yo si paran yo pa aksepte egzijans timoun yo. Eldè Neal A. Maxwell te di, “Sila yo ki fè twòp pou pitit yo pral pita reyalize ke yo pa kapab fè anyen avèk pitit yo. Anpil timoun te tèlman jwenn yo tout bagay *tou pare pou yo*, yo preske fin *detwi*” (nan Conference Report, Avril 1975, 150; oubyen *Ensign*, Mey 1975, 101). Li sanble sa nan nati lòm pou nou pa janm fin apresye nèt bagay materyèl nou pa te akeri noumenm.

Gen yon mokri nan sa paske kèk paran sanble tèlman fè sousi pou pitit yo aksepte epi popilè nan mitan kòlèg yo; men menm paran sa yo krenn ke pitit yo pa fè bagay kòlèg yo ap fè

### Ede timoun yo entegre valè moral yo

An jeneral, timoun sa yo ki pran desizyon epi pare nan lespri yo pou evite dwòg, alkòl, ak vye relasyon seksyèl se sila yo ki te adopte epi antre nan yomenm gwo valè ki te nan fwaye yo lèyo t ap viv avèk paran yo. Nan moman desizyon difisil yo pi fasil pou suiv ansèyman paran yo olye egzanp kòlèg yo oubyen vye pratik yo nan medya yo ki ansanx konsomasyon alkòl, vye relasyon seksyèl, enfidelite, malonètete, ak lòt vis. Yo tankou de mil jèn gason yo ke “manman yo te anseye, si yo pa doute, Bondye t ap delivre yo” anba lanmò (Alma 56:47).” Epi yo te repete . . . pawòl manman yo, ki di: nou pa doute manman nou te konnen sa” (Alma 56:48).

Sa ki sanble ede simante ansèyman paran yo ak valè yo ansanm nan lavi timoun yo yon kwayans solid nan divinite a. Lèkwayans sa vin tounen yon pati nan fon nanm yo, yo gen fòs enteryè. Konsa, nan tout sa ki enpòtan pou anseye, kisa paran yo ta dwe anseye? Ekriti yo di nou ke paran yo dwe anseye pitit yo “lafwa nan Kris pitit gason Bondye vivan an, epi batèm ak don Sentespri a,” ak “doktrin repantans la” (D&A 68:25). Verite sa yo dwe anseye nan fwaye a. Yo pa kapab anseye yo nan lekòl piblik yo, ni gouvènman ni sosyete yo p ap fè pwomosyon yo. Natirèlman, pwogram legliz la kapab ede, men ansèyman ki pi efikas la fèt nan fwaye a.

### Yon milye fil lanmou

Moman pou paran yo anseye pa bezwen anpil ni espektakilè ni puisan. Nou aprann sa apati Mèt enstriktè a. Charles Henry Parkhurst te di:

“Tout bote nan lavi Kris la se sèlman bote ke ti jès bote òdinè ajoute yonn sou lòt—nan pale avèk fi a bò pi a; . . . nan montre jèn dirijan an anbisyon anba anba k ap grandi nan kè li ki anpeche antre nan wayòm syè la; . . . nan anseye yon ti gwoup disip kijan pou priye; . . . nan limen yon dife epi bouyi pwason pou disip li yo te ka manje kò dejene pandan l ap tann yo retounen sou rivaj la apre yon nuit lapèch, frèt, fatigue, ak dekouraje. Tout bagay sa yo, nou wè, pèmèt nou penetre nan kalite ak tandans reyèl enterè [Kris la], ki tèlman espesifik, tèlman byen konsantre, tèlman kole ak sa ki tou piti, men tèlman entegre nan sa ki piti piti tou” (“Kindness and Love,” nan *Leaves of Gold* [1938], 177).

Epi se konsa tou avèku vin paran. Ti bagay piti yo se gwo bagay ki koud nan gwo dra bwode nan fanmi an avèk yon milye fil lanmou, lafwa, disiplin, sakrifis, pasyans, ak travay.

### Timoun nan alyans yo

Gen kèk gwo pwomès espiyèl ki ka ede paran fidèl yo nan legliz sa. Timoun nan sèlman etènèl yo ka genyen sou tèt yo pwomès diven yo ki fèt pou desandan vanyan yo ki avèk nobles kenbe alyans yo. Alyans paran yo sonje Bondye pral sonje yo tou. Konsa timoun yo ka vin benefisye epi eritye gwo alyans ak pwomès sa yo. Sa se paske yo se timoun nan alyans la (gade Orson F. Whitney, nan Conference Report, Avril 1929, 110–11).

Bondye beni paran onorab nan mond sa k ap fè efò, sakrifis. Se pou li espesyalman onore alyans ki kenbe pa paran fidèl yo nan mitan pèp nou an epi voye je sou timoun nan alyans sa yo.

Apati yon diskou Eldè Faust nan konferans jeneral legliz la an Oktòb 1990 (gade Conference Report, Oktòb 1990, 39–43; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 32–35).



## YON TAB ANTOURE AVÈK LANMOU

Eldè LeGrand R. Curtis  
Nan Swasanndis yo

Anpil bagay te ekri konsènan enpòtans fwaye a. Eldè Marion G. Romney te di nou ke “gen yon maladi fatal nan kè sosyete a se enstabilite fanmi an.”<sup>1</sup> Nou rekonèt ke gen kèk fwaye ki gran, rich anpil, oubyen nan liks. Gen lòt ki trè enb, preske san mèb. Men chak grenn “fwaye kapab tounen yon syèl sou tè a lè nou ranpli avèk lanmou, . . . kote nou anvi rete,” jan yonn nan kantik nou renmen yo raple nou.<sup>2</sup>

Yonn nan mèb ki pi enpòtan nou jwenn nan pifò fwaye se yon tab kizin. Kounyeya li ka tou piti, li ka gwo, oubyen avèk fòm yon ti kontwa avèk kareman espas pou mete manje ak istansil yo. Pi gwo fonksyon li sanble ke li se plas pou tout manm fanmi an resevwa nouriti.

Nan okazyon espesyal sa dezi mwen se pou attire atansyon nou sou yon fonksyon pi pwofon, pi enpòtan pou yon tab kizin, kote nou kapab resevwa plis pase nouriti pou byennèt fizik nou.

### Diskisyon sou levanjil la alantou yon tab

Yon fanmi an jeneral genyen de oubyen plis manm laj diferan, men fanmi an bezwen reyini—li preferab pa jis pou manje men pou priye, pou pale, pou koute, pou rakonte, pou aprann, epi pou grandi ansanm. Prezidan Gordon B. Hinckley te declare sa byen:

Siplikasyon mwen . . . se pou sove timoun yo. Twòp nan yo ap mache avèk doulè, perèz, nan solitud ak dezespwa. Timoun yo bezwen solèy. Yo bezwen bonè. Yo bezwen lanmou ak atansyon. Yo bezwen jantiyès ak remontan ak afeksyon. Chak fwaye, kelkeswa konbyen kay la koute, kapab founi yon anviwònman lanmou ki pral tounen yon anviwònman pou Sali.<sup>3</sup>

Pifò manm nan yon fanmi Most family members are subjectka sibi pakèt fòs yo nan mond la andeyò fwaye a, tankou enfluyans pisan radyo, televizyon, videyikasèt, ak pakèt lòt bagay ke nou pote nan fwaye nou yo.

Imajine yon fanmi reyini alantou yon tab, petèt tab kizin nan, k ap pale sou levanjil la, k ap pale sou reyinyon sentsèn yo, mesaj yo, diskou ki nan dènye nimewo Lyawona yo oubyen mesaj Premye Prezidans la, k ap pale konsènan lekòl ak tout lòt koneksyon l yo, k ap pale konsènan konferans jeneral, k ap pale konsènan leson nan lekòl didimanch, k ap koute bon mizik, k ap pale konsènan Jezikri ak ansèyman li yo. Lis la te ka alonje. Pa sèlman paran yo men tout manm fanmi an t ap montre sajès nan fè sèten ke chak moun ki prezan gen yon chans pou pale epi elaji opòtinite pou patisipe.

### Priyè familyal alantou yon tab

Panse sou potansyèl yon fanmi ajenou alantou yon tab (san televizyon), k ap priye, enplòre èd, remèsye Papa a pou benediksyon yo—anseye tout laj yo enpòtans yon Papa nan syèl la ki renmen nou. Priyè familyal avèk timoun piti yo ka byen devlope vin pi gran yo ki pral yon jou priye avèk fanmi pa yo.

Eldè Thomas S. Monson te deklare sa byen:

“Senyè a kòmande pou nou fè priyè familyal lè li te di: ‘Priye Papa a nan fanmi nou yo, toujou nan non mwen, pou madanm nou ak pitit nou yo kapab beni.’ (3 Nefi 18:21.)

“Eske n ap suiv mwen pandan n ap antre nan yon fanmi sen dènye-jou tipik k ap ofri Seyè a yon priyè? Papa, manman, ak chak pitit yo ajenou, tèt yo bese, epi je yo fèmen. Yon espri dous lanmou, inite, ak lapè ranpli fwaye a. Lè [yon papa] tandè tigason tou piti li a priye Bondye pou papa li ka fè tout bagay byen epi rete obeyisan pou kòmandman Seyè a, eske nou panse kalte papa sa ta p jwenn li difisil pou onore priyè pitit gason presye li a? Lè yon tifi tinedjè tandè ti manmi li sipliye Seyè a pou pitit fi li a ka enspire nan seleksyone konpanyon li, pou li ka prepare tèt li pou maryaj nan tanp, eske nou pa kwè kalte tifi sa pral chèche onore demand enb, ensistan manman li, ke li tèl man renmen? Lè papa, manman, ak chak pitit yo avèk antouzyas pou tigason debyen sa yo ka viv diy pou resevwa lè moman an rive apèl pou sèvi kòm anbasadè Seyè a nan chan misyon legliz la, eske nou pa kòmanse wè kijan kalite pitit gason sa yo grandi tounen jènjan avèk yon pisan dezi pou sèvi kòm misyonè?”<sup>4</sup>

Jan anpil moun te di, “Kijan nou ka fè voye paran nou yo ak pitit nou yo deyè nan mond la chak jou san nou pa reyini ansanm epi pale ak Seyè a?” Paran saj yo pral egzaminen ajennda yo epi planifye omwen yon moman chak jou pou reyini fanmi an pou benediksyon nan lapriyè yo. Byen bone, jèn manm yo aprann kijan pou pran opòtinite pa yo epi aprann valè presye yo ki nan priyè familyal.

### Fè fwaye a tounen yon plas lajwa

Mwen te declare anvan ke “fwaye ta dwe yon plas lajwa paske tout moun travay nan sans sa. Tout moun konnen ke bonè soti nan fwaye, epi nou ta dwe fè posib pou fwaye nou yo tounen plas lajwa ak enteresan pou nou ak pitit nou yo. Yon fwaye lajwa se yonn ki santre otou ansèyman levanjil la. Sa mande efè san rete, atantif tout moun ki konsène yo.”<sup>5</sup>

Yon tinedjè okipe nan yon fanmi pito laj te plenyen konsènan kantite tan priyè familyal la te pran. Lè manman saj la t ap priye nan demen, li te entan-

syonèlman kite tijèn sa deyò nan priyè a. Lè priyè a te fini, timoun okipe a te di, “manman, ou te kite mwen deyò nan priyè a!” Manman chman an te eksplike ke li te jis reponn ak konplent tijèn nan. Timoun okipe a te plenyen, “pa kite mwen deyò.”

### Etidye ekriti yo alantou yon tab

Imajine yon fanmi ki antoure yon tab avèk ekriti yo ouvè, k ap diskite anpil leson ak verite pou dijere. Sa anfèt se yon tab antoure avèk lanmou!

Edikatè yo dakò ke timoun yo bezwen pi plis andeyè lekòl. Nou kapab beni pitit nou yo nan li ekriti yo avèk sou yon baz journal—devan tab kizin nan.

Pou genyen yon tan lè fanmi an rankontre devan tab kizin nan ka mande aranjanman konsiderab ak planifikasyon avèk swen, men kisa ki ka gen plis enpòtans pase inite nan fanmi an, pwogresyon espirityèl fanmi an, pon yo ki bati ant manm yon fanmi lè yo pale, koute, epi reponn, antoure avèk lanmou? Pi gwo siksè nou se senpleman eseye—ale pou vini.

### Fòtifye lyen famiyal yo

Genyen anpil fòs nan mond la jodia k ap eseye devaste fanmi ak fwaye a. Paran saj yo pral fè efò pou fòtifye lyen famiyal yo, ogmante espirityalite nan fwaye a, epi fòkis sou Jezikri ak aktivite tanp. Prezidan Howard W. Hunter te di nou:

“Mwen priye ke nou ta ka trete yonn lòt avèk plis jantiyès, plis koutwasi, plis imilite ak pasyans epi padon. . . .

“Dezyèmman, epi nan menm espri sa, mwen envite manm legliz yo tou pou etabli tanp Seyè a kòm gwo senbòl apatenans yo ak kontèks sakre pou alyans ki pi sakre yo. Sa se ta dezi pi pwofon nan kè men pou chak manm legliz la diy pou tanp la.”<sup>6</sup>

Direksyon prezidan Hunter bay yo kapab ranfòse pa sa ki pase alantou tab kizin nan.

Nan fwaye nou yo nou ta dwe fè pratik kijan pou trete lòt moun. Jan Goethe te tèlman byen di, “Si ou trete [yon moun] jan li ye li prwl rete sa li ye a, men si ou trete li tankou si li te sa li te . . . kapab ye [epi ta kapab ye], li pral [tounen sa li dwe ye a].”<sup>7</sup>

### Fè fwaye yo tounen plas pou Devosyon

Eldè Boyd K. Packer te deklare: “Pou mennen kèk nan bagay selès sa yo nan fwaye a se pou asire n ke manm fanmi yo pran pwomosyon nan patisipasyon nan legliz la. Sware famiyal la, natirèlman, tou pare pou sa—yon reyinyon nan fwaye a ki kapab òganize pou koresponn ak tout bezwen; epi se tankou anpil reyinyon legliz la, oubyen li kapab konsa, menmjan ak sila yo ki fèt nan chapèl la.”<sup>8</sup>

Konsèy sa dakò tou avèk sa Eldè Dean L. Larsen te di nou: “Batiman legliz nou yo se pa sèlman kote nou kapan adore. Fwaye nou yo tou ta dwe tounen plas pou devosyon. Sa t ap bon si chak jou nou te kapab ‘ale legliz lakay nou.’ Pa ta dwe genyen okenn lòt plas kote lespri Seyè a pi byenvni ak pi fasilman aksesib pase nan pwòp fwaye nou yo.”<sup>9</sup>

Lè nou travay pou akonpli tout sa nan fwaye nou yo, nou pral byen fè sonje deklarasyon enpòtan prezidan Harold B. Lee a: “Sonje ke pati pi enpòtan nan travay Seyè a ke nou [ak mwen] pral fè se pral . . . andedan miray pwòp fwaye [nou].”<sup>10</sup>

Siplikasyon mwen se ke nou chak pral gade avèk atansyon nan fwaye nou yo ak sou tab kizin nou yo epi san rete fè efò pou mennen syèla nan fwaye nou yo epi vin jwenn Jezikri.

Apati yon diskou Eldè Curtis nan konferans jeneral legliz la an Avril 1995 (gade Conference Report, Avril 1995, 109–11; oubyen *Ensign*, Me 1995, 82–83).

### Nòt

1. “Scriptures As They Relate to Family Stability,” *Ensign*, Fevriye 1972, 57.
2. “Home Can Be a Heaven on Earth,” *Hymns*, no. 298.
3. Nan Conference Report, Oktòb 1994, 74–75; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 54.
4. *Pathways to Perfection* (1973), 26–27.
5. Nan Conference Report, Oktòb 1990, 13; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 12.
6. Nan “President Howard W. Hunter: Fourteenth President of the Church,” *Ensign*, Jiyè 1994, 4–5.

7. Nan Emerson Roy West, *Vital Quotations* (1968), 171.
8. “Begin Where You Are—At Home,” *Ensign*, Fevriye 1972, 71.
9. Nan Conference Report, Oktòb 1989, 78; oubyen *Ensign*, Novanm 1989, 63.
10. *Strengthening the Home* (bwochi, 1973), 7.

# ANSEYE TIMOUN YO PRENSIP LEVANJIL YO

# 13

## PATI 1

### LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo..

- Li Doktrin ak Alyans 68:25–28. Lè w ap li, idantifye prensip ak òdonans yo Seyè ate kòmande paran yo pou anseye pitit yo. Planifye kèk bagay ou kapab fè pou anseye pitit ou oubyen pititpitit

ou, nyès ak neve, oubyen lòt timoun ou konnen prensip sa yo.

- Lè ou li atik sa a, chwazi pou fokis sou yonn oubyen de nan sigjesyon Eldè Robert D. Hales te bay. Lè diferan opòtinite parèt, fokis sou lòt sigjesyon apati atik la.

### PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa yo. Si ou marye, li epi diskite atik sa yo avèk konjwen ou.

#### FÒTIFYE FANMI YO: DEVWA SAKRE NOU

Eldè Robert D. Hales  
Nan Kowòm Douz Apot yo

#### Lespri a fòtifye fanmi yo

Fòtifye fanmi yo se devwa sakre nou kòm paran, pitit, manm fanmi elaji a, dirijan, enstriktè, ak chak manm nan legliz la.

Enpòtan pou espiyèlman fòtifye fanmi yo kl:man anseye nan ekriti yo. Papa Adan ak manman Èv te anseye pitit gason ak pitit fi yo levanjil la. Seyè a te aksepte sakrifis Abèl yo, ki te renmen li. Kayen, yon lòt bò, “te renmen satan plis pase Bondye” epi te komèt peche grav. Adan ak Ev “te kriyesan devan Senyè a, poutèt Kayen ak frè li yo,” men yo pa te janm sispann anseye pitit yo levanjil la (gade Moyiz 5:12, 18, 20, 27; 6:1, 58).

Nou dwe konprann ke chak nan pitit nou yo vini avèk don ak talan diferan. Kèk, tankou Abèl, sanble resevwa don lafwa yo nan nesans yo. Gen lòt ki fè efò avèk chak desizyon yo pran. Kòm paran, nou pa ta dwe janm kite rechèch ak efò pitit nou yo fè nou diminye oubyen pèdi lafwa nou nan Seyè a.

Alma pi jèn nan, lè “t ap kòde anba touman etènèl. . . . [epi] tout peche [l] yo te toumante nanm [ni]” te sonje pwofesi papa l te bay konsènan vini yon “Jezikri, yon Pitit Gason Bondye ki gen pou l ekspye peche mond lan” (Alma 36:17). Pawòl papa li yo te mennen nan konvèsyon li. Manm jan an tou, pitit nou yo pral sonje ansèyman ak temwayaj nou.

2,000 gèrye yo nan lame Elaman an te temwaye ke manman jis yo te puisaman anseye yo prensip levanjil yo (gade Alma 56:47–48).

Nan moman gwo rechèch espiyèl, Enòs te di, “Pawòl yo m te konn tande papa m pale avèk mwen konsènan lavi etènèl la, . . . yo te plonje fon nan kè m.” (Enòs 1:3).

pou yo konprann doktrin repantans la, lafwa nan kris la, Pitit Gason Bondye vivan an, ak batèm, ak don Sentespri a pa enpozisyon men lè yo gen uitan. . . .

“Epi yo dwe ansenye pitit yo priye, pou yo mache dwat devan Senyè a” (D&A 68:25, 28).

#### Anseye levanjil la fòtifye fanmi yo

Lè nou anseye pitit nou yo levanjil la atravè pawòl ak egzanp, fanmi nou yo ranfòse epi fòtifye espiyèlman.

Pawòl pwofèt vivan yo klè konsènan devwa sakre nou pou fòtifye fanmi nou yo espiyèlman. An 1995 Premye Prezidans la ak Konsèy Douz Apot yo te pibliye yon pwoklamasyon pou mond la, ki deklare ke “fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit Li yo. . . . Mari ak madanm gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt ak pran swen pitit yo. . . . Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espiyèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo” (“Fanmi an: yon pwoklamasyon pou mond la,” *Ensign*, Novanm 1995, 102).

An fevriye menm ane sa, Premye Prezidans la te pibliye yon apèl pou tout paran yo “konsakre pi gwo efò yo nan anseye ak elve pitit yo nan prensip levanjil la ki pral ede yo rete kole ak legliz la. Fwaye a se baz pou yon lavi jis, epi pa gen okenn lòt estrikti ki kapab pran plas li oubyen akonpli fonksyon esansyèl

li yo nan pouse pou pi devan responsablite sa Bondye te bay la.”

Nan lèt an fevriye a, Premye Prezidans la te anseye ke nan anseye ak elve timoun yo nan prensip levanjil la, paran yo kapab pwoteje fanmi yo kont eleman pouriti yo. Pi devan yo te konseye paran ak timoun yo “pou bay pi gwo priyorite ak priyè familyal, sware familyal, etid ak enstriksyon levanjil la, ak bonjan aktivite familyal. Malgre lòt aktivite oubyen egzijans yo ka parèt diy ak apwopriye, nou pa dwe pèmèt yo pran plas devwa ki divinman deziye ke sèlman paran ak fanmi yo kapab akonpli kòrèkteman” (First Presidency letter, 11 Feb. 1999; site nan *Church News*, 27 Fevriye 1999, 3).

Avèk èd Seyè a ak doktrin li a, tout konsekans ble-san nan defi yon fanmi ka rankontre nou kapab konprann ak simonte yo. Kèlkeswa bezwen manm fanmi an ka genyen, nou kapab fòtifye fanmi nou yo lè nou suiv konsèy pwofèt yo bay.

Kle a pou fòtifye fanmi nou yo se pou genyen les-pri Seyè aantre nan fwaye nou yo. Objektif fanmi nou yo se dwe pou rete sou chemen dwat ak etwat la.

### Lide pou fòtifye fanmi yo

Anpilanpil bagay kapab fèt andedan miray fwaye nou yo pou fòtifye fanmi an. Pèmèt mwen pataje kèk lide ki ka ede idantifye domèn ki bezwen fòtifye nan pwòp fanmi nou yo. Mwen ofri yo nan yon espri ankourajman, paske mwen konnen ke chak fanmi—epi chak manm yon fanmi— inik.

### Fwaye yo ta dwe yon plas sekirite

- Rann fwaye nou yon plas sekirite kote chak manm fanmi an santi lanmou ak yon santiman apatenans. Reyalize ke chak timoun genyen dife-ran don ak kapasite; chak se yon moun apa ki mande lanmou ak swen espesyal.
- Sonje, “yon repons dous kalme kòlè” (Pwovèb 15:1). Lè cheri mwen an ak mwen te sele nan tanp Salt Lake la, Eldè Harold B. Lee te ba nou konsèy saj: “Lè nou leve vwa nou avèk kòlè, les-pri a soti kite fwaye nou.” Nou pa dwe janm, anba kòlè, fèmen pòt fwaye nou ak kè nou pou pitit nou yo. Tankou tigason banbochè a,<sup>58</sup> pitit nou yo bezwen konnen ke lè yo rantre nan yomenm yo kapab konte sou nou pou lanmou ak konsèy.
- Pase tan apa avèk pitit nou yo, kite yo chwazi aktivite ak sijg konvèsasyon an. Anpeche distrak-syon yo.

### Anseye timoun yo pou priye, li ekriti yo, epi koute mizik diy

- Ankouraje konduit relijye pèsònèl pitit nou yo, tankou priyè pèsònèl, etid pèsònèl ekriti yo, ak

jene pou bezwen espesifik. Mezire pwogresyon esprityèl yo nan obsève konpòtman, langaj, ak konduit yo ak lòt moun.

- Priye chak jou avèk pitit nou yo.
- Li ekriti yo ansanm. Mwen sonje manman ak papa pa mwen ki t ap li ekriti yo lè nou te chita atè epi ap koute. Kèkfwa yo te mande, “kisa ekriti sa vle di pou nou?” oubyen “kijan li fè nou santi nou?” Apresa yo te koute nou lè nou t ap reponn nan pwòp mo pa nou.
- Li pawòl pwofèt vivan yo ak lòt atik enspire yo pou timoun yo, jèn yo, ak granmoun yo nan revil legliz la..
- Nou kapab ranpli fwaye nou yo avèk son mizik diy lè nou chante ansanm nan liv kantik la oubyen liv kantik timoun yo.”

### Fè sware familyal ak konsèy familyal yo

- Fè sware familyal chak semèn. Kòm paran, kèkfwa nou twò timid wnan anseye ak temwaye pou timoun nou yo. Mwen te koupab konsa nan lavi pa mwen. Pitit nou yo bezwen pou nou pataje santiman esprityèl yo avèk yo epi anseye ak rann yo temwayaj nou.
- Fè konsèy familyal yo pou diskite plan ak sousi fanmi an. Kèk nan konsèy familyal ki pi efikas yo se avèk chak manm nan fanmi an apa. Ede pitit nou yo konnen lide pa yi enpòtan. Koute yo epi aprann apati yo.

### Pataje levanjil la, sipòte dirijan legliz la, epi patisipe antanke fanmi

- Envite misyonè yo pou anseye manm ki pa twò aktif yo oubyen zanmi ki pa manm yo nan fwaye nou yo.
- Montre ke nou soutni ak sipòte dirijan legliz la.
- Manje ansanm lè sa posib, epi fè diskisyon entere-san nan moman sa.
- Travay ansanm antanke fanmi, menmsi li t ap pi rapid ak pi fasil pou fè djòb la noumenm. Pale avèk pitit gason ak pitit fi nou yo pandan n ap travay ansanm. Mwen te genyen opòtinite sa chak samdi avèk papa mwen.

### Anseye timoun yo pou yo rete bon zanmi epi prepare pou lavni

- Ede pitit nou yo aprann kijan pou bati bon amitye epi fè zanmi yo santi yo byenvni nan fwaye nou yo. Aprann konnen paran zanmi pitit nou yo.
- Anseye pitit nou yo ak egzantp kijan pou planifye tan ak resous yo. Ede yo aprann konte sou tèt yo epi prepare pou lavni.

### **Pataje eritaj ak tradisyon famiyal yo**

- Anseye pitit nou yo istwa zansèt nou yo ak istwa pwòp fanmi nou.
- Bati tradisyon famiyal yo. Planifye epi reyalize vakans enteresan ansanm, nan konsidere bezwen, talan, ak abilite pitit nou yo. Ede yo kreye souvni enteresan, amelyore talan yo, devlope santiman konfyans nan tèt yo.

### **Anseye enpòtans pou obeyi kòmandman yo epi resevwa òdonans yo**

- Nan pawòl ak egzanp, anseye valèt moral yo ak angajman pou obeyi kòmandman yo.
- Apre batèm ak konfimasyon mwen, manman m te rale mwen kote li epi mande , ‘Kisa ou santi?’ Mwen te dekri pi byen mwen te kapab bon santi-man lapè, soulajman, ak bone mwen te genyen. Manman te eksplike m ke sa mwen te santi a seet don mwen te apèn resevwa a, don Sentespri a. Li te di mwenn ke si mwen te viv diy pou sa, mwen t ap genyen don sa avèk mwen toutan. Sa sete yon moman ansèyman ki te rete avèk mwen tout lavi mwen

Anseye pitit nou yo siyifikasyon batèm ak konfimasyon, resevwa don Sentespri a, pran sentèsan nan, onore prèttriz la, epi fè ak kenbe alyans tanp yo. Yo bezwen konnen enpòtans pou viv diy pou yon rekòmandasyon tanp epi prepare pou yon maryaj nan tanp.

- Si nou pa t kò sele nan tanp avèk konjwen nou oubyen pitit nou yo, travay antanke fanmi pou resevwa benediksyon tanp yo. Tabli bi tanp yo antanke fanmi.
- Rete diy pou prèttriz la ke nou kenbe, frè yo, epi itilize li pou beni lavi fanmi nou. . . .

### **Rete sansib pou aktivite nan kominote a, lekòl, ak legliz la**

Gen resous yo disponib andeyò fwaye a. Itilizasyon yo ak sajès pral fòtifeye fanmi nou yo.

- Ankouraje pitit nou yo sèvi nan legliz la ak nan kominote a.
- Pale avèk pwofesè, antrenè, konseye, konsiltan yo, ak dirijan legliz la konsènan sousi ak bezwen pitit nou yo.
- Kennen kisa pitit nou yo fè nan tan lib yo. Enfliyanse chwa yo nan fim sinema, pwogram televizyon, ak videyo. Si yo sou Entènèt, konnen kisa y ap fè. Ede yo wè enpòtans distraksyon sen.
- Ankouraje aktivite enteresan nan lekòl yo. Konnen kisa pitit nou yo ap etidye. Ede yo avèk devwa lakay yo. Ede yo reyalize enpòtans edika-

syon ak preparasyon pou anplwa ak depann sou tèt pa yo.

- Jèn fi yo: Asiste Sosyete sekou lè nou rive nan 18tyèm anivèsè nou. Kèk nan nou ka difisil pou pase tranzisyon sa. Nou ka krenn ke nou p ap ka antre ladan. Sè mwen yo, se pa sitiasyon an sa. Genyen anpil bagay nan Sosyete sekou a pou nou. Sa kapab yon benediksyon pou nou pandan tout lavi nou.
- Jèn gason yo: Onore prèttriz Arawon an. Se prèttriz preparatwa a, k ap prepare nou pou prèttriz Mèlkisedèk la. Rete aktif totalman nan kowòm ansyen yo lè nou òdonen nan prèttriz Mèlkisedèk la. Fratènite a, enstriksyon nan kowòm nan, ak opòtinite pou sèvi lòt moun yo pral beni nou ak fanmi nou pandan tout lavi nou.

### **Suiv egzanp lanmou Seyè a**

Tout fanmi kapab fòtifeye yon fason oubyen yon lòt si nou pote lespri Seyè a nan fwaye nou yo epi anseye avèk egzanp li.

- Aji avèk lafwa; pa reyaji avèk krent. Lè tinedjè nou yo kòmanse pase valè familay yo aleprèv, paran yo bezwen ale kote Seyè a pou gidans sou bezwen espesifik chak manm fanmi an. Sa se moman pou lanmou ak sipò epi pou ranfòse ansèyman nou yo sou fason pou fè chwa yo. Sa fè nou pè pou nou kite pitit nou aprann apati erè yo ka fè, men volonte pou chwazi wout Seyè a ak valè moral fanmi an vin pi gran lè chwa a soti andedan yo pase lè nou eseye enpoze yo valè sa yo. Metòd lanmou ak akseptasyon Seyè pi bon pase metòd pou enpoze ak entimide, espesyalman nan elve tinedjè yo
- Sonje pawòl pwofèt Joseph Smith yo: “Pa gen okenn kalkil ki pi bon pou menen moun abandonne peche pse pou pran men yo, epi voye je sou yo avèk jantiyès. Lè moun manifeste jantiyès ak lanmou pou mwen, ala povwa sa genyen sou lespri mwen , pandan demach kontrè a gen tandans pou enplante pi move santiman yo epi deprime espri imen an” (*Teachings of the Prophet Joseph Smith*, seleksyone pa Joseph Fielding Smith [1976], 240).

### **Timoun ki egare yo pral retounen**

- Pandan nou dezespere lè, apre tout sa nou kapab fè, kèk nan pitit nou yoelwaye chemen jistis la, pawòl Orson F. Whitney kapab konsole nou: “Malgre kèk mouton ka egare, je Bèje a sou yo, epi talè oubyen pita yo pral santi bra providans divin yo lonje rive jwenn yo epi rale yo tounen nan twoupo a. Oubyen na lavi sa oubyen nan lavi k ap vini an, yo pral retounen. Yo pral genyen pou peye dèt lajistis la; yo pral soufri pou peche yo; epi yo

ka mache sou yon wout pikan; men si sa mennen yo alafen, tankou banbochè repantan an, nan kè ak nan fwaye yon [manman ak] papa ki renmen ak ka padone yo, eksperyans difisil yo a pa p anven. Priye pou pitit ensousyan ak dezobeyisan [nou] yo; Rete tann yo avèk lafwa [nou]. Espere, gen konfyans, jistan nou wè Sali Bondye a” (pou site Joseph Smith, nan Conference Report, Avril 1929, 110).

### **Granmou selibatè yo ak fanmi elaji yo kapab ofri fòs**

- Kisa ki pase si ou selibatè epi pa te beni avèk pitit? Eske ou bezwen fè sousi konsènan konsè ki regade fanmi yo? Wi. Se yon bagay nou tout dwe aprann nan lavi sou tè a. Manm granmoun ki pa marye yo kapab souvan ofri yon kalte fòs espesyal pou fanmi an, nan vin tounen yon gwo sous sipò, apwobasyon, ak lanmou pou fanmi pa yo ak fanmi yo ki antoure yo.
- Anpil manm granmoun nan fanmi elaji a deja gen dwa aji kòm paran. Granparan yo, matant ak toton yo, frè ak sè yo, neve ak nyès yo, kouzen yo, ak lòt manm fanmi yo kapab gen gwo enpak sou fanmi a. Mwen vle ekspri apresyasyon mwen pou sila yo nan pwòp fanmi elaji pa mwen ki te gide mwen ak egzanp yo epi temwayaj yo. Kèk nan manm fanmi elaji yo kapab di kèk bagay paran yo pa kapab di san sa pa kòmanse yon vye diskisyon. Apre yon gwo diskisyon sensè avèk manman li, yon jèn tifi te di: “Sa t ap lèd pou m di ou ak papi mwen te fè yon move bagay. Men li t ap pi mal pou m di tant Sizàn. Mwen te senpleman pa ka ba li desepsyon sa.”

### **Pa gen fanmi pafè**

Paske nou konnen nou nan mòtalite a pou aprann epi devlope lafwa nou, nou konprann dwe gen opozisyon nan tout bagay.<sup>59</sup> Pandan yon konsèy famiyal nan fwaye pa mwen, madanm mwen te di, “Lè ou ka panse yon moun genyen yon fanmi pafè, ou jis pa konnen yo byen ase.”

### **Tabli yon kay ak fanmi nan lòd**

Frè ak sè mwen yo, kòm paran an nou fè atansyon ak mizangad, yon repwòch menm, Seyè a te fè Joseph Smith ak dirijan yo nan legliz la an 1833 pou “mete pwòp kay pa [nou] nan lòd” (D&A 93:43). “M kòmande w pou ou leve pitit ou yo nan limyè ak verite” (D&A 93:40). “Mete fanmi [nou] nan lòd, pou fè yo vin pi dilijan ak pi sousye lakay yo, pou yo priye tout tan, san sa m ap wete yo nan plas yo a” (D&C 93:50).

Pwofèt nan epòk nou an te bay yon mizangad ak avètisman menmjan an pou paran yo pou mete lòd nan fanmi nou yo. Se pou nou beni avèk enspirasyon ak lanmou pou fè fas ak opozisyon yo avèk lafwa andedan fanmi nou yo. Lè sa a nou va konnen ke eprèv nou yo fè nou vin pi pre Senyè a epi vin pi pre youn ak lòt. Se pou nou koute vwa pwofèt la epi mete mete lakay nou nan lòd (gade D&A 93:41–49). Fanmi an fòtifye lè nou vin pi pre Seyè a, epi chak manm fanmi an fòtifye lè nou leve ak fòtifye epi renmen ak fè sousi yonn pou lòt.. “Ou leve m epi m ap leve ou, epi n ap monte ansanm” (Quaker pwovèb).

Se pou nou gen kapasite Se pou nou gen kapasite pou n akeyi ak mentni Lespri Senyè a nan fwaye nou pou fòtifye fanmi nou. Pou chak manm fanmi nou kapab rete sou “chemen etwat ak kwense a, ki mennen nan lavi etènèl la” (2 Nefi 31:18), mwen priye.

Apati yon diskou Eldè Hales nan konferans jeneral legliz la an Avril 1999 (gade Conference Report, Avril 1999, 39–44; oubyen *Ensign*, Me 1999, 32–34).

# ANSEYE TIMOUN YO PRENSIP LEVANJIL YO

# 14

PATI 2

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Kòm yon fanmi, planifye yon aktivite kote nou pral rann sèvis ansanm.
- Fè yon travay nan kay la avèk yonn nan pitit ou yo oubyen yon pititpitit ou, yon neve oubyen nyès, oubyen yon lòt timoun nan fanmi ou. Pale avèk timoun nan pandan w ap travay. Pwofite

opòtinite pou anseye yo san ou pa kritike efò timoun nan pou ede.

- Li seksyon sa a yo nan bwochi *Pou Fòs Jèn yo* (34285): “Medya: Sinema, Televizyon, Radyo, Videyokasèt, Liv, ak Revi” (paj 11–12), “Mizik ak Dans” (paj 13–14), epi “Pite Seksyèl” (paj 14–16). Apre ou fin repase matyè a, detèmine kiyès nan pitit ou yo k ap pwofite apati lèkti ak diskisyon matyè sa avèk ou.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa a avèk konjwen ou.

### ANSEYE TIMOUN YO

Prezidan Boyd K. Packer

Prezidan Sipleyan Kowòm Douz Apot yo

Kantite moun ki rasanble isit la ak nan lòt lokal temwaye sou gwo swaf pou verite ki akonpaye tout manm nan legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

Lè mwen te priye sou sa ki ta pi enpòtan pou nou, mwen te reyalize ke nan twa semèn mwen pral rive nan 75yèm anivèsè m epi antre nan sa mwen te chwazi rele *pi gwo laj mwayen*.

Mwen te yon enstriktè pandan plis pase 50 an. Asireman gen yon bagay mwen te aprann ki ap itil pou nou.

Mwen te aprann sa apati eksperyans: Lavi a ap anseye nou kèk bagay nou pa te panse nou bezwen konnen. Leson difisil sa yo se kapab sila yo ki pi enpòtan.

Mwen te aprann yon lòt bagay konsènan aprann sou wout mwen pou *pi gwo laj mwayen* an. Anvizaje konvèsasyon sa ant yon doktè ak yon pasyan:

Doktè: “Kijan mwen kapab ede ou? Kisa ki sanble pwoblèm ou?”

Pasyan: “Se memwa mwen, doktè. Mwen li yon bagay epi mwen pa kapab sonje l. Mwen pa kapab sonje poukisa mwen te rantre nan yon chanm. Mwen pa kapab sonje kote mwen mete yon bagay.”

Doktè: “Wèl, di mwen, depi konbyen tan sitiyasyon sa ap annuiye ou ?”

Pasyan: “Depi konbyen tan sitiyasyon sa ap annuiye mwen?”

Kounyeya, si sa te amize ou, oubyen ou anba 60 oubyen w ap ri tèt ou.

### Anseye timoun yo pandan yo jèn

Lè nou kòmanse vin granmoun, nou pa kapab aprann oubyen memorize oubyen etidye tankou nou te kapab lè nou te jèn. Kapab se pou sa pwofèt Alma te konseye, “Aprann lasajès pandan w jèn; wi, aprann respekte kòmandman Bondye yo pandan w jèn”<sup>1</sup>

Li vin reyèlman difisil pou mwen pou memorize ekriti yo ak fraz yon powèm. Lè m te jèn mwen te kapab repete yon bagay yonn oubyen de fwa epi mwen te sonje l. Si mwen te di li plizyè fwa, patikilyèman si mwen te ekri l, li te prèske definitivman anrejistre nan panse mwen.

Lajènès se peryòd pou aprann fasil. Se pou sa enstriktè timoun yo ak jèn yo sete yon sousi pou dirijan yo nan legliz la depi lontan nan kòmansman an.

Li eksepsyonèlman enpòtan pou anseye timoun yo ak jèn yo leson levanjil yo ak leson lavi yo.

Seyè a te plase premye responsablite a sou paran yo epi avèti:

“Epi toutotan gen paran nan Siyon, oubyen nan nenpòt lèt pye òganize nan Siyon, ki pa anseye yo pou yo konprann doktrin repantans la, lafwa nan Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an, ak batèm, ak don Sentespri a pa enpozisyon men lè yo gen uitan, peche a ap sou tèt paran yo.”<sup>2</sup>

Se bi debaz legliz la pou anseye jèn yo: premye-man nan fwaye a epi apres a nan legliz la.

### **Mete konesans an rezèv**

Yon lòt bagay mwen te aprann gen pou wè avèk sonje sa nou te aprann lè nou te jèn. Konesans an rezèv nan panse jèn yo ka rete tann anpil ane pou moman lè yo ka itil.

Kite mwen ilistre sa. Mwen reyèlman gen pwoblèm avèk tandans manm yo pou inyore konsèy evèk la, oubyen, nan lòt ekstrèm nan, pou vin twò depann sou li.

Mwen te deside pale nan koferans jeneral konsènan evèk la.

Mwen te prepare nan lapriyè, epi lès a on konvèsasyon depi 50 ane pase te vin nan panse mwen. Li te itil mwen kòm yon enstriktè—li te pafètman itil. M ap site kounyeya konvèsasyon sa egzaktman jan mwen te fè nan koferans jeneral la:

“Sa gen anpil ane mwen te sèvi nan yon gran konsèy pye avèk Emery Wight. Pandan 10 ane Emery te sèvi kòm evèk pawas Harper nan andeyò. Madanm li, Lucille, te vin tounen prezidan Sosyete sekou pye nou an.

“Lucille te di mwen ke yon maten prentan yon vwazen te frape nan pòt li epi mande pou Emery. Li te si li ke li te sòti al travay nan fèm nan . Vwazen an lès a te pale avèk gwo enkyetid. Pi bonè nan maten sa li te pase bò jaden an epi li te remake bann cheval Emery yo kanpe sou yon kanal ki pat fini avèk brid yo vlope sou kanal la. Emery pa te nan zòn nan menm. Vwazen an pa te panse anyen jistan pita nèt li te pase bò jaden an ankò, epi bann nan pa te bouje. Li te grenpe kloti a epi travèse jaden rive kote cheval yo. Li pa te ka jwenn Emery okenn kote. Li te kouri vin lakay la pou alète Lucille.

“Lucille kalmeman te reponn, ‘O, ou pa bezwen alame. Pa gen dout yon moun te gen pwoblèm epi vin chèche evèk la.’

“Imaj bann cheval yo kanpe pandan anpil tan nan jaden an senbolize devouman evèk yo nan legliz la ak konseye yo ki kanpe akote yo. Chak evèk epi chak konseye, nan sans figire, kite ekip li kanpe nan yon kanal ki pa fini lè yon moun bezwen èd.”<sup>3</sup>

Mwen pa te janm itilize eksperyans sa nan yon diskou—pa te janm panse sou li.

Mwen te vle fikse li nan panse mwen anvan m pale sou li nan konferans la, konsa mwen te localize yon pitit fi Emery Wight. Li te dakò rankontre mwen nan ansyen kay yo a epi montre mwen jaden kote papa li t ap laboure jou sa.

Yonn nan pitit gason mwen yo te mennen m la bonè yon dimanch maten. Li te pran anpil foto.

Sete yon bèl maten prentan. Jaden an te fèk laboure, menm jan li te ye nan pakèt ane sa yo anvan. Bèt bwa t ap manje nan tè ki te fèt vire a.

Souvni rapid sa, lè m sonje konvèsasyon sa, rive m souvan. Li reyafime verite nan ekriti yo—yonn, anvan m bliye, mwen te memorize nan jenès mwen—

Ni pa fè sousi divans sou sa ou pral di; men mete an rezèv san rete nan lespri ou pawòl lavi yo, epi ou pral resevwa pòsyon ki rzève pou chak moun nan moman an menm.”<sup>4</sup>

Après a gen yon pwomès pou sila yo ki mete konesans an rezèv:

“Kote nenpòt moun resevwa ou, m ap la tou, paske m ap mache devan vizaj ou. M ap rete adwat ou ak agoch ou, epi lespri mwen pral rete nan kè ou, epi zanj mwen yo pral antoure ou, pou soutni ou.”<sup>5</sup>

Sete yon bon leson pou mwen, men leson an pa te fini la.

Mwen te fè kèk penti ak estati anbwa nan jenès mwen. Mwen te aprann li pou tèt mwen. Pandan timoun yo t ap grandi, mwen te dedye tan mwen nan anseye yo bagay mwen te aprann konsènan lavi a epi konsènan fè estati ak penti lè mwen te yon tigan.

Aprè yo te fin grandi, mwen te itilize akvivate fè estati anbwa kòm yon mwayen pou rilaks. Mwen te prepare estati zwazo epi pase anpil tan nan fè yon estati. Lè yo te mande m, “Konbyen tan li ou pran pou fè estati sa?” Mwen te toujou reponn, “mwen pa konnen. Si m te chèche sa, mwen t ap kite l.”

Pandan tan travay sa yo avèk men mwen yo, mwen te medite sou mèvèy nan kreyasyon an, epi enspirasyon te koule. Menmjan mwen taye bwa, mwen prepare diskou yo.

Aktivite sa te repozan pou mwen. Kèkfwa lè mwen te yon tijan gen presyon ak enève, madanm mwen te di, “Wèl, ou ta byen fè kòmansè yon lòt estati.”

Mwen sipoze si souvni *pi gwo laj mwayen* mwen an te poli yon tikras, mwen te ka montre yonn nan estati sa yo epi di ki diskou li reprezante. Mwen te aprann sa nan moman kalmi sa yo mwen te ka fè de bagay yon sèl kou.

### **Rekòlte fwi apati ansèyman**

Mwen pa kapab fè estati sa yo ankò. Travay sa twò delika pou mwen avèk gwo linèt ak loup epi jwenti dwèt yo ki kounyeya vin yon tijan rès akòz maladi polyo nan ansyen mwen. Anplis sa, gwo presyon nan apèl mwen limite tan mwen kapab dedye nan fè estati epi prepare diskou yo.



Mwen pèdi pifò nan abilte pou fè estati kounyeya, men pa pou pitit nou yo. Nou te anseye yo lè yo te jèn.

Imaj ekip sa ki kanpe nan jaden an te rete avèk mwen. Mwen te panse ke petèt mwen te kapab fè yon tablo sou ekip evèk la ki kanpe nan jaden an avèk brid yo vlope sou yon kanal.

Mwen te eziet paske sa te fè nèf ane depi mwen te pentire yon pòtre. De zanmi avèk talan ekspsyonèl ak enspirasyon te ofri pou ede m pentire ekip evèk la, epi July te fè yon sispann vwayaje, konsa mwen te kòmanse.

Mwen te aprann anpil apati de zanmi sa yo, epi nan yon sans reyèl yo nan tablo mwen an. Men mwen te resevwa plis èd apati de pitit gason mwen yo. Yon pitit gason te pran foto sa yo sou jaden laboure a, paske mwen toujou eseye mete anpil prezizyon lè m ap fè pòtre yon bagay sou bwa oubyen sou twal oubyen nan diskou.

Sa se yon lòt leson. Mwen te kapab konte sou pitit nou yo apati yon bagay yo te aprann lè yo te jèn.

Lòt pitit gason an te deside fè yon eskilpti sou ekip evèk la pou plonje nan bwonz pou akonpaye penti mwen an. Nou te pase anpil moman enteresan nan ede yonn lòt.

Li te pran nan fèm nou an kèk nan djakout ansyen ki te rete kwoke san pèsonn pa touche pou plis pase 50 ane. Li te souke pousyè sou yo epi pote yo lakay la. Li te depoze yonn nan djakout yo sou yonn nan cheval trè pasyan. Li te kanpe jantiman pandan mwen t ap ranje djakout la kòrèkteman epi te fè plizyè sèn detaye sou li.

Vwazen li te kolekte kèk ansyen louchèt. Pami yo te gen yon louchèt epòk klasik, ke li te fè sèn pou li tou.

Epi konsa sa nou te ba pitit gason sa yo nan jenès yo te retounen vin jwenn nou. Menmjan avèk lòt pitit nou yo, yo te amelyore nan sa nou kòm paran te aprann yo lè yo te trè jèn. Epi si nou viv pi lontan sou tè a, yon dezyèm rekòt ap vini—pititpitit nou yo—epi petèt yon twazyèm.

### Reveye talan k ap dòmi yo

Mwen te reyaprann yon lòt bagay. Yon fwa anvan mwen te pentire yon pòtre enspire pa kòmantè mwen te tande lè mwen te yin tigason. Li se pòtre montay Willard yo. Mwen te tande wo granmoun yo fè referans ak yo kòm *Prezidans la*. Twa montay jeyan, solid sa yo ki kanpe wo nan syèl la senbolize dirijan yo nan legliz la.

Sa te pase depi nèf ane. Piti gason mwen an te mennen m sou tè Willard, Utah, epi fotografye somè yo. Nou te retounen yon dezyèm fwa lè te genyen plis lonbraj ak kontras.

Aprè ane sa yo mwen te bezwen reveye sa mwen te kite ap dòmi. Dabò sete yon batay terib. Mwen te menase abandone plizyè fwa. Yonn nan zanmi mwen yo te pouse m nan di, “Avanse! Toujou gen anpil espas nan somè a.”

Mwen pa te abandone, sèlman paske madanm mwen pa te ban m pèmasyon fè sa. Mwen kontan kounyeya mwen pa te fè sa. Petèt, kounyeya mwen kòmanse ankò, mwen pral pentire yon lè—pèsonn pa konnen.

Mwen sipoze eseye retounen nan penti pa diferan ak yon moun ki te inaktif nan legliz la pou anpil ane epi deside pou retounen nan twoupo a. Genyen yon peryòd batay nan fè eksperyans bagay ki t ap dòmi men ki pa te reyèlman pèdi. Epi li itil pou genyen yon zanmi oubyen de.

Sa se yon lòt prensip nan aprann—tire leson apati eksperyans òdinè nan lavi a.

Penti sa sou *Ekip Evèk la* ap fini talè. Eskilpti pitit gason mwen an nan fondri pou plante li nan bwonz.

Eskilpti li, anvan mwen bliye, pi bon pase penti mwen . Sa se tankou li te dwe ye. Jèn ti dwèt li yo ak lespri li reponn pi rapid pase pa mwen.

Lè n ap avanse nan *pi gwo laj mwayen* an nou aprann ke zo granmoun pa pliye fasil, jwenti zo granmoun yo pa fè mouvman twò rapid. Li pa fasil pou lase soulye depi ou rantre fon nan 60 yo—lèsa yo bese ba.

Leson sa retounen ankò, “Aprann lasajès pandan w jèn; wi, aprann respekte kòmmandman Bondye yo pandan w jèn”<sup>6</sup>

“LagIwa Bondye se entelijans, oubyen otreman di, limyè ak verite.”<sup>7</sup>

“Mwen kòmande w pou ou leve pitit ou yo nan limyè ak verite.”<sup>8</sup>

Don ekstraòdinè Sentespri a konfere sou pitit nou yo lè yo gen sèlman uitan.

“Konsolatè a, ki se Sentespri a, ke Papa a pral voye nan non mwen, li pral *anseye* nou *tout* bagay, epi pote *tout* bagay nan *memwa* nou, kèlkeswa sa mwen et di nou.”<sup>9</sup>

Remake mo *anseye* ak *memwa*.

Anseye timoun yo pote pwòp rekonpans li. Eske nou apa te aprann ke lè nou anseye nou aprann plis apati ansèyman an pase sa timoun yo aprann?

### Remonte souvni espiritiyèl yo

Genyen yon diferans ant akeri yon konesans tanporèl epi akeri yon konesans espiritiyèl. Etidyan yo aprann sa nan jou egzaman an. Li tèribleman difisil pou sonje yon bagay ou pa te aprann anvan sa.

Sa vrè pou konesans tanporèl, men espiyèlman nou kapab remonte yon souvni menm anvan nesans nou. Nou ka devlope yon sansiblite pou bagay ke nou pa te konprann lè nou te pi jèn.

Powèt Wordsworth te santi yon bagay konsènan lavi premòtèl la lè li te ekri,

*Nesans nou se tankou yon somèy ak yon oubli:  
Nanm nan ki leve avèk nou an, zetwal nou nan lavi a  
Te pran nesans yon lòt kote,  
Epi li vini soti byen lwen:  
Li pa fin bliye tout bagay nètèt,  
Epi li pa t toutouni nèt,  
Men nou pote pakèt nyaj laglwa  
Soti nan fwaye nou kote Bondye.<sup>10</sup>*

Mwen te trase liy sa yo nan memwa mwen, lè mwen te estoke yo pandan yon klas Anglè anan epòk mwen te nan inivèsite.

Leson ki pi enpòtan yo soti nan evènman òdinè nan lavi a.

Kèk moun ap tann eksperyans espiyèl konvenkan pou konfime temwayaj yo. Li pa mache konsa. Se pouse ak enpresyon trankil nan bagay òdinè yo ki ba nou asirans sou idantite nou kòm pitit Bondye. Nou viv lwen anba nivo privilèj nou yo lè nou ap kouri dèyè siy yo epi chèche evènman mirak “depase limit”<sup>11</sup>.

Nou se pitit Bondye, paske nou te viv avèk li nan egzistans premòtèl la. Tanzantan rido a ouvè. Lèsan endikasyon sou kiyès nou ye vini ak tout plas nou nan chema etènèl bagay yo. Rele sa souvni oubyen apwòch espiyèl, sa se yonn nan temwayaj sa yo ke levanjil Jezikri a vrè. Kalte revelasyon sa yo vini lè n ap anseye.

Yon fwa mwen te tande prezidan Marion G. Romney (1897–1988) di, “Mwen toujou konnen lè m ap pale anba enfliyans Sentespri a paske mwen toujou aprann yon bagay apati sa mwen te di a.”

Seyè a te di ansyen yo:

“M pa voye nou pou moun ansenye nou, men, pou nou ansenye pitit lèzòm yo bagay m te mete nan men nou yo avèk pouvwa Lespri m nan;

“Epi ansèyman nou dwe soti anwo. Sanktifye tèt nou epi n ap dote avèk pouvwa, pou nou kapab bay menm jan m pale a.”<sup>12</sup>

Menm lè rekòt moun konvèti yo pi mèg pou misyonè yo, yon pouvwa espiyèl vini pou yo ak pou legliz la paske yo aprann atravè ansèyman yo.

Prezidan kowòm dyak yo dwe chita an konsèy epi anseye konpayon dyak li yo.<sup>13</sup> Prezidan kowòm ansyen yo dwe anseye kowòm yo dapre alyans yo.<sup>14</sup>

Pòl te di Timote, “Bagay yo ou te tande sou mwen nan mitan pakèt temwen yo, remèt yo bay moun fidèl yo, ki pral kapab anseye lòt yo tou.”<sup>15</sup>

Li te eksplike nan nèf mo kijan ansèyman vin tou-nenn pwòp rekonpans li:

“Oumenm ki anseye moun, èske ou pa anseye tèt ou? oumenm k ap preche yon nonm pou li pa vole, èske ou vòlè?”

“Oumenm k ap di yon nonm pa dwe komèt adiltè, èske ou komèt adiltè?”<sup>16</sup>

### Gen volonte pou aprann

Lotrejou mwen te resevwa yon lèt eskiz, jan mwen te jwenn nan plizyè okazyon. Yon moun mwen pa te konnenen te voye l. Lèt sa te rakonte mwen kijan manm sa te fristre ak an kòlè pou yon pakèt tan anvè mwen poutèt yon diskou mwen te bay. Sete yon pou mande padon.

Mwen rapid pou padone. Mwen se sèlman yon enstriman alafwa nan bay diskou ak nan padone.

Ekriti yo genyen anpil referans ki revele kijan ansèyman pwofèt ak apot yo te “difisil”<sup>17</sup> pou Izrayelit ak Nefit yo te tolere yo. Li tèmman fasil pou reziste ak ansèyman an epi rayi enstriktè a. Sa te toujou kalvè pwofèt yo ak apot yo depi nan kòmansman an.

Yonn nan Beyatitid yo anseye ke:

“Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè ya pèsekite nou, lè ya fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m nou ye.

“Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.”<sup>18</sup>

Tipikman lèt eskiz sa yo di, “mwen pa te kapab konprann poukisa ou te santi ou te bezwen fè m santi mwen malalèz ak koupab konsa.” Apresa, apre batay yo, yon apwòch file soti, yon enspirasyon, yon konpreyansyon sou kòz ak konsekans yo. Finalman yo vin wè ak konprann poukisa levanjil la se konsa li ye.

Mwen mansyone yonn nan pami pilzyè sijè. Yon sè ka finalman reyalize poukisa nou ansiste sou enpòtans pou manman yo rete nan fwaye a avèk pitit yo. Li konprann ke okenn sèvis pa egal elegans ekstraòdinè ki soti nan matènite nan egoyis. Ni li pa bezwen elegans entèlèktyèl oubyen kiltirèl oubyen sosyal. Bagay sa yo chita nan li—nan moman apwo-priye a—paske yo prezan avèk vèti etènèl yo ki vini apati anseye timoun yo.

Okenn ansèyman pa egal, pote plis rekonpans, oubyen pi louwab pase sa yon manman anseye pitit li yo. Yon manman ka santi li pa tèmman byen konnen ekriti yo paske li okipe nan anseye fanmi li. Li pa p resevwa yon rekonpans ki pi piti.

Prezidan Grant Bangerter te genyen yon konvèsasyon doctinal avèk prezidan Joseph Fielding Smith, ki t ap vizite misyon li nan Brezil. Sè Bangerter te

koute epi finalman di, “prezidan Smith, Mwen t ap elve timoun yo epi mwen pa te gen okazyon pou vin konnen ekriti yo byen tankou li. Eske m ap rive nan wayòm selès la avèk Grant?”

Prezidan Smith te medite pwofondeman pou yon moman epi li te di, “Wèl, petèt si ou prepare yon pate pou li .”

Yon nonm pral santi gwo presyon pou li egale nivo elegans espiyèl ki natirèlman akimile lakay madanm li pandan fi a ap anseye pitit li yo. Epi si li konprann levanjil la byen, li konnen li pa kapab egzalte san li.<sup>19</sup> Pi bon espwa li se pou angaje li kòm yon asosye atantif, responsab nan anseye pitit yo.

### **Benediksyon pou enstriktè yo**

Kounyeya, anvizaje pwomès sa:

“Ansenye avèk dilijans epi lagras mwen ap vini sou ou [enstriktè a], pou ou [enstriktè a, manman an, papa a] kapab enstwi pi pafètman nan tewori, nan prensip, nan doktrin, nan lalwa levanjil la, nan tout bagay ki gen rapò avèk wayòm Bondye a, ki nesèsè pou ou [manman an, papa a] konprann.”<sup>20</sup>

Remake pwomès sa se plis pou enstriktè olye pou elèv la.

“Ansenye avèk dilijans epi lagras mwen ap vini sou nou [k ap anseye pitit ou yo oubyen nan Primè, Lekòldidmanch, Jèn fi ak Jèn Gason, prètriz, semènè, Sosyete sekou],” pou nou kapab konprann:

Konsènan bagay ki nan syèl la ak sou tè a, ak anba tè a; bagay ki te egziste, bagay ki egziste, bagay ki dwe rive pwochènman; bagay ki lakay nou, bagay ki nan peyi etranje; lagè yo ak sitiyasyon konplike ki pami nasyon yo, ak jijman ki nan peyi a; epi yon konesans konsènan peyi yo ak wayòm yo—

“Pou nou kapab prepare nan tout bagay lè m voye nou ankò pou nou mayifye apèl m te ba nou an, ak misyon m te otorize nou an.”<sup>21</sup>

Pòl te pwofetize pou jèn Timote “ke nan dènye jou yo pral gen moman gwo danje.”<sup>22</sup> Li te di, “Moun mechan ak magouyè pral rantre pi fon nèt nan mechanste, pou egare moun , epi egare pwòp tèt yo.”<sup>23</sup>

Men tou toujou kan gen sekirite. Sekirite nou se nan anseye timoun yo:

“Antrene yon timoun sou chemen li ta dwe suiv: epi lè li vin gran, li pa p ekate li.”<sup>24</sup>

Pòl te konseye Timote:

“Pèsevere nan bagay ou te aprann yo epi ou jwenn asirans pou yo, paske ou konnen kiyès ki te aprann ou yo;

“Epi depi ou te *timoun* ou te *konnen ekriti sakre yo*, ki kapab rann ou saj pou sove atravè lafwa ou nan Jezikri .”<sup>25</sup>

Sa se legliz Jezikri a. Sa se legliz li a. Li se modèl nou, Redanmtè nou. Nou jwenn kòmandman pou nou vin “menmjan li ye.”<sup>26</sup>

Li te yon enstriktè pou timoun. Li te kòmande disip yo nan Jerizalèm pou “kite timoun pitit yovin jwenn li, epi pa anpeche yo: paske wayòm syèl la se pou moun ki tankou yo.”<sup>27</sup>

Nan istwa ministè Sovè a nan mitan Nefit yo, nou kapab wè pi fon nan kè li pase nenpòt lòt okazyon:

“Epi sete konsa li te kòmande pou yo mennen timoun piti yo.

“Konsa, yo te pote timoun piti yo, e yo te depoze yo atè a alantou l, e Jezi te kanpe nan mitan; epi foul la te fè pasaj jistan yo tout te prezante devan l. . . .

“. . . Epi li te kriye avèk dlo nan je, e foul la te rann temwayaj konsènan sa, e li te pran timoun piti yo youn apre lòt, li te beni yo, e li te priye Papa a pou yo.

“Epi lè l te fin fè sa, li te kriye avèk dlo nan je ankò;

“Epi li te pale avèk foul la, e li te di yo: Gade timoun piti nou yo.

“Epi lè yo te gade, yo te voye je yo nan direksyon syèl la, e yo te wè syèl la louvri, e yo te wè zanj k ap desann sòti nan syèl la kòm si se te nan mitan dife; yo te desann e yo te antoure timoun piti yo, e yo te antoure avèk dife; epi zanj yo t ap sèvi yo.

“Foul la te wè, yo te tande, e yo te rann temwayaj; e yo konnen temwayaj yo se verite; paske, yo te wè e yo te tande.”<sup>28</sup>

Mwen konnen ke resi sa a vrè. Mwen rann temwayaj sou li epi m beni nou tout ki anseye timoun yo nan non li.

Apati yon diskou ki te bay nan devosyonèl pou Semèn Edikasyon nan Inivèsite Brigham Young 17 Out 1999 (gade *Ensign*, Fevriye 2000, 10–17).

Nòt

1. Alma 37:35.
2. Doktrin ak Alyans 68:25.
3. "The Bishop and His Counselors," *Ensign*, Me 1999, 57.
4. Doktrin ak Alyans 84:85.
5. Doktrin ak Alyans 84:88.
6. Alma 37:35.
7. Doktrin ak Alyans 93:36.
8. Doktrin ak Alyans 93:40.
9. Jan 14:26; italik ajoute.
10. "Ode: Intimations of Immortality," stanza 5.<sup>61</sup>
11. Jakòb 4:14.
12. Doktrin ak Alyans 43:15–16.
13. Gade Doktrin ak Alyans 107:85.
14. Gade Doktrin ak Alyans 107:89.
15. 2 Timote 2:2.
16. Women 2:21–22; italik ajoute.
17. Gade Jan 6:60; 1 Nefi 16:2; 2 Nefi 9:40; Elaman 14:10.
18. Matye 5:11–12; gade tou Lik 21:12; Jan 15:20; 3 Nefi 12:12.
19. Gade Doktrin ak Alyans 131:1–4, 132:19–21.
20. Doktrin ak Alyans 88:78; italik ajoute.
21. Doktrin ak Alyans 88:79–80.
22. 2 Timote 3:1.
23. 2 Timote 3:13.
24. Pwovèb 22:6.
25. 2 Timote 3:14–15; italik ajoute.
26. 1 Jan 3:7.
27. Matye 19:14.
28. 3 Nefi 17:11–12, 21–25.

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyaasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo..

- Nan pwojè lèkti pi ba a, Eldè M. Russell Ballard bay senk sigjesyon pou ede nou “bati yon sitadèl lafwa nan fwaye nou epi. . . prepare jèn nou yo pou rete pwòp epi chas ak pi, konplètman diy

pou antre nan tanp la.”<sup>62</sup> Repase sigjesyon li yo epi fè plan espesifik pou suiv sigjesyon sa yo nan fwaye ou.

- Panse sou desizyon ke chak timoun nan fanmi ou ta ka fè fas nan lekòl, nan fwaye a, ak nan lòt sitiyaasyon. Anvizaje kisa ou kapab fè pou ede yo prepare chak timoun pou pran desizyon jis.

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa a. Si ou marye, li epi diskite atik sa a avèk konjwen ou.

### TANKOU YON FLÀM TÈRIB

Eldè M. Russell Ballard  
Nan Kowòm Douz Apot yo

### Lajwa nan maryaj tanp

Pafwa mwen konn gen privilèj pou ofisye nan tanp lan lè de jèn moun diy ap marye epi sele nan kay Senyè a. Sa se toujou moman espesyal pou fanmi ak zanmi yo. Santiman nan kalte moman sa yo se yon melanj dous ak satisfèzan bonè terès ak lajwa etènèl ki eksprime nan je chaje dlo yon manman ki te priye pou jou sa avèk tout kè li. Ou wè nan je papa yo ki, pou premye fwa nan mwa yo, ap panse konsènan yon bagay anplis kijan pou peye tout depans yo. Men pi souvan ou wè je yon lamarye ak lemariye onèt ki te viv fidèl nan ansèyman levanjil la, nan evite tantasyon mond la. Genyen yon santiman espesyal, evidan ki disponib pou sila yo ki te rete pwòp epi chas ak pi.

### Prensip moral yo absoli

Twòp nan jèn gason ak jèn fi yo sikonbe anba presyon mond la ki satire avèk mesaj ak konpòtman immoral enpoze yo. Lisifè angaje nan yon a lage brital pou nanm jèn yo ak parèy yo, epi kantite victim yo ap ogmante. Prensip yo nan mond la te varye tankou sab van ap soufle nan yon dezè. Sa ki yon lè nou pa t menm tandè oubyen te inakseptab se kounyeya bagay kouran. Vizyon mond la tèlman dramatikman chanje ke sila yo ki chwazi pou kole ak prensip tradisyonèl moralite yo konsider kòm etranje, preske tankou yo ta dwe jistifye dezi yo pou kenbe kòmandman Bondye yo.

Men gen yon bagay ki sèten: kòmandman yo pa te gnaje. Pa dwe gen okenn erè nan sa. Byen toujou rete byen. Mal toujou rete mal, Wrong is still wrong, kelkeswa degre entelijans ki sèvi pou maske l avèk respè oubyen nan politik. Nou kwè nan chastete anvan maryaj ak fidelite total apre. Prensip sa se yon prensip verite absoli. Li pa bezwen ni sondaj opinion politik ni pa depann sou sitiyaasyon oubyen kontèks. Pa gen okenn bezwen pou fè deba sou li oubyen lòt prensip levanjil yo.

### Bati yon sitadèl lafwa nan fwaye a

Men genyen yon gwogwo bezwen pou paran yo, dirijan yo, ak enstriktè pou ede jèn nou yo konprann, renmen, valorize, epi viv prensip levanjil yo. Paran yo ak jèn yo dwe kanpe ansanm kòm defansè kont yon advèsè entelijan ak koken. Nou dwe devwe, efikas, ak detèmine nan efò nou yo pou viv levanjil la menmjan li ye nan efò li pou detwi li—ak nou.

Defi a gran devan nou. Se nanm moun nou renmen yo ki an danje. Pèmèt mwen sigjere kat fason nou kapab bati yon sitadèl lafwa nan fwaye nou epi. . . prepare jèn nou yo pou rete pwòp epi chas ak pi, konplètman diy pou antre nan tanp la.

### Anseye timoun yo levanjil la

An premye se enfòmasyon sou levanjil la. Enfòmasyon ki pi enpòtan, ki ka chanje lavi ke mwen konenn se konesans ke nou se vrèman pitit Bondye Papa Etènèl nou. Sa pa sèlman yon doktrin kòrèk, li esprityèlman vital. Sovè a te di nan gwo priyè sasèdotal li a, “Epi lavi etènèl la se pou yo ka konnen ou menm sèl vrè Bondye a, ak Jezikri ke ou

te voye a" (Jan 17:3). Konnen Papa a ki nan syèl la epi konprann relasyon nou avèk li kòm Papa ak Bondye nou se jwenn sans lavi sa ak espwa nan lavi k ap vini an. Fanmi nou yo bezwen konenen Li reyèl, ke anfèt nou se pitit gason ak pitit fi li epi eritye tout sa li genyen, kounyeya epi pou tout tan. An sekirite nan konesans sa, manm fanmi yo pral mwen fasil pou chèche distaksyon dyabolik yo epi plis fasil pou gade Bondye epi viv (gade Nonmb 21:8).

### Viv nan alyans, pa nan bagay fasil

Antouka nou bezwen plante nan kè nou temwayaj puisan sou levanjil Jezikri a tankou papa nou pyonye nou yo te fè. Sonje lè Nauvoo tedetwi an Septanm 1846 ak kondisyon ensipòtab Sen yo nan kan mizerab yo. Lè pawòl la te rive Winter Quarters, Brigham Young te imedyatman rasanble frè yo. Apre li eksplike sityasyon an epi raple yo alyans yo te fè nan tanp Nauvoo a ke pèsonn ki vle vini, kèlkeswa degree povrete li, pa t ap abandone dèyè, li te gba yo defi remakab sa:

Li te di "kounyeya se moman pou travay." "*Kite dife alyans la* ke nou te fè nan Kay Seyè a, limen nan kè nou, *tankou yon flam tèrib*" (Pou Gran Konsèy la nan Council Point, 27 Septanm 1846, Jounal Brigham Young, Depatman Achiv Istorik, Legliz Jezikri pou Sen dènye-jou yo, 1; italik yo ajoute). Nan kèk jou sèlman, nan plas kondisyon prèske dezespere nan Winter Quarters a, anpil kabwèt t ap woule soti nan lès ale lwès pou sove Sen yo nan kan mizerab yo bè Rivyè Misisipi a.

Nou souvan tande pale sou soufrans ak sakrifis Sen sa yo te andire, epi nou mande tèt nou, kijan yo te fèsa? Kisa ki te ba yo kalte fòs sa? Yon pati nan repons la chita nan pawòl puisan prezidan Young yo. Sen dènye yo nan epòk sa te fè alyans avèk Bondye, epi alyans sa yo te limen nan kè yo tankou yon flam tèrib.

Kèkfwa nou tante pou kite lavi nou gouvènè pa bagay fasil onan plas alyans. Li pa toujou fasil pou viv prensip yo nan levanjil la epi defann verite epi temwaye sou Retablisman an. Li adbitid pa fasil pou pataje levanjil la avèk lòt moun. Li pa toujou fasil pou reponn yon apèl nan legliz la, espesyalman yon ki fòse abilte nou yo. Opòtinite pou sèvi lòt moun fason ki bay rezilta, jan nou te fè alyans pou fè, raman vini nan moman apwopriye. Men pa gen okenn pouvwa espiyèl nan viv nan bagay fasil. Pouvwa vini lè nou kenbe alyans nou yo. Lè nou gade lavi premye Sen sa yo, nou wè ke alyans pa yo sete fòs debaz nan lavi yo. Egzanp yo ak temwayaj yo te puisan ase pou enfluyans pitit yo jenerasyon apre jenerasyon.

### Anseye timoun yo konsènan moralite

Lè pitit nou yo ap grandi, yo bezwen paran yo anseye yo enfòmasyon ki pi dirèk ak klè epi konsènan sa ki kòrèk oubyen pa kòrèk. Paran yo bezwen anseye timoun yo evite foto ak istwa pònografi nèt. Timoun yo ak jèn yo bezwen konnen apati paran yo ke pònografi sou kèlkeswa fòm nan se zouti malen an; epi si nenpòt moun fè pa chat avèk li, li gen pouvwa pou rann li depandan, dekonekte, epi menm detwi espri imen an. Yo bezwen jwenn ansèyman pou yo pa itilize langaj vilgè epi pa janm pran non Seyè a anven. Yo pa dwe janm repete blag sal yo te tande. Anseye manm fanmi an pou pa koute mizik ki selebre bagay sansyèl. Pale yo klèman konsènan sèks ak ansèyman nan levanjil la sou chastete. Pèmèt enfòmasyon sa soti apati paran yonan fwaye a nan yon fason apwopriye. Tout manm fanmi an bezwen konnen règ yo epi fòtifye espiyèlman konsa yo kapab kenbe yo. Epi lè yo fè erè, yo dwe konprann ak aksepte Ekspyasyon mèvèye Seyè a Jezikri konsa atavè pwosesis repantans konplè ki kèkfwa difisil, yo kapab jwenn padon ak espwa sanrete pou lavni. Nou pa dwe janm abandone efò endividyèl nou ak familyal pou lavi etènèl.

Malerezman, gen twòp paran nan mond jodia ki anbandone responsablite yo pou anseye valè sa yo ak lòt doktrin legliz la nan fanmi yo, ak kwayans ke lòt moun pral fè sa: kòlèg yo nan gwoup, nan lekòl, dirijan legliz la ak enstriktè yo, oubyen menm medya. Chak jou pitit nou yo ap aprann, ranpli kè yo ak panse avèk eksperyans ak obsèvasyon ki pwofondeman enfkiyanse sistèm valè pèsone yo.

### Fòtifye yon lòt kont mechanste

Frè ak sè yo, noubezwen enstwwi yonn lòt epi plate lafwa pi fon nan kè nou pou fòtifye tèt nou avèk kouraj pou kenbe kòmandman yo nan yon mond kote mechanste ak grandi san limit. Nou bezwen vin konvèti pi fon nan levanjil Kris la konsa dife alyans la paral limen nan kè nou tankou yon flam tèrib. Epi avèk kalte lafwa sa nou pral fè sa ki nesesè pou rete vrè ak diy.

### Kominike ouvètmàn avèk timoun yo

Dezyèman se kominikasyon. Anyen pa pi enpòtan nan relasyon ant manm fanmi an pase kominikasyon ouvè, onèt. Sa patikilyèman vrè pou paran yo k a eseye anseye pitit yo prensip ak valè moral yo nan levanjil la. Abilte pou pale avèk jèn nou yo—epi petèt pi enpòtan an, pou reyèlman tande enkyetid yo—se fondasyon pou bati relasyon ki gen siksè. Souvan sa nou wè nan je nou ak sa nou santi nan kè nou pral kominike pi byen lontan pase sa nou tande oubyen di. Yon pawòl pou nou timoun yo: Pa janm pèdi respè pou paran nou yo. Nou dwe toujou aprann

koute, espesyalman konsèy manmi ak papi nou ak pouse lespri a. Nou bezwen siveye epi sezi moman espesyal pou ansèyman yo ki rive san rete Andedan relasyon familyal nou yo, epi nou bezwen pran desizyon fèm pou fè sware familyal chak lendi swa.

Genyen moman pisan pou kominikasyon atravè-priyè familyal regilye epi atravè etid familyal nan ekriti yo. Ekriti yo pral ede defini valè ak objektif yo, epi pale ansam konsènan yo pral ede manm fanmi an aprann vin ansekite endividyèlman, espiritiyèlman fò, ak endepandan. Sa mande tan, epi nou dwe diskite ansanm konsènan kantite tan n ap pase nan sinema, videyo, jwèt sou videyo, sou Entènèt, oubyen aktivite andeyè fwaye a.

### **Paran yo ak dirijan yo ta dwe entèveni**

Twazyèmman se entèvensyon. Se devwa paran yo pou entèveni lè yo wè gen move desizyon k ap pran. Sa pa vle di pou paran retire don presye libabit timoun yo. Paske libabit se yon don Bondye bay, dènye chwa sou sa yo pral fè, kijan yo pral konpòte yo, epi kisa yo pral kwè pral toujou rete nan men yo. Men kòm paran nou bezwen asire n ke yo konprann atitid ak konsekans nòmal yo si yo pèsiste sou move wout yo a. Sonje, pa gen anyen ki tankou sanksyon enjistifye nan fwaye a. Sinema, revyi, televizyon, videyo, Entènèt, ak lòt medya yo la kòm envite epi nou ta dwe akeyi yo lè yo apwopriye pou distraksyon fanmi an. Fè fwaye ou tounen yon refij pou lapè ak jistis. Pa pèmèt move enfliyan kontamine pwòp anbyans espiritiyèl espesyal nou. Montre jantiyès, tandrès, atansyon, ak konsiderasyon nan sa nou di ak fason nou trete yonn lòt. Lèsa bi familyal yo ki baze sou prensip levanjil la pral rann li pi fasil pou pran bon desizyon.

Menm prensip sa aplike pou nou evèk yo, enstriktè yo, ak lòt dirijan yo nan legliz la lè n ap travay pou ede fanmi yo. Nou pa gen pou nou kanpe inaktif akote sila yo nou gen entandans sou yo ap fè move chwa moral. Lè yonn nan jèn nou yo kanpe nan yon kafou moral nan lavi a, prèske toujou gen yon moun—yon paran, yon dirijan, yon enstriktè—ki ka fè yon diferans nan antèveni avèk lanmou ak jantiyès.

### **Rete yon bon egzanp pou timoun yo**

Katriyèm se egzanp. Jis menmjan li difisil pou yon maren egare jwenn wout li sou yon lanmè ki pa

make san èd yon konpa, li prèske enposib pou timoun yo ak jèn yo jwenn wout yo atravè lanmè lavi a san limyè bon egzanp pou gide yo. Nou pa kapab atann ke yo evite bagay sa yo ki pa apwopriye yo si yo wè paran yo ap negosye prensip yo epi echwe nan viv levanjil la.

Kòm paran, enstriktè, ak dirijan, se devwa solanèl nou pou tabli yon egzanp pisan, pèsonèl sou fòs jis, kouraj, sakrifis, sèvis san egoyis, ak kontwòl tèt nou. Sa yo se karakteristik ki pral ede jèn nou yo kenbe ba fè levanjil la epi rete sou chemen dwat ak etwat la.

### **Viv levanjil la ede evite erè yo**

Mwen swete pou m ta ka di nou ke fokis sou enfòmasyon, kominikasyon, entvansyon, ak egzanp ap toujou pote kòm rezilta yon fanmi avèk timoun pafè ki pa p janm elwaye prensip yo nan levanjil la. Sa se pa konsa, malerezman. Men fanmi yo ki konnen, anseye, epi liv prensip ak valè moral yo pi fasil pou epaye tèt yo lapenn reè grav yo. Lè pratik kominikasyon pozitif ki la lontan ak bonjan egzanp reye, li pi fasil anpil pou pale yonn ak lòt konsènan pwoblèm pèsonèl yo epi travay pou pote chanjman nesesè yo ki pral beni chak manm fanmi an.

Koute konsèy enpòtan Wa Benjamen:

“M kapab di nou tout fason nou kapab fè peche; paske gen anpil fason ak mwayen, tèlman gen anpil m pa kapab konte yo.

“Men sèlman sa m kapab di nou, si nou pa veye tèt nou, ak panse nou yo, ak pawòl nou yo, ak aksyon nou yo, pou nou respekte kòmandman Bondye yo, e kontinye nan lafwa bagay nou te tandè konsènan vini Senyè nou an, menm jouk nan finisman vi nou, nou dwe peri. E kounyeya, O mesyedam sonje e pa peri” (Mozya 4:29–30).

Frè ak sè mwen yo, se pou Bondye beni nou chak pou dife alyans nou yo ka limen nan kè nou tankou yon flam tèrib. Se pou nou prepare espiritiyèlman pou renouvle alyans sakre nou yo chak semèn lè nou pran sentsèn nan. Ke nou pral onore Seyè a epi anvi fè pati pa nou nan pi gwo epòk estimilan sa yo, pou bati bati legliz li a nan fòtifye fanmi nou yo sa se enb priyè mwen.

Apati yon diskou Eldè Ballard nan konferans jeneral legliz la an Avril 1999 (gade Conference Report, Avril 1999, 111–15; oubyen *Ensign*, Me 1999, 85–87).

# PRIYÈ FAMILYAL, ETID EKRTI FAMILYAL, AK SWARE FAMILYAL

# 16

## LIDE POU APLIKASYON

---

Dapre pwòp bezwen ou ak sitiyasyon ou, suiv yonn oubyen toulede sigjesyon sa yo.

- Si ou fè priyè familyal regilye, etid ekrti familyal, ak sware familyal, nan lapriyè anvizaje fason ou ta ka amelyore yonn oubyen plis nan pozisyon sa yo. Si fanmi ou pa fè bagay sa yo, anvizaje kijan ou pral ede fanmi ou etabli aktivite sa yo nan fwaye ou.

- Kòm yon fanmi, planifye yon aktivite nou kapab fè ansanm. Anvizaje ale nan lide yo nan paj paj 265–340 nan *Liv Resous pou Sware Familyal* (31106).
- Repase matyè yo nan paj 137–39 nan *Anseye, Pa gen pi gwo apèl* (36123).

## PWOJÈ LÈKTI

---

Etidye atik sa yo. Si ou marye, li epi diskite atik sa yo avèk konjwen ou.

### BENEDIKSYON YO NAN PRIYÈ FAMILYAL

Prezidan Gordon B. Hinckley

Premye Konseye nan Premye Prezidans la

Apòt Pòl te deklare Timote:

“Mete sa byen nan tèt ou: nan dènye jou yo, tan an pral difisil anpil.

“Moun pral fè rayisab, y ap renmen lajan, y ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y ap pale Bondye mal, y ap dezobeyi papa ak manman yo, y ap engra, y ap san okenn respè pou bagay Bondye

“Kè yo ap di, y ap san pitye, y ap pale moun mal, y ap fè gwo kòlè, y ap brital, yo p ap vle wè sa ki byen menm,

“Ya mòde an trèt, ya fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestomak yo. Y ap pito plezi pase sèvis Bondye” (2 Timote 3:1–4).

Gen nesosite pou ensiste ankò sou onètete, karaktè ak entegrite nan epòk nou an. Se sèlman lè nou plante andedan fib lavi nou vèti yo ki se esans vrè sivilizasyon modèl epòk nou an pral chanje. Kesyon ki anfas nou se, poukisa nou pral kòmanse?

Mwen kontan ke sa dwe kòmanse avèk rekonesans pou Bondye kòm Papa Etènèl nou, relasyon nou ak li kòm pitit li, avèk kominikasyon ak li an rekonesans pou pozisyon siprèm li, epi avèk siplikasyon chak jou pou gidans nan aktivite nou yo.

Mwen pwopoze ke yon retou nan ansyen abitud priyè, priyè familyal nan fwaye moun yo, se yonn nan medikaman debaz pou ta kontwole yon maladi grav k ap wonje sosyete nou an. Nou pa kapab atann

yon mirak nan yon jou, men nan yo n jenerasyon nou t aka gen yon mirak.

Sa gen yonn oubyen de jenerasyon, priyè familyal nan fwaye pèp kretyen nou an atravè mond la se yon gwo pati nan aktivite chak jou menmjan manje te ye. Pandan pratik sa te diminye, dekadans moral Apòt Pòl te pale a te rive.

Mwen kontan ke pa genyen okenn ranplasan kòrèk pou abitud mete ajenou maten ak aswè ansanm—papa, manman, ak pitit. Sa, pi plis pase kapèt swa, plisa pase bèl dra bwode, plis pase bèl melanj koulè, se bagay ki pral amelyore fwaye yo epi fè yo pi bèl.

Genyen yon bagay nan pozisyon ajenou an ki se kontrè atitud Pòl te deklare: “ògeye, . . . antete, pretansye.”

Genyen yon bagay nan abitud eksepsyonèl pou papa ak manman ak pitit yo ajenou ansanm ki efase lòt pratik li te deklare: “dezobeyisan pou paran yo, . . . san afeksyon natirèl.”

Genyen yon bagay nan lè nou pale avèk Divinite a ki kontrebalanse yon tandans nan sans blasfèm ak vin renmen plezi plis pase renmen Bondye.

Tandans pou vin irelijye, jan Pòl et deklare li a, pou vin engra, efase lè manm fanmi yo ansanm remèsye Seyè a pou lavi ak lapè ak tout sa yo genyen. Epi lè yo remèsye Seyè a yonn pou lòt, andedan fanmi an yon apresyasyon tounèf, yon respè tounèf, yon afeksyon tounèf devlope yonn pou lòt.

Ekrti yo deklare: “Nou dwe remèsye Senyè Bondye nou an nan tout bagay” (D&AC 59:7). Epi ankò: “Epi lòm pa ofanse Bondye nan anyen, oubyen kòlè



Bondye pa limen kont okenn moun, eksepte moun ki pa konfese men l nan tout bagay” (D&A 59:21).

Nan sonje ansanm pòv la, nesesite a, ak oprime a devan Seyè a, genyen yon lanmou san rann kont men reyèl ki devlope pou lòt moun anplis tèt nou, yon respè pou lòt moun, yon dezi pou sèvi lòt moun nan bezwen yo. Yon moun pa kapab mande Bondye pou ede pwochen li nan deters san li pa santi motivasyon pou fè yon bagay limenm pou ede pwochen sa. Ala mirak ki t ap rive nan lavi timoun yo nan mond la si yo te mete akote pwòp egoyis yo epi pèdi tèt yo nan sèvis lòt moun. Grenn ki t ap donner asistans sa ak pyebwa chaje fwi sa pi byen plante ak kiltive nan siplikasyon yo chak jou nan fanmi an.

Mwen pa konnen okenn pi bon mwayen pou devlope lanmou pou peyi a pase pou paran yo priye devan pitit yo pou è kote yo ap viv la, envoke benediksyon Toupuisan an sou li pou li ka prezève nan libète ak nan lapè. Mwne pa konnen okenn pi bon mwayen pou bati andedan kè pitit nou yo yon respè pou otorite ki nesèsè anpil pase sonje nan siplikasyon fanmi an chak jou dirijan peyi pa nou ki pote fado gouvènman an.

Mwen sonje m te wè yon gwo pannkat ak deklarasyon sa sou li , “Yon nasyon k ap priye se yon nasyon ki gen lapè.” Mwen kwè sa.

Mwen pa konnen anyen ki pral bese tansyon nan fanmi yo, ki nan yon fason delika pral kreye respè pou paran ki mennen nan obeyisans, ki pral afekte espri repantans ki pral efase lafliksyon fwaye brize yo, pase priye ansanm, konfee feblès ansanm devan Seyè a, epi envoke benediksyon Seyè a sou fwaye a ak sila yo ki demere ladan.

Mwen te enpresyone anpil pa yon deklarasyon yon nonm ki mouri lontan te fè. James H. Moyle te ekri pititpitit li yo konsènan priyè familyal nan pwòp fanmi li . Li te di: “Nou pa te al kouche anvan nou ajenou nan priyè pou sipliye gidans ak apwobasyon diven. Diferans ka leve nan fanmi ki pi byen gouvène a, men yo pral fonn pa . . . espri priyè a . . . Sikolojikman palan sa gen tandans pou ankouraje lavi pi jis nan mitan lezòm. Sa ale nan sans inite, lanmou, padon, sèvis.”

An 1872 Kolonèl Thomas L. Kane, gwo zanmi pèp nou an nan epòk deters li nan Ayowa ak nan moman lame a te rive nan vale Salt Lake la, te retounen nan lwès la avèk madanm li ak de pitit gason. Yo te vwayaje ale St. George avèk Brigham Young, rete chak swa nan fwaye manm legliz yo sou tout

wout la. Madan Kane te ekri papa li nan Filadelfi yon seri lèt. Nan yonn nan yo li te di:

“Nan chak grenn kote nou te rete nan vwayaj sa nou te gen priyè imedyatman apre dine ak soupe, epi priyè ankò apre dejene. Pa te gen eskiz pou pèsonn. . . . Mòmou yo . . . ajenou ansanm, pandan chèf fanmi an, oubyen yon envite donè priye byen fò. . . . Yo pa pèdi anpil tan nan declare kalifikatif Bondye yo, men mande sa yo bezwen, epi remèsye li pou sa li te ba yo. . . . [Yo] konnen se garanti Bondye konenn ti non jwèt ak tit nou yo, epi yo itilize [non yon moun an patikilye] pou mande benediksyon pou li, . . . mwen te renmen sa lè m te fin abitye ak li .”

O, se pou nou kòm pèp ka kiltive abitud sa, ki te tèlman gen anpil enpòtans pou paran pyonye nou yo, nèt ale. Priyè familyal sete yon pati nan adorasyon yo menmjan ak reyinyon yo asiste nan tabènsk la. Avèk lafwa ki soti nan envokasyon chak jou sa yo, yo te netwaye teren an, dirije dlo a nan tè sèch la, fè dezè fleri,<sup>69</sup> gouvène fanmi yo nan lanmou, viv nan lapè yonn ak lò, epi rann non yo imòtèl lè yo pèdi tèt yo nan sèvis pou Bondye.

Fanmi an se inite debaz sosyete a. Priyè familyal se espwa pou yon pi bon sosyete. “Chèche Seyè a pandan li twouvab” (Ezayi 55:6).

Eske nou kapab fè fwaye nou yo pi bèl? Wi, nan adrese nou kòm fanmi ak Sous tout vrè bote nèt la. Eske nou kapab fòtifye sosyete a epi rann li yon pi bon plas kote pou viv? Wi, nan fòtifye vèti nan yon lavi familyal nan ajenou ansanm epi sipliye Toupuisan an nan non pitit gason Byenneme li a.

Pratik sa, yon retou nan adorasyon familyal, ki gaye atravè tout peyi a epi sou mond la, t ap nan yon jenerasyon lrvr pifò nan lafliksyon k ap detwi nou. Li t ap retabli entegrite, respè yonn pou lòt, ak yon espri rekonesans nan kè pèp la.

Mèt la te deklare, “Mande, epi y ap ba nou, chèche, epi n ap jwenn; frape, epi y ap ouvè pou nou “ (Matye 7:7).

Mwen ba nou temwayaj mwen ke si nou sensèman aplike priyè familyal, nou p ap rete san rekonpans. Chanjaman yo ka pa evidan rapid. Yo ka ekstrèman delika. Men yo pral reyèl, paske Bondye “bay rekonpans pou moun ki chèche li “ (Ebre 11:6).

Se pou nou fidèl nan tabli yon egzanp devan mond la nan pratik sa ak nan ankouraje lòt moun fè menmjan.

Apati *Ensign* Fevriye 1991, paj 2-5.

## “SE POUTÈT SA M TE JWENN ANSÈYMAN”

Eldè L. Tom Perry  
Nan Kowòm Douz Apot yo

### Bon paran yo

Liv Mòmon an kòmanse avèk pawòl sa yo: “Mwen menm Nefi, mwen te gen bon paran, se poutèt sa, m te jwenn ansèyman sou tout syans papa m” (1 Nefi 1:1). Ala diferans sa tap fè si jounal pèsònèl chak nan pitit Papa nou ki nan syèl la te kapab kòmanse avèyon senp fraz—paske mwen te gen bon paran epi anseye pa yo.

N ap viv nan yon moman espesyal nan listwa, yon moman kote levanjil Seyè te retabli nan plenitud li. Fòs misyonè nou ap ogmante nan kalite ak nan kantite; konsa, levanjil la ap anseye nan plis lang pou plis nasyon epi pou yon kantite zòrèy k ap koute pi gwo pase nenpòt lè anvan. Pandan pawas ak pye ap tabli nan pi fò kote nan mond la, sèvo kreyatif yo resevwa enspirasyon pou devlope enstri-man kominikasyon ki ka pote enstriksyon pwofèt yo nan zòrèy anpil, anpil moun. Bòn nouvèl levanjil lal kapab kounyeya gaye pi rapid pou pote espwa lapè pou tout tan nan kè limanite.

### Lavi familyal an kriz

Yonn nan pi gwo mesaj nan levanjil la se doktrin sou nati etènèl selil familyal la. Nou deklare pou mond la valè ak enpòtans lavi a, men pifò nan konfizyon ak difikilte nou jwenn ki egziste nan mond la jodia gen pou wè ak deteryorasyon fanmi an. Eksperyans fwaye kote timoun yo jwenn ansèyman ak fòmasyon ak paran ki renmen yo ap diminye.

Lavi familyal kote pitit ak paran yo kominike ansanm nan etidye, jwe, ak travay te ranplase pa yon dine nan maykwowév, rapid, pèsònèl ak yon sware devan yon ekran televizyon. An 1991 Asosyasyon nasyonal tout Konte yo, nan reyinyon nan Salt Lake City, te panse ke sou absans enfliyans fwaye a te atenn yon nivo kote li tounen yon kriz nan nasyon nou an epi te pase tan nan reyinyon yo a nan diskisyon sou enkyetid yo. Yo te idantifye senk konsèy debaz ki ta ka ogmante chans chak fanmi pou reyisi.

Premyeman, fòtifye relasyon yo atravè aktivite familyal yo; dezyèmman, tabli règ ak atannt rezonab; twazyèmman, bati konfyans nan tèt nou; katyèmman, tabli objektif ki prenab; epi senkyèmman, peryodikman evalye fòs ak bezwen fanmi an.

Sanzatann vwa avètisman pwofèt nou yo depi nan premye kòmansman tan yo gen yon siyifikasyon espesyal. Jan nou te jwenn konsèy ak ankourajman,

nou dwe atantif pou pwòp fanmi nou epi akselere nan efò misyonè pou pote lòt moun fè konesans verite ak enpòtans selil familyal la.

### Adan ak Ev aprann devwa yo kòm paran

Depi nan kòmansman an, enstriksyon Seyè sa a pou Adan ak Ev te rann responsablite yo kòm paran klè. Wòl yo te byen defini. Apre yo te fin resevwa enstriksyon nan men Seyè a, nou jwenn yo te suiv konsèy li epi di konsa:

“Epi jou sa a, Adan te beni Bondye epi l te ranpli, epi l te kòmanse pwofetize konsènan tout fanmi sou tè a, li te di konsa: Se pou non Bondye beni, paske poutèt transgresyon m nan, je m louvri, epi m ap gen lajwa nan lavi sa a, epi ankò nan kò fizik la, m pral wè Bondye.

“Epi Ev, madanm li te tande tout bagay sa yo epi l te kontan, li te di: si se pa t transgresyon nou an, nou pa t ap janm gen desandan, epi nou pa t ap janm konnen byen ak mal, ak lajwa redanmsyon nou an, ak lavi etènèl Bondye bay tout moun ki obeyisan yo.

“Epi Adan ak Ev te beni non Bondye, epi yo te fè tout pitit gason ak pitit fi yo konnen tout bagay.” (Moyiz 5:10–12).

### Anseye ak fòm timoun yo

Wi, depi nan premye kòmansman an, responsablite paran yo pou anseye piti t yo et pami enstriksyon Seyè a te bay premye paran terès nou yo.

Revelasyon ki resevwa lè legliz la te retabli nan epòk nou an te ba paran yo avètisman sou obligasyon yo pou anseye ak fòm pitit yo. Nan seksyon katrentrez nan Doktrin ak Alyans, nou jwenn Seyè a repwoche kgk nan frè yo paske yo pa te peye atansyon ak responsablite familyal yo. Ekriti yo di:

“Men m kòmande w pou ou leve pitit ou yo nan limyè ak verite. . . .

“Ou pa anseye pitit ou yo limyè ak verite, dapre kòmandman an; epi mechan sa a gen pouvwa, toujou, sou ou, epi se kòz afliksyon ou la.

“Epi kounyeya m ba ou yon kòmandman—si w delivre, ou dwe mete pwòp kay pa w nan lòd, paske gen anpil bagay ki pa nan lòd lakay pa w.” (D&A 93:40, 42–43).

### Enpòtans sware familyal

Sa gen anpil ane legliz la te bay tout paran yo avètisman pou yo te fè sware familyal chak semèn. Jodia menm avètisman sa te vin yon tradisyon nan fwaye manm yo nan legliz la. Lendi swa te rezève kòm yon swa pou fanmi yo reyini ansanm. Nou pa dwe sipòte okenn aktivite sosyal oubyen nan legliz la jou swa sa.

Nou te gen pwomès gwo benediksyon si fanmi nou yo te fidèl nan bagay sa.

Prezidan Harold B. Lee te konseye nou yon fwa:

“Kounyeya sonje sa; ke lè nou konprann dimansyon misyon Eli a nèt, ke kè pitit yo pral tounen kote papa yo, epi papa pou pitit yo.”<sup>72</sup> Sa aplike jis menmjan an sou bò vwal sa ak sou lòt bò vwal la. Si nou neglije fanmi nou yo isit la nan fè sware famiyal epi nou echwe nan responsablite nou isit la, kijan syèl la sanble si nou ta pèdi kèk nan moun sa yo akòz neglijan nou? Syèl la pa t ap janm syèl jis-tan nou fè tout bagay nou kapab pou sove sila yo Seyè a te voye nan liyaj nou.”

Après li te kontinye:

“Konsa, kè papa yo ak manman yo dwe tounen kote pitit yo *kounyeya menm*, si nou gen vrè espri Eli a, epi pa panse ke li aplike senpleman pou sila yo ki sou lòt bò vwal la. Kite kè nou tounen kote pitit nou yo, epi anseye pitit nou yo; men nou dwe fè sa lè yo jèn ase pou yo resevwa enstriksyon an. Epi si nou neglije sware famiyal nou, nou neglije kòmansman misyon Eli a jis asireman menmjan nou neglije travay rechèch jenedyoloji nou” (nan *Pwogram Etid Sosyete sekou, 1977–78* [1977], 2; italik yo ajoute).

Mwen souvan reflechi sou moman kè kontan nou te genyen lè fanmi nou te jèn epi pitit nou yo te nan fwaye a. Menw te repase mantalman epòk sa yo epi anvizaje chanjman yo mwen t ap fè nan òganizasyon administrasyon famiyal nou si nou te gen opòtinite pou vivi peryòd sa ankò. Genyen de domèn mwen te detèmine pou amelyoresi mwen te jwenn privilèj sa pou genyen jèn timoun yo nan fwaye nou yon lòt fwa.

Premye se t ap pase plis tan kòm mari ak madanm nan reyinyon komite egzekitif fanmi an pou aprann, kominike, planifye, epi òganize pou pi byen ranpli wòl nou yo kòm paran.

Dezyèm mwen swete, si mwen te ka genyen ane sa yo ankò, mwen t ap pase plis tan ak fanmi an.. Sa enkli sware famiyal pi konsisatan a, pi enteresan.

### Jèn yo kontribye nan siksè

Tout fado planifikasyon ak preparasyon pou sware famiyal la pa ta dwe repoze sou paran sèlman.. Sa yo ki gen plis siksè mwen te temwen se lè jèn yo nan fanmi an patisipe aktivman.

Mwen mande nou gwo dyak, enstriktè, ak prèt yo, nou tifi Eglantin, Abèy, ak Loreyòl yo pou pote gwo kontribisyon nan siksè sware famiyal nan fanmi nou. Nan anpil fwaye nou kapab tounen bawomèt fanmi an. Finalman, nou gen plis pou tire nan eksperyans sa. Si nou vle viv nan yon mond lapè, sekirite, ak opòtinite, fanmi an nou pote kontribisyon

ladan an kapab ajoute nan byennèt, wi, menm pou mond la nèt.

Mwen sonje yon egzanp sou sa ki te rive yon ane nan sezon Nwèl lè nou te sòti avèk pititpitit nou yo. Nan bi pou nou te gen yon bon eksperyans reyini ansanm, nou te fè aranjman pou yon venn pou vwayaje ansanm. Nan venn nan te genyen granpapa ak granmè ak pitit gason mwen ak twa pi gran timoun. Madanm pitit gason mwen an te rete nan fwaye a avèk manm fanmi an ki pi jèn yo . Se te tou pa mwen pou m te kondi, epi madanm mwen te chita akote tankou moun pou montre wout la. Depi plas dèyè nan venn nan, mwenw te tandè Audrey, pi gran nantimoun yo, ap pale avèk papa li. Li te di, “Papi, yonn nan objektif nou pou ane sa sete fini liv Mòmnan nan etid famiyal nou. Sa se dènye jou nan ane a. Poukisa nou pa konplete li kounyeya konsa n ap akonpli plan an?”

Ala yon eksperyans espesyal sa te ye pou tandè piti gason mwen ak twa pitit li, yonn apre lòt k ap li fò dènye chapit yo nan Mowoni epi konplete objektif pou li tout liv Mòmnan an. Sonje, sete yon jèn fi ki te fè sigjesyon an, se pa te yonn nan paran yo.

### Defi pou jèn yo

Nou se yon jenerasyon chwazi—rezève pou yon moman espesyal nan istwa limonite. Nou tèlman gen anpil bagay pou ajoute nan kwasans ak devlopman fanmi yo nou manm ladan yo. Mwen ba nou defi pou fè yon pa annavan nan selil famiyal yo avèk espri espesyal, antouzyas sa nan jenès nou pou fè levanjil la reyèlman vivan nan fwate nou yo. Sonje konsè prezidan Joseph F. Smith lè li te di:

“Mwen ta renmen pitit mwen yo, tout pitit mwen yo nan Siyon, konnen ke pa gen anyen nan mond sa ki gen plis valè pou yo pase konesans levanjil la jan li te retabli sou tè a nan dènye jou sa yo atravè pwofèt Joseph Smith. Pa gen anyen ki ka ranplase si nou pèdi l. Pa gen anyen sou tè a ki ka konpare avèk jan sa bèl pou konnen Jezikri. Se poutèt sa, se pou tout paran yo nan Siyon rele dèyè pitit yo, epi anseye yo prensip levanjil yo, epi fè efò pou yo kapab pi byen fè devwa yo—pa mekanikman, paske yo mande nou pou fè sa, men eseye plante nan kè timoun yo espri verite a ak yon lanmou etènèl pou levanjil la, pou yo ka fè devwa yo nonsèlman paske li amizan pou paran yo, men paske li amizan tou pou yomenm”<sup>73</sup> (nan Brian H. Stuy, konpilasyon., *Collected Discourses Delivered by President Wilford Woodruff, His Two Counselors, the Twelve Apostles, and Others*, 5 volim [1987–92], 5:436).

### Revitalize sware famiyal

Sware famiyal se pou tout moun, kit se nan yon fwaye ak de paran, yon fwaye paran selibatè, oubyen

selil familyal ak yon grenn manm. Enstriktè nan fwaye yo, nou mande nou pou ankouraje epi revitalize reyinyon sware familyal yo nan vizit regilye nou yo.

Pwofèt aktyèl nou an, prezidan Ezra Taft Benson, te raple nou ankò nesosite pou fè sware familyal ak engredyan ki asire siksè li. Li te di:

“Planifye pou fòtifye epi sekirize fanmi a, pwogram sware familyal pou [fanmi] legliz la tabli yon aswè chak semèn pou mete apa pou papa ak manman rasanble avèk pitit gason ak pitit fi yo nan fwaye a. Yo ofri priyè, chante kantik, li ekriti yo, diskitye bagayfanmi an, yo demontre talan, yo anseye prensip yo nan levanjil la, epi souvan yo jwe jwèt ak sèvi yon goute ki prepare lakay la” (nan Conference Report, Philippine Islands Area Conference 1975, 10).

Se espwa mwen ke chak nan nou ka ekri sigjesyon sa yo pwofèt la te fè sou kisa sware familyal lal ta dwe gen ladan.

Après li kontinye: “Kounyeya, men benediksyon pwofèt Bondye a te fè pou sila yo ki fè sware familyal nan [fanmi] yo chak semèn: ‘Si Sen yo obeyi

konsèy sa, nou pwomèt ke gwo benediksyon pral rive. Lanmou nan fwaye ak obeyisanspou paran yo pral ogmante. Lafwa pral devlope nan kè jèn nan Izrayèl yo, epi yo pral jwenn pouvwa pou konbat move enfliyans ak tantasyon ki anvayi yo’ (nan Conference Report, Philippine Islands Area Conference 1975, 10; gade tou *Improvement Era*, Jen 1915, 734).

Nou ankouraje chak nan nou suiv konsèy pwofèt nou an. Nan tout selil familyal yo atravè mond la, evalye ankò pwogrè nou te fè nan fè sware familyal regilye. Aplikasyon pwogram sa se pral yon boukliye ak yon pwoteksyon pou nou kont kalamite yo nan epòk nou an epi pral pote pou nou, endividyèlman ak kolèktivman, plis lajwa an abondans kounyeya ak nan letènite yo apresà.

Se pou Bondye beni nou pou nou ka revitalize ak fòtifye pwogram enpòtan sa lè nou pale ansanm kòm manm yon fanmi.

Apati yon diskou Eldè Perry nan konferans jeneral legliz la an Avril 1994 (gade Conference Report, Avril 1994, 47–51; oubyen *Ensign*, Me 1994, 36–38).



LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

